

**UNDHA USUK BASA JAWI WONTEN ING SERAT PEDHALANGAN
LAMPAHAN KRESNA DUTA**

SKRIPSI

Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening:

Doni Dwi Hartanto

NIM 10205241069

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
MARET 2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Serat
Pedhalangan Lampahan Kresna Duta*” menika sampun dipunsarujuki dening
dosen pembimbing kangge dipunuji.



Yogyakarta, 27 Februari 2014
Pembimbing I

Drs. Mulyana, M.Hum.

NIP 19661003 199203 1 002

Yogyakarta, 27 Februari 2014
Pembimbing II



Avi Meilawati, M.A.

NIP 19830502 200912 2 003

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta* menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran ing sangajengipun Dewan Penguji ing surya kaping 14 Maret 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Nama	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Ketua Penguji		20 Maret 2014
Avi Meilawati, M.A.	Sekretaris Penguji		19 Maret 2014
Prof. Dr. Endang N., M.Hum.	Penguji I		19 Maret 2014
Drs. Mulyana M.Hum.	Penguji II		19 Maret 2014

Yogyakarta, 20 Maret 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,




Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:


Nama : **Doni Dwi Hartanto**
NIM : 10205241069
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening panaliti sanes, kejawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet dados sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan wonten ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, prekawis menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 26 Februari 2014

Panyerat,



Doni Dwi Hartanto

SESANTI

Manembah Rasaning Arum kang Manunggal

Rahayuning Manungsa karana Kamanungsane
(Sri Sultan HB IX)

Amemangun Karyenak Tyasing Sasama
(Serat Wedhatama Pupuh Sinom)

Lakonana Lelakon iku kanthi Laku
(Panyerat)

PISUNGSUNG

Raos sukur konjuk wonten ing ngarsanipun Ida Sang Hyang Widhi Wasa ingkang
tansah paring aruming sekar kabagyan. Panaliten menika minangka pisungsung
dhumateng Bapak saha Ibu kula ingkang tansah paring pandonga,
panyengkuyung, katresnan ingkang boten winates saha pambiyantu wiwit purwa
dumugi wasana.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng ngarsanipun Ida Sang Hyang Widhi Wasa ingkang sampun paring kasarasan, satemah panyerat saged mujudaken skripsi kanthi irah-irahan “Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta” kanthi lancar boten wonten pepalang satunggal menapa. Skripsi menika dipunserat supados saged nambah seserepan dhumateng para maos ngengingi unggah unggah basa, mliginipun Basa Jawi.

Seratan skripsi menika saged kawujud awit panyengkuyung saking sedaya wiwit purwa dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos bombonging manah, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:


1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge damel skripsi menika;
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nindakaken panaliten;
3. Bapak Drs. Mulyana, M.Hum., minangka Pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana;
4. Ibu Avi Meilawati, M.A., minangka Pembimbing II ingkang sampun paring bimbingan, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana;
5. Ibu Nurhidayati, M.Hum., minangka Dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring pitutur saha wewarah ing sadangunipun kuliah;
6. sedaya Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya ngelmu ingkang mumpangat;
7. staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya pambiyantunipun;
8. Tiyang sepuh kekalih ingkang boten nate kendhat paring pandonga, panyengkuyung saha katresnanipun;

9. ingkang raka (Mas Dani), rayi kula kekalih (Niken saha Sari) saha kaluwarga ageng (Lik Made, Lik Ida, Om Koko) ingkang tansah paring panjurung saha pambiyantunipun;
10. Lik Gatot sakulawarga ingkang tansah paring pambiyantu, matur nuwun sampun dipunparingi papan sadangunipun kuliah;
11. Adilia, sedaya kanca Sanggar Sastra Semar Budja, Tim Futsal Kelas B 2010, awit saking panjurung, pangertosan, saha pambiyantunipun;
12. sedaya kanca Pendidikan Bahasa Jawa 2010 mliginipun kelas B awit saking panjurung saha pambiyantunipun;
13. kanca-kanca KKN-PPL UNY wonten ing SMP N 2 Depok awit saking panjurungipun;
14. sedaya ingkang sampun paring pambiyantu saengga skripsi menika saged paripurna ingkang boten saged dipunsebutaken sedaya.

Panyerat rumaos bilih skripsi menika taksih tebih saking tembung sampurna, pramila panyaruwe saha pamrayogi saking sedayanipun tansah katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 26 Februari 2014

Panyerat,



Doni Dwi Hartanto

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACA.....	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR TABEL	xii
DAFTAR LAMPIRAN	xiii
DAFTAR CEKAKAN.....	xiv
SARINING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA.....	 1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prekawis	4
C. Watesaning Prekawis	4
D. Wosing Prekawis.....	4
E. Ancasing Panaliten.....	5
F. Paedahing Panaliten	5
G. Pangertosan	5
 BAB II GEGARAN TEORI	 7
A. Landhesan Teori.....	7
1. Sociolinguistik.....	7
2. <i>Variasi</i> Basa	9
3. Undha Usuk	10
a. Basa Ngoko.....	12

1) Ngoko Lugu	13
2) Ngoko Andhap	14
a) Antya Basa	15
b) Basa Antya	16
b. Basa Madya	17
1) Madya Ngoko	17
2) Madyantara	18
3) Madya Krama	19
c. Basa Krama	21
1) Mudha Krama	21
2) Kramantara	22
3) Wredha Krama	23
d. Krama Inggil	24
e. Basa Kedhaton	25
f. Krama Desa	26
g. Basa Kasar	27
h. Basa Kadewatan	28
4. <i>Komponen</i> T tutur	29
B. Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta	31
1. Ringkesan Cariyos Lampahan Kresna Duta	31
C. Panaliten ingkang Jumbuh	32
D. Nalaring Pikir	34
BAB III CARA PANALITEN	36
A. Jinising Panaliten	36
B. <i>Data</i> saha Sumber <i>Data</i> Panaliten	36
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	37
D. Pirantining Panaliten	37
E. Cara Nganalisis <i>Data</i>	38
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	39

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN.....	41
A. Asiling Panaliten	41
B. Pirembaganipun	62
1. Jinisipun Undha Usuk saha Prekawis ingkang Ndayani.....	63
a. Ngoko Lugu	63
b. Antya Basa	71
c. Basa Antya	77
d. Madya Ngoko.....	84
e. Madya Krama.....	91
f. Kramantara.....	99
g. Wredha Krama	101
h. Mudha Krama	105
i. Krama Inggil	111
j. Basa Kedhaton	118
k. Basa Kasar	122
l. Basa Kadewatan.....	127
 BAB V PANUTUP	
A. Dudutan.....	134
B. <i>Implikasi</i>	135
C. Pamrayogi	136
 KAPUSTAKAN.....	137
 LAMPIRAN.....	139

DAFTAR TABEL

	Kaca	
Tabel 1	: Tuladha Kertu <i>Data</i>	38
Tabel 2	: Jinisipun Undha Usuk saha Prekawis ingkang Ndayani Panganggening Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta.....	42

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran : Analisis <i>Data</i> Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta	139

DAFTAR CEKAKAN

A	: <i>Act sequences</i>
DL	: <i>Data Lampiran</i>
E	: <i>Ends</i>
G	: <i>Genres</i>
I	: <i>Instrumentalities</i>
K	: <i>Keys</i>
N	: <i>Norms</i>
P	: <i>Participants</i>
S	: <i>Setting and Scene</i>

UNDHA USUK BASA JAWI WONTEN ING SERAT PEDHALANGAN LAMPAHAN KRESNA DUTA

dening

Doni Dwi Hartanto
NIM 10205241069

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas saperlu ngandharaken jinisipun undha usuk basa Jawi saha prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Lampahan Kresna Duta saged dipundadosaken tuladha panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing padintenan.

Jinis panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif*. *Data* panaliten menika awujud ukara-ukara ingkang nedahaken panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak sarta kertu *data* kangge biyantu mendhet *data*. *Data* dipunkempalaken kanthi *teknik* maos saha *teknik* cathet, lajeng dipunlebetaken wonten ing kertu *data* saperlu dipunanalisis kanthi *deskriptif*. Caranipun ngesahaken *data* lumantar *validitas* saking lelimbangan ahli, saha *reliabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika: (1) jinisipun undha usuk basa Jawi, inggih menika; (a) Ngoko Lugu, (b) Antya Basa, (c) Basa Antya, (d) Madya Ngoko, (e) Madya Krama, (f) Kramantara, (g) Wredha Krama, (h) Mudha Krama, (i) Krama Inggil, (j) Basa Kedhaton, (k) Basa Kasar, sarta (l) Basa Kadewatan; (2) prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Lampahan Kresna Duta, inggih menika; (a) kawontenan pirembagan resmi menapa dene boten resmi, (b) *hubungan* raket antawising panutur kaliyan mitra tutur, yuswa, drajat, pangkat, saha status sosial, (c) ancasipun tuturan, (d) ukaranipun tuturan, (e) trapsila micantenan, (f) raos manahipun paraga dhateng mitra tutur, sarta (g) unggah ungguh basa panutur ingkang boten sae. Wonten ing panaliten menika ugi kapanggihaken tetembungan ingkang mligi dipunginakaken wonten ing pewayangan Jawi, saha panganggening jinis undha usuk ingkang boten tetep dening panyerat.

Pamijining tembung: *Undha usuk basa Jawi, Serat Pedhalangan, Lampahan Kresna Duta.*

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka pirantos ingkang dipunginakaken dening masyarakat saperlu nindakaken komunikasi kaliyan tiyang sanes, kejawi pirantos komunikasi sanes kadosta, gambar lan isyarat. Basa ugi minangka salah satunggaling tandha kangge bedakaken antawisipun tiyang satunggal saha sanesipun. Basa saged biyantu manungsa saperlu ngandharaken pamanggihipun, saha kangge nindakaken komunikasi wonten ing lingkungan masyarakat.

Basa Jawi minangka salah satunggaling basa daerah ingkang dumugi sakmenika taksih dipunuri-uri saha dipunlestantunaken wonten ing salabeting masyarakat Jawi. Minangka basa ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan masyarakat Jawi, basa Jawi gadhah *tingkat tutur* basa utawi undha usuk basa ingkang jangkep. Ragam basa satunggal kaliyan basa sanesipun saged dipunbedakaken kanthi tumindak saha solah bawa saking panutur dhateng mitra tuturipun. Panganggening basa Jawi wonten ing padintenan sakmenika, saged kagolongaken dados kalih jinis, inggih menika basa ngoko saha basa krama, ingkang gadhah unggahungguh ingkang beda. Panganggening undha usuk wonten ing masyarakat Jawi kagolongaken adhedhasar tingkatan, yuswa, pedamelan, pendidikan, keturunan, kasugihan lan sanes-sanesipun.

Kejawi wonten ing padintenan, panganggening undha usuk basa Jawi ugi kapanggihaken wonten ing maneka karya sastra. Salah satunggalipun wonten ing serat pedhalangan. Wonten ing masyarakat Jawi, serat pedhalangan asring

migunakaken undha usuk basa, mliginipun wonten ing lampahan-lampahan pedhalangan.

Panganggening undha usuk basa ingkang kamot wonten ing serat pedhalangan ingkang badhe katliti inggih menika panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing lampahan Kresna Duta. Lampahan Kresna Duta kapilih amargi menawi dipunpremati, Lampahan Kresna Duta menika ngamot panganggening undha usuk basa Jawi ingkang maneka kathah, kados dene panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing padintenan.

Tuladha panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta:

Prabu Kresna

“*Eyang, keparenga ingkang wayah nyambeti dhateng pangandikanipun yayi aji, Eyang.*”

Prabu Matswapati

“*Putu Prabu Kresna, pun eyang lilani putu Prabu Kresna nedya ngrewangi madhangake reruwet iki.*”

Prabu Kresna kaprenah langkung enem tinimbang Prabu Matswapati, dene kekalihipun sami-sami minangka ratu agung. Miturut unggah ungguh panganggening basa, Prabu Kresna kedah migunakaken undha usuk mudha krama dene Prabu Matswapati saged migunakaken undha usuk ngoko menapa dene madya. Saking pacelathon menika saged katingal bilih Prabu Kresna migunakaken basa mudha krama. Tetengeripun Prabu Kresna migunakaken basa krama kawuwuhan tembung krama inggil, inggih menika tembung ‘keparengan’, saha ‘pangandikanipun’. Tembung ‘eyang’ saha ‘ingkang wayah’ dipunginakaken saperlu ngormati Prabu Matswapati ingkang langkung sepuh. Prabu Matswapati

anggenipun micanten dhateng Prabu Kresna migunakaken basa ngoko andhap (antya basa). Tetengeripun, basanipun ngoko, ‘ngrewangi madhangake reruwet iki’, kawuwuhan tembung krama inggil, ‘pun eyang’, ‘nedya’. Tembung ‘putu Prabu Kresna’ dipunginakaken saperlu ngormati dhateng Prabu Kresna minangka ratu ingkang inggil drajatipun.

Saking Lampahan Kresna Duta ugi saged kapendhet budi pekerti kejawi panganggening undha usuk basa, amargi lampahan menika ngamot pekerti moral, pitutur saha pituladan kautaman ingkang saged dipundadosaken tuladha tumrap pagesangan saben dintenipun.

Undha usuk basa wigati dipunrembag, amargi jaman sakmenika tiyang enem kathah ingkang boten mangertos babagan panganggening undha usuk basa ingkang leres, saengga migunakaken tetembungan ingkang lepat nalika wawan ginem kaliyan tiyang sanes. Panganggening undha usuk basa wonten ing pasrawunga namung kangge pakurmatan kemawon, ananging menawi wonten ing wayang, kejawi kangge pakurmatan ugi kangge nedahaken strata sosial masyrakat. Saking andharan menika, dipunbetahaken tuladha-tuladha panganggening undha usuk basa Jawi ingkang saged dipundadosaken tuladha supados boten wonten malih priyantun ingkang lepat migunakaken undha usuk basa Jawi. Panaliten ngengingi undha usuk basa Jawi dipunraos wigati sanget, jalaran menika panaliten undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta dipunangkah saged dados tuladha panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing padintenan.

B. Underaning Prekawis

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken kasebut, saged kapendhet underaning prekawis, inggih menika:

1. jinisipun undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Sedhalangan Lampahan Kresna Duta;
2. *fungsi* undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta;
3. *kaidah* undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta;
4. prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta.

C. Watesaning Prekawis

Pirembagan wonten ing panaliten perlu dipunwatesi, kanthi menika anggenipun ngrembag saged langkung dipuntengenaken. Saking underaning prekawis kasebut, panaliten menika dipunwatesi saperlu ngrembag:

1. jinisipun undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta;
2. prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta.

D. Wosing Prekawis

Saking watesaning panaliten wonten ing nginggil menika saged kapendhet wosing prekawis, inggih menika:

1. menapa kemawon jinisipun undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta?
2. menapa kemawon prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten babagan undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta gadhah ancas saperlu:

1. ngandharaken jinis undha usuk Basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta;
2. ngandharaken menapa kemawon prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika mugi-mugi gadhah paedah, paedah kanthi teoritis punapa dene paedah kanthi praktis. Kanthi teoritis, panaliten menika saged nyukani sumbangan wonten ing khasanah sosiolinguistik, mliginipun ngengingi *variasi* Basa Jawi. Kanthi praktis, panaliten menika kaangkah saged dipundadosaken pandom wonten ing panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Lampahan Pedhalangan sanes, langkung-langkung malih wonten ing padintenan.

G. Pangertosan

1. Undha usuk

Variasi basa ingkang bedanipun katitik saking unggah ungguh panutur dhumateng mitra tuturipun.

2. Serat Pedhalangan

Serat babagan pewayangan ingkang ngandhut lampahan-lampahan pedhalangan tartamtu ingkang kadadosaken pandoming pagelaran lampahan tartamtu menika, kadosta Lampahan Kresna Duta, Lampahan Wiratha Parwa, Lampahan Kresna Gugah.

3. Lampahan Kresna Duta

Lampahan pewayangan Jawi ingkang wosipun Prabu Kresna dados Duta pangawaking para Pandhawa saperlu nyuwun konduripun nagari Ngamarta dhateng Para Kurawa.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Landhesan Teori

1. Sociolinguistik

Basa ingkang dipunginakaken kangge komunikasi wonten ing masyarakat boten saged kapisahaken kaliyan masyarakat minangka pangangge basa. Ngelmu ingkang ngrembag bab basa kaliyan masyarakatipun minangka panutur basa inggih menika sociolinguistik. Wardhaugh (1986: 13) ngandharaken bilih: *“sociolinguistics is concerned with investigating the relationships between language and society with the goal being a better understanding of the structure of language and of how language function in communication.”* Sociolinguistik nengenaken panaliten antawisipun basa lan masyarakat kanthi ancas langkung mangertosi babagan *struktur* saking basa saha kados pundi *fungsi* basa menika wonten ing komunikasi. Pamanggih Wardhaugh menika ngandharaken bilih sociolinguistik mligi ngrembag ngengingi gegayutanipun basa kaliyan masyarakatipun, ing pundi ancasipun supados langkung mangertosi babagan *struktur* basa sarta kados pundi basa menika dipunginakaken wonten ing masyarakat. Pamanggihipun Wardhaugh ngengingi sociolinguistik menika dipunsengkuyung dening pamanggihipun Nababan.

Nababan (1986: 2) ngandharaken, sociolinguistik inggih menika pirembagan bab basa ingkang gegayutan kaliyan pangangge basa minangka anggota masyarakat. Ateges sociolinguistik ngrembag bab basa saha pangangge basa sajroning masyarakat. Gegayutanipun basa saha panganggening basa

ingkang dipunrembag boten saged ngliwaken masyarakatipun minangka pangangge basa. Pamanggih ngengingi sosiolinguistik menika samsaya kiyat kanthi pamnggihipun Chaer lan Agustina.

Miturut Chaer lan Leoni Agustina (2004: 2), sosiolinguistik inggih menika ngelmu ingkang nyinau bab basa ingkang gegayutan kaliyan panganggenipun wonten ing masyarakat. Chaer lan Agustina ngandharaken bilih basa menika sambung raketipun kaliyan masyarakat minangka panganggening basa. Kanthi mekaten karembag ugi bab sosial wonten ing sawijining masyarakat tutur ingkang ndayani panganggening basa.

Saking saperangan teori para ahli ngengingi sosiolinguistik menika, saged kapendhet dudutan bilih sosiolinguistik inggih menika cabang ngelmu basa ingkang ngrembag sesambetanipun basa kaliyan masyarakat panganggenipun sarta bab sosial wonten ing sakiwa tengenipun. Basa saha pangangge basa (masyarakat tutur) minangka satunggaling perangan ingkang boten saged kapisahaken wonten ing sosiolinguistik. Panganggening basa saha bab sosial wonten ing sakiwa tengenipun, ndayani panganggening basa ingkang beda-beda dening masyarakat. Panganggening basa ingkang maneka warna menika nyebabaken *variasi* basa dening masyarakat panganggenipun. Wonten ing masyarakat Jawi, panganggening *variasi* basa menika nedahaken unggah unggah basa ingkang beda-beda, mekaten ugi panganggening *variasi* basa wonten ing pewayangan Jawi. Panganggening unggah unggah basa ingkang beda wonten ing masyarakat menapa dene wonten ing pewayangan Jawi menika kalebet wonten ing bab *variasi* basa minangka perangan saking kajian ngelmu sosiolinguistik.

2. *Variasi Basa*

Panganggenipun basa wonten ing masyarakat, menawi dipunpremati kapanggihaken bab ingkang beda, saking wujudipun menapa dene saking tegesipun. Bab ingkang beda menika ingkang dipunsebut *variasi* basa. *Variasi* basa inggih menika maneka jinisipun basa ingkang dipundayani bab tartamtu (Soeparno, 2002: 71). Pamanggih Soeparno menika ateges panganggenipun basa wonten ing masyarakat ingkang maneka warni menika dipundayani dening bab tartamtu.

Gegayutan kaliyan *variasi* basa, mliginipun ingkang wonten ing basa Jawi, Poedjasoedarmo (1976: 5-6) ngandharaken bilih wonten tigang kelas *variasi* basa, inggih menika dialek (*dialect*), undha usuk (*speech levels*), sarta ragam (*styles*). Dialek inggih menika *variasi-variasi* basa ingkang dipuntemtokaken dening papan dunungipun masyarakat (Parera, 1991: 26), dialek saged ugi dipunsebut minangka perangan saking sawijining basa (Nadra lan Reniwati 2009: 5). Undha usuk inggih menika *variasi* basa ingkang bedanipun katitik saking unggah ungguh panutur dhumateng mitra tuturipun, dene ragam basa inggih menika *variasi* basa ing pundi bedanipun katemtokaken saking basa ingkang dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang beda. Saben *variasi* basa kasebut lajeng kaperang malih dados *varian*, sarta saben *varian* ugi taksih kaperang malih dados *subvarian*.

Variasi basa dipunkasilaken saking sesambetan sosial ingkang dipuntindakaken dening masyarakat ingkang maneka ragam jinisipun sarta dening panutur ingkang *heterogen*. Wontenipun *variasi* basa menika kangge njangkepi fungsipun minangka pirantining komunikasi wonten ing kegiatan masyarakat

ingkang beda-beda. Wonten ing masyarakat saha pewayangan Jawi, *variasi* basa ingkang dipunginakaken minangka pirantining komunikasi saged dipunwastani *variasi* sosial. *Variasi* sosial ateges panganggenipun ingkang dipunginakaken kangge komunikasi kaliyan tiyang sanesipun. Wonten ing masyarakat saha pewayangan Jawi, anggenipun migunakaken *variasi* basa menika kedah nggatosaken unggah ungguh basa ingkang dipunsebut undha usuk basa Jawi.

3. Undha Usuk

Miturut Poedjosoedarmo (1979: 6), undha usuk basa inggih menika *variasi* basa ingkang dipundayani dening lawan tutur kaliyan sinten panutur basanipun. Ingkang ngandhut teges, pakurmatan dhumateng mitra lawan tutur menawi mitra tuturipun minangka tiyang ingkang kedah dipunkurmati, menapa dene kosok wangsulipun. Bab menika ateges panganggening basa Jawi kedah nggatosaken tata krama, tingkat *keformalan*, sarta raketipun kaliyan mitra tutur. Cekakipun, wonten ing komunikasi kaliyan tiyang sanes, kedah migatosaken sinten mitra tuturipun, kapan, saha wonten ing pundi anggenipun nindakaken pirembagan.

Undha usuk basa inggih menika *variasi* basa ingkang bedanipun katemtokaken saking unggah ungguhing panutur dhateng mitra tuturipun utawi tiyang sanes ingkang dados objek wawan ginem (Wedhawati, 2006: 10). Bedanipun yuswa, drajat, tingkat sosial, lan raketing pasedherekan antawisipun panutur kaliyan mitra tuturipun badhe nemtokaken undha usuk basa ingkang dipunginakaken. Masyarakat Jawi bedakaken pakurmatan dhateng tiyang adhedhasar kekiyatanipun *ekonomi*, status sosial, pangaribawa *politik*, pasedherekan, yuswa, lan sanesipun. Bedanipun raos kurmat menika katingal

saking panganggening undha usuk basa ingkang dipunginakaken wonten ing wawan ginem kaliyan tiyang sanes.

Mirid unggah ungguhipun, basa Jawi menika saged kaperang kados wonten ing ngandhap menika:

1. ngoko
2. madya
3. krama
4. krama inggil
5. kedhaton
6. krama desa
7. kasar (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 64).

Andharan menika sami kaliyan pamanggihipun Antunsuhono. Antunsuhono (1956: 45), ngandharaken bilih unggah ungguh panganggening basa menika wonten tigang perangan pokok, inggih menika: 1) ngoko (ngoko lugu, ngoko alus; antya basa, basa antya), 2) madya (madya ngoko, madya krama, madyantara), 3) krama (mudha krama, kramantara, wredha krama, krama inggil, krama desa), kejawi menika ugi wonten basa bagongan saha basa kasar. Kekalih pamanggihi menika samsaya dipunkiyataken dening pamanggihipun Uhlenbeck.

Miturut Uhlenbeck (1970, lumantar Chaer lan Agustina), undha usuk basa Jawi kaperang dados tigang tingkatan, inggih menika Krama, Madya, Ngoko, lajeng sedayanipun kaperang malih dados mudha krama, kramantara, lan wredha

krama, madya ngoko, madyantara, lan madya krama, sarta ngoko andhap lan ngoko lugu.

Saking sedaya andharan kala wau, saged kapendhet dudutan bilih wosipun sami ngengingi jinisipun undha usuk basa Jawi ingkang dipunandharaken dening para ahli. Pamanggih-pamanggih menika nedahaken bilih undha usuk basa Jawi menika kaperang dados tigang tingkatan pokok, inggih menika ngoko, madya, sarta krama. Wonten ing pagelaran wayang Jawi, limrahipun taksih wonten satunggal jinis ingkang badhe karembag, inggih menika basa kadewatan ingkang asring dipunginakaken wonten ing pagelaran wayang. Andharan ingkang langkung cetha ngengingi bab undha usuk basa Jawi, peranganipun kapratelakaken wonten ing ngandhap.

a. Basa Ngoko

Basa ngoko menika basa ingkang lugu, dereng wonten ewah-ewahanipun. Cacahipun kirang langkung wonten 20.000 tembung. Panganggening basa ngoko kados mekaten:

- a) tumrap sapadha-padha ingkang sampun kulina sanget,
- b) tumrap andhahan utawi kaprenah langkung enem (dhateng lare-wayah, murid, batur, garwa, tiyang alit, sadherek nem),
- c) menawi ngunandika, inggih menika : gadhah usik, gineman piyambak, utawi calathu sajroning ati,
- d) menawi dereng saged gineman ingkang jangkep, kadosta: lare alit utawi gineman kaliyan sinten kemawon (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 64-65).

Basa Ngoko menika wonten 2 warni (Antunsohono, 1956: 45); inggih menika ngoko lugu saha ngoko andhap.

1) Ngoko Lugu

Basa ngoko lugu menika wujudipun tembung ngoko, boten wonten tembung krama inggil, namung tumrap tiyang ingkang dipunginem. Ingkang migunakaken basa ngoko lugu menika:

- 1) tiyang sepuh dhateng putra wayahipun, punapa dene dhateng tiyang enem sanesipun,
- 2) tiyang ingkang gineman dhateng pepadhanipun, boten ngemuti drajad lan pangkatipun, dados kados dene lare dhateng kancanipun,
- 3) panggedhe dhateng andhahanipun (Antunsohono, 1956: 45).

Titikanipun basa ngoko lugu, sedaya tembungipun migunakaken basa ngoko. Aku, kowe, ater-ater dak-, ko-, di-, lan wuwuhan -ku, -mu, -ake, taksih boten ewah. Basa ngoko lugu dipunginakaken kangge tiyang sepuh dhateng lare, wayah, lan tiyang ingkang langkung enem, dhateng sadherekipun ingkang sampun akrab, sarta dhateng abdinipun.

Tuladha panganggening basa ngoko lugu antawisipun kalih tiyang ingkang kekancan raket.

Paiman: “Jo, *kowe* arep *menyang* ngendi?”

Paijo : “Aku arep *menyang sawah, melu* ora?”

Paiman: “Iya, *aku* arep golek kodhok.” (dening panyerat).

Tuladha wonten ing nginggil minangka tuturan ingkang awujud basa ngoko lugu. Bab menika katingal saking sedaya tetembunganipun ingkang awujud tembung ngoko, inggih menika tembung ‘*kowe*’, ‘*menyang*’, ‘*sawah*’, ‘*melu*’,

‘aku’. Paiman migunakaken undha usuk ngoko lugu amargi mitra tuturipun (Paijo) minangka kanca raket saha nalika nindakaken pacelathon wonten ing kawontenan ingkang boten resmi.

2) Ngoko Andhap

Basa ngoko andhap saged dipunsebut basa ngoko ingkang alus, utawi langkung ngajeni; wujudipun inggih menika basa ngoko kanthi tembung krama inggil tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman. Wonten ing pacelathon, menawi dipunraos taksih kirang taklim, lajeng dipunwuwuhi tembung krama, menawi wujudipun tembung ngoko lan krama inggil dipunsebut Antya Basa, dene menawi kawuwuhan basa krama, dipunsebut Basa Antya (Antunsuhono, 1956: 47).

Inkang migunakaken basa ngoko andhap menika :

- 1) tiyang sepuh dhateng tiyang enem ingkang langkung inggil drajatipun.

Inkang enem anggenipun nglangati gineman ngangge basa Krama,

- 2) bangsa luhur dhateng sadherek kaprenah sepuh, semanten menika menawi ingkang kaprenah enem kedah ngangge basa ngoko. Inkang sepuh anggenipun nglawani gineman ngangge basa ngoko,

- 3) garwanipun priyayi dhateng ingkang kakung, menawi sampun ngangge basa ngoko,

- 4) priyayi dhateng priyayi, menawi sampun kengken-kengkenan,

- 5) ampeyanipun bangsa luhur dhateng putranipun anggenipun patutan kaliyan bangsa luhur wau (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 65).

a) Antya Basa

Antya basa dumugi sakmenika taksih asring dipunginakaken saha dipunlestantunaken. Titikanipun inggih menika tembung ngoko ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, kanthi ancas ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman (Antunsuhono, 1956: 47). Kangge ater-ater dak-, ko-, di-, lan wuwuhan -ku, -mu, -ake, -e, taksih dipunginakaken.

Tuladha panganggening antya basa:

Samadikun : “Mau bengi *sliramu* apa sida *tindak* menyang Prawirataman?”

Sumarji : “Sida, sakjan-jane mono aku aras-arasen, nanging kedereng arep nonton dhalang anyar, disuwurake pinter lan cucud banget, dadi dakperlokake ndelok. Lah kangmas apa ora *mriksani*, kok ora katon?”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 66).

Tuladha menika minangka tuturan ingkang awujud antya basa. Bab menika katingal saking tetembungan ingkang dipunginakaken panutur dhateng mitra tuturipun ingkang awujud tembung ngoko. Tembung ‘*sliramu*’ minangka tembung sesulih ingkang dipunginakaken kangge ngormati mitra tuturipun, dene tembung ‘*tindak*’, ‘*mriksani*’ minangka tembung krama inggil. Samadikun migunakaken undha usuk antya basa amargi mitra tuturipun (Sumarji) menika kanca ingkang kirang raket kaliyan Samadikun, saengga tembung krama inggil menika dipunginakaken kangge ngormati mitra tuturipun, mekaten ugi Sumarji, ewadene kekancan kaliyan Samadikun, ananging piyambakipun ugi ngajeni amargi Samadikun langkung sepuh tinimbang piyambakipun, dene pacelathon katindakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi.

b) Basa Antya

Basa antya sampun boten asring dipunginakaken. Basa antya kasusun saking tembung ngoko, tetembungan krama, lan tetembungan krama inggil (Antunsohono, 1956: 48). Wonten saperangan tetembungan ingkang boten saged dipunewahi dados basa krama kadosta tembung panuduh (iki, iku, apa, sapa, endi, pira, kepriye, kapan), tembung panggandheng (marang, menyang, utawa), saha tembung katrangan (saiki, mengko, mau, dhek, semana, wis, durung, meh). Kangge ater-ater dak-, kok-, di-, lan wuwuhan -ku, -mu, -ake, -e taksih tetep dipunginakaken. Mligi tembung 'kowe' dipungantos kaliyan tembung 'panjenenganmu', 'sliramu', 'kangmas', 'adhimas'.

Tuladha panganggening basa antya:

Den Bei Mangun Prawira: "Piye mas, *sliramu* apa sida *mundhut* perkutut?"

Mas Bei Dhadhapmantap : "Sidane mono ya sida, ning sing *radi* sabar *rumiyin*."

(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 67).

Tuladha menika minangka tuturan ingkang awujud basa antya. Tetengeripun inggih menika kekalih paraga ingkang migunakaken basa ngoko ingkang kawuwuhan tembung krama, inggih menika tembung 'radi', saha 'rumiyin' sarta tembung 'mundhut' minangka tembung krama inggil, dene tembung 'sliramu' dipunginakaken kangge pakurmatan dhumateng mitra tuturipun. Pacelathon menika katindakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi.

b. Basa Madya

Basa madya menika tegesipun basa tengah-tengah, inggih menika basa ingkang limrahipun wonten ing antawising basa ngoko kaliyan basa krama. Wujudipun basa madya wau, tembung madya kawoworan ngoko utawi krama. Mirid wujud tembungipun saged kaperang dados 3 warni (Antunsohono, 1956: 45), inggih menika: (1) madya ngoko, (2) madyantara, (3) madya krama.

Ingkang limrah migunakaken basa Madya Ngoko, inggih menika:

- a. bakul dhateng bakul,
- b. priyayi dhateng tiyang andhap, menika menawi priyayi kala wau boten migunakaken basa Ngoko.

Ingkang migunakaken basa Madyantara sarta Madya Krama, inggih menika:

- a. priyayi dhateng sadherek kaprenah sepuh ingkang drajatipun langkung andhap,
- b. priyayi dhateng priyayi ingkang sampun pakulinan,
- c. garwanipun priyayi dhateng ingkang kakung, menika menawi dereng migunakaken basa Ngoko (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 68).

1) Madya Ngoko

Madya ngoko minangka tingkat madya paling andhap. Basa madya ngoko menika tembungipun madya kawuwuhan tembung ngoko ingkang boten wonten tembungipun madya (Antunsohono, 1956: 48). Dhasaripun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ saha tembung ‘kowe’ dipungantos dados tembung ‘dika’.

Mligi tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman, migunakaken tembung ‘dika’, ‘mang’, ‘samang’. Tiyang ingkang gineman basanipun Madya Ngoko, limrahipun ingkang dipunajak gineman ugi migunakaken basa Madya Ngoko.

Tuladha panganggening basa Madya Ngoko:

- Mbok Sardi : “Dika *esuk-esuk* kok empun mruput teng *pasar*. Onten perlu napa ta?”
 Ni Merta : “Ajeng nempur, nek *rada kamanan*, sok boten komanan, sab dene sing *padha* *tuku* boten ngemungake *wong* ngriki mawon.”
 Mbok Sardi : “Kula niki *temene* mawon enggih boten butuh *beras kaya* dika. Ning kula srantekake. Njing *dina pasaran* mawon. *Dadi regane rada* boten *kelarangen*.”
 (kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 69).

Tuladha menika minangka tuturan ingkang awujud madya ngoko. Kekalihipun sami-sami migunakaken basa madya ngoko. Tetengeripun inggih menika migunakaken tembung ‘empun’, ‘onten’, ‘njing’ minangka bentuk madya saking tembung ‘sampun’, ‘wonten’ ‘benjing’, saha migunakaken tembung-tembung ngoko, sarta kawontenan pacelathon ingkang boten resmi wonten ing peken.

2) Madyantara

Dhasar saking madyantara inggih menika madya krama, ananging tembung-tembung ingkang dipunginakaken kaliyan tiyang ingkang lawan tutur, tembung-tembungipun dipungantos migunakaken tembung krama inggil (Antunsuhono, 1953: 50). Titikanipun inggih menika tembung ‘aku’ dados ‘kula’, tembung ‘kowe’ dados ‘sampeyan’. Tiyang ingkang gineman migunakaken basa Madyantara, limrahipun tiyang ingkang dipunajak gineman migunakaken basa Krama.

Titikanipun basa Madyantara inggih menika awujud tembung:

- a. madya (ater-ater lan panambangipun ngoko),
- b. ngoko,
- c. kang salira (sampeyan). Pangkat. Sesebutan utawi peprenahan (tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman) (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 68-69).

Tuladha panganggening basa madyantara:

- Raden Suparman : “*Sampeyan napa duwe keris sing apik?*”
 Mas Bei Karyataruna : “Inkang sampeyan kersakaken menika sae ingkang kados pundi, awit duwung menika warni-warni.”
 Raden Suparman : “*Karep kula, keris sing tuwa, tangguhe Majapahit.*”
 Mas Bei Karyataruna : “Kula gadhah yasanipun ki Supa, Dhapur Tilamupih.”
 (kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 70).

Tuladha menika minangka tuturan madyantara ingkang dipuntindakaken dening tiyang enem (Raden Suparman) kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh ananging drajatipun langkung andhap (Mas Bei Karyataruna). Tetengeripun inggih menika Raden Suparman ingkang migunakaken tembung ‘sampeyan’ kangge nyebut mitra tuturipun (Mas bei Karyataruna), sarta tembung ‘duwe’, ‘keris’, ‘apik’, ‘karep’, ‘tuwa’ ingkang kalebet tembung ngoko.

3) Madya Krama

Basa madya krama menika kasusun saking tetembungan madya, kawuwuhan tembung krama ingkang boten wonten madyanipun (Antunsuhono, 1956: 49). Paugeranipun madya krama inggih menika tembung ‘aku’ dipungantos

‘kula’, tembung ‘kowe’ dados ‘sampeyan’, ‘samang’, ater-ater dak- dados kula, ater-ater ko- dados samang, wuwuhan -ku dados kula saha wuwuhan -e.

Titikanipun basa madya krama inggih menika awujud tembung:

- a) madya (ater-ater lan panambangipun ngoko),
- b) krama lan krama inggil,
- c) sampeyan (tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman) (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 69).

Menawi tiyang ingkang caturan basanipun Madya Krama, ingkang dipunajak gineman migunakaken basa Ngoko.

Tuladha panganggening basa Madya Krama:

- Den Nganten : “*Wanci* ngeten kok seg *kondur*, napa *kathah pedamelan?*”
- Ingang Raka : “Ora, olihku ki mau ana ing dalan ndadak diampirake den Sumarya, dijak rembugan bab olehe arep nganakake pakumpulan. Ana ka setengah jam lehku omong-omongan. Bar rembugan dijak mangan barang”
- Den Nganten : “*Dados* jawine niki empun *dhahar*, tiwas *kula entosi kantheng-kantheng*.”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 71).

Tuladha menika minangka tuturan ingkang awujud madya krama ingkang dipunginakaken dening Den Nganten. Tetengeripun dipuntingali saking panganggening tembung-tembung madya. Tembung ‘wanci’, ‘kondur’, ‘kathah’, ‘dhahar’, lan tembung sanesipun ingkang awujud tembung krama, kanthi migunakaken panambang ngoko -ne wonten ing tembung ‘jawine’.

c. Basa Krama

Basa Krama menika basa ingkang ngajeni dhateng tiyang ingkang dipunajak gineman, sarta saged kaperang dados 3 warni (Antunsuhono, 1956: 45), inggih menika mudha krama, kramantara, wredha krama.

1) Mudha Krama

Mudha krama inggih menika undha usuk basa ingkang ngandhut tembung-tembung wuwuhan krama (Poedjasoedarmo, 1979: 11). Tingkatan basa menika minangka tingkat ingkang paling sopan, amargi limrahipun dipunginakaken kangge wawan rembag kaliyan tiyang ingkang dipunanggep gadhah drajat ingkang inggil. Tetembungan ingkang dipunginakaken awujud tembung krama ingkang kacampur kaliyan tembung krama inggil tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman.

Basa Mudha Krama menika basa krama ingkang leres. Inkang migunakaken limrahipun:

- a. tiyang enem dhateng tiyang sepuh,
- b. murid dhateng gurunipun,
- c. batur dhateng bendaranipun (menawi bendaranipun sanes bangsa luhur),
- d. kanca dhateng kanca ingkang dereng kulina,
- e. priyayi dhateng priyayi,
- f. rerehan dhateng lurahipun (menawi lurahipun sanes bangsa luhur)

(Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 72).

Tuladha panganggening basa Krama Alus:

- Mas Kartanadi : “Lho adhi, badhe *tindak* dhateng pundi?”
 Bagus Subyakta : “Badhe dhateng Klaten, dipuntimbali bapak.”
 Mas Kartanadi : “Kok sajakipun wonten perkawis ingkang wigatos, tandhanipun *ingkang rama* mawi nimbali adhi.”
 (kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 73).

Tuladha menika minangka tuturan ingkang awujud mudha krama ingkang dipunginakaken dening Mas Kartanadi. Undha usuk menika kasusun saking tembung krama saha krama inggil kangge mitra tuturipun. Tetengeripun inggih menika Mas Kartanadi migunakaken tembung ‘tindak’, ‘ingkang rama’ ingkang minangka wujud tembung krama inggil, dene tetembungan sanesipun ingkang awujud tembung krama.

2) Kramantara

Kramantara menika wujudipun tembung krama lugu sedaya, boten kawuwuhan tembung krama inggil (Antunsuhono, 1956: 52). Basa menika limrahipun dipunginakaken saperlu wawan rembag kaliyan tiyang ingkang dereng tepang saha ingkang boten kalebet golongan priyayi. Miturut Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan (1949: 72), wujudipun basa Kramantara menika tembung krama lugu (ngangge ater-ater lan panambang krama), tanpa krama inggil tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman. Basa Kramantara menika tumrap sapadha-padha, limrahipun ingkang gineman menika priyayi ingkang rumaos menang sausap drajatipun tinimbang lawan ginemipun.

Tuladha panganggening basa Kramantara:

- Mas Bei Ranukarya : “Lho, *sampeyan*, mangga ingkang radi celak ngriki, punapa saking *griya* kemawon?”
 Mas Bei Handakasura : “Nuwun, inggih.”
 Mas Bei Ranukarya : “Wonten kepreluan punapa, kadingaren enjing-enjing?”

- Mas Bei Handakasura : “Menawi kepareng sarta boten wonten pakewedipun, kula badhe ngampil kagunganipun lapak, badhe kangge nyobi kapal.”
- Mas Bei Ranukarya : “Inggih, mangga. Punapa *sampeyan tumbas kapal?*”
- Mas Bei Handakasura : “Saweg ngawis kemawon, reginipun dereng kedadosan. Mangke badhe kula cobu tumpakanipun.”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 73-74).

Tuladha menika minangka tuturan kramantara. Limrahipun kramantara dipunginakaken tumrap tiyang ingkang drajatipun sami utawi langkung andhap saking panuturipun. Tetengeripun inggih menika panganggening tembung-tembung krama ingkang dipunginakaken dening Mas Bei Ranu Karya, inggih menika tembung ‘sampeyan’, ‘griya’, ‘tumbas’, sarta ‘kapal’.

3) Wredha Krama

Wredha krama inggih menika tingkatan krama ingkang boten migunakaken krama inggil utawi krama andhap, ananging migunakaken bentuk-bentuk wuwuhan ngoko, kadosta -e saha -ake (Antunsuhono, 1956: 52). Wredha krama limrahipun dipunginakaken kangge wawan rembag antawising tiyang sepuh dhateng tiyang enem amargi status sosial ingkang langkung andhap. Basa Wredha Krama awujud tembung krama, ngangge ater-ater lan panambang ngoko, lan tanpa krama inggil tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman.

Tuladha panganggening basa Wredha Krama:

- Sastrajumena : “Kados pundi *kabare* dhi, angsal sampeyan dhateng Semarang, punapa saged angsal damel?”
- Prawiratenaja : “Saking pangestu panjenengan saged angsal kalih-kalihipun. Roda ban karet, kula tumbas dhateng toko Persatuan. Namung kajeng timaha ing Semarang boten wonten, pramila mantuk kula mawi mampir ing Surakarta, pados dhateng peken. Lah kok kapinujon wonten ingkang

sae tur menawi sampun dados wrangka, calonipun kendhit, tiyang peletipun ngaler wonten ing tengah, kiwa tengen.”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 75).

Tuladha ingkang dipunginakaken dening Sastrajumena menika minangka tuturan wredha krama. Wujudipun tembung-tembung krama, panambang ngoko, ananging tanpa krama inggil kangge mitra tuturipun. Tetengeripun inggih menika migunakaken tetembungan krama kanthi panambang ngoko ingkang dipunpanggiaken wonten ing tembung ‘kabare’, ingkang jumbuh kaliyan panganggening panambang -e ingkang minangka wujud panambang ngoko.

d. Krama Inggil

Basa Krama Inggil menika basa ingkang ngajeni sanget. Tembungipun krama sedaya, kawuwuhan krama inggil, tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman (Antunsuhono, 1956: 53). Inggil dipunkramakaken inggil kadosta: peranganing awak, kriya lan solah bawa, pangangge utawi barang darbe, kahananing awak utawi ati.

Krama inggil dipunginakaken kangge nedahaken raos hurmat dhateng tiyang ingkang dipuntedahaken (Poedjasoedarmo, 1979: 29). Basa krama inggil migunakaken basa krama sedaya saha migunakaken krama inggil kangge sedaya tiyang ingkang dipunajak wawan rembag.

Tuladha panganggening basa krama inggil ingkang dipunginakaken dening Lurah, dene ingkang Bupati migunakaken basa ngoko:

Inggil Bupati	: “Kepriye, wong-wong ing desamu kok isih ana sing kena lara pes?”
Lurah	: “Nuwun inggih, sareng mangsa rendheng menika, mila mekaten. Ing mangka ing saderengipun wiwit jawah, <i>abdi dalem</i> sampun prihatos sanget, kuwatos menawi

kados taun kepengker. Tetiyang ing dhusun sampun abdi criyosi sadaya, kedah ingkang sami ngatos-atos, reresik sarta ndandosi griyanipun, manut pranatan dhawuhipun nagari.”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 78).

Limrahipun wujuding tuturan sami kaliyan mudha krama, ananging panambang -mu dipungantos ‘dalem’, ‘kagungan dalem’. Tembung ‘aku’ dipungantos tembung ‘abdi dalem kawula’, ‘abdi dalem kula’, ‘abdi dalem’. Tuladha menika minangka tuturan krama inggil ingkang dipunginakaken dening Lurah. Katingal saking panganggening tembung ‘abdi dalem’ wonten ing pacelathon menika sarta migunakaken panambang -ipun minangka panandha krama wonten ing tembung ‘saderengipun’, ‘griyanipun’, sarta ‘dhawuhipun’.

e. Basa Kedhaton

Basa Kedhaton menika basanipun para Santana lan abdinipun ratu menawi gineman wonten ing ngarsanipun ingkang Sinuhun utawi Pangeran Adipati Anom utawi malih menawi sami cecaturan wonten ing salebeting cepuri kedhaton. Wujudipun basa Kedhaton menika tembung krama kamomoran basa Kedhaton tanpa Krama Inggil tumrap tiyang ingkang dipunajak gineman (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 79).

Wonten ing Surakarta tembung sesulih ingkang mratelakaken tiyang ingkang gineman kaliyan ingkang dipunajak caturan, basanipun Kedhaton wonten 4, inggih menika:

- 1) Mara (aku) lan Para (kowe); tumrap para santana
- 2) Manira (aku) lan Pakenira (kowe); tumrap para punggawa
- 3) Kula (aku) lan Jengandika (kowe); tumrap para panewu mantri

4) Robaja (aku) lan Panten (kowe); tumrap para pujangga (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 79-80)

Miturut Poedjasoedarmo, dkk (1979: 5), basa kedhaton namung dipunginakaken wonten ing salebeting keraton nalika wekdal lan dening tiyang tartamtu. Wonten ing wekdal sakmenika basa kedhaton namung dipunginakaken dening pemain kethoprak utawi para dhalang wayang kulit.

Tuladha panganggening basa kedhaton:

Dhadhap : “Kala wingi ing griya *jengandika* kados *wenten* tamu.”
 Waru : “Enggih, tamu adhi kula.”
 Dhadhap : “Lho, *menika* adhi ingkang pundi? *Punapi jengandika meksih derbe* adhi malih?”
 Waru : “*Puniku* adhi kula ingkang angka tiga, griyane ing Sleman.”
 (kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 81).

Tuladha menika minangka tuturan basa kedhaton. Katingal saking panganggening tembung ‘jengandika’, ‘wenten’, ‘menika’, ‘punapi’, ‘meksih’, ‘derbe’ lan ‘puniku’ ingkang kalebet tembung-tembung basa kedhaton.

f. Krama Desa

Krama Desa sanes mujudaken wewilanging basa ingkang alus. Inggil migunakaken namung priyantun wonten ing desa kemawon; limrahipun priyantun ingkang boten mangertos bab kasusastran. Wujudipun tembung wonten ingkang mirid saking basa Krama, liripun tembung krama ingkang dipunkramakaken malih, kanthi ngewahi swantenipun; wonten ingkang ngangge krama inggil utawi tembung kawi, wonten ingkang mirid saking kawontenan, sarta wonten ingkang gadhah teges piyambak.

Krama desa awujud tembung-tembung krama kawuwuhan tembung-tembung krama desa (Antunsohono, 1956: 54). Wonten jinis krama desa ingkang minangka bentuk *hiperkrama* saking tembung-tembung ingkang kedahipun sampun krama.

Tuladhanipun tembung-tembung wonten ing basa Krama Desa, inggih menika:

nami = nama sepah = sepuh

tebah = tebih santun = sasi

(Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 81)

Tuladha panganggening basa krama desa:

Mas Marta : “Lah ing desamu saiki lagi ungsun apa?”

Sadrana : “Tiyang *ketigen* inggih sami nanem palawija, *wenten dhekeman, janggal*, kacang, tela pohung.”

Mar Marta : “Apa wis padha panen?”

Sadrana : “Dereng, udakawis kirang kalih *santun* malih. Semanten wae *minanten* taneman boten *dipuntedhi ami*.”
(kapethik saking Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1949: 83).

Tuladha menika minangka tuturan krama desa ingkang dipunginakaken dening Sadrana. Tetengeripun migunakaken tembung ‘ketigen’, ‘dhekeman’, ‘santun’ lan sanesipun minangka tembung krama desa saking tembung ‘ketiga’, ‘dhangsul’, saha ‘sasi’.

g. Basa Kasar

Basa kasar menika basanipun tiyang ingkang saweg nepsu, kangge srengen, padu. Wujudipun tembung ngoko kawuwuhan tembung kasar (limrahipun peranganing awak, jeneng kewan, lan sanesipun) tumrap tiyang ingkang dipununen-uneni (Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan

Keboedajaan, 1949: 83). Sajatosipun, tiyang srengen utawi padu menika boten kedah ngangge tembung kasar, cekap ngangge tembung ingkang limrah kemawon, ananging tumrap tiyang ingkang boten saged nyandhet hardanipun nepsu, pesthi kawedal tetembungan ingkang kasar.

Tuladha panganggening basa Kasar:

Kang Sardi : “Kowe gelem nurut kandhaku apa ora? Nek ora, becik *minggata* bae kana!”

Pardi : “Iya kang, aku gelem nurut.” (dening panyerat).

Tuladha menika minangka tuturan basa kasar. Katitik saking tembung

‘minggata’ ingkang dipunginakaken Kang Sardi ingkang minangka tembung kasar saking tembung ‘lunga’ (ngoko).

h. Basa Kadewatan

Jinisipun undha usuk basa Jawi, kejawi ingkang dipunginakaken wonten ing pagesangan saben dinten, ugi wonten jinis ingkang namung dipunginakaken wonten ing pewayangan kemawon, limrahipun dipunsebut Basa kadewatan (Nurhayati, 2009: 103). Titikanipun basa kadewatan inggih menika, ukaranipun kasusun saking tetembungan ngoko utawi krama kanthi tembung sesulih ‘kita’, ‘ulun’, sarta ‘pukulun’ (Atmatjendana, 1958, saha Mudjanattistomo, 1977, lumantar Nurhayati, 2009: 103). Jinis undha usuk menika kaginakaken nalika wonten pirembagan antawisipun dewa kaliyan dewa saha dewa kaliyan manungsa. Jinis undha usuk menika limrahipun kapanggihaken wonten ing adegan wonten ing kahyangan, adegan pasewakan ingkang dipunrawuhi para dewa, bambangan ingkang dipunrawuhi dewa, sarta adegan wonten ing wana ingkang paraganipun minangka panjalmanipun dewata.

Tuladha panganggening undha usuk basa kadewatan:

Prabu Kresna: “Ngaturaken gunging panuwun, *pukulun*, dene lampah kula sineksenan dening para Jawata.”

Resi Naradha: “Mara Kresna undhuna dhisik kretamu, ayo rembugan ana ing dharatan, ngger Kresna.”
(kapethik saking Lampahan Kresna Duta).

Tuladha tuturan kasebut migunakaken jinis undha usuk basa kadewatan.

Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa kadewatan katingal saking panganggening tembung ‘*pukulun*’ minangka jinis tembung ingkang kalebet tembung wonten ing basa kadewatan.

4. **Komponen Tutur**

Gegayutan kaliyan prekawis ingkang dipuntliti, dipunginakaken dhasaring panaliten ingkang ngandharaken bilih *ujaran (utterance)* utawi tuturan (*speech*), wujudipun dipundayani dening saperangan bab. Hymes (1974: 53), ngrantam bab *komponen* tutur menika kanthi 16 peranan, inggih menika *message form, message content, setting, scene, speaker (sender), addressor, hearer (reciever or audience), addressee, purpose-out comes, purpose-goal, key, channels, forms of speech, norms of interactions, norms of interpretatiton*, sarta *genres*. Sedaya *komponen* tutur menika lajeng dipundadosaken 8 peranan ageng ingkang lajeng dipunsebut *S-P-E-A-K-I-N-G*, rantaman ingkang kadamel saperlu damel gampil anggenipun ngemut *prinsip komponen* tutur menika. Andharan ingkang jangkep ngengingi *S-P-E-A-K-I-N-G*, inggih menika.

Setting and Scene, inggih menika latar saha swasana. Latar sipatipun langkung fisik, nglingkupi papan lan wekdal kadadéyanipun tuturan. *Scene* minangka latar *psikis* ingkang sipatipun gayut bab *psikologis* ingkang wonten ing kadadéyan tuturan. Tuturan ingkang dipuntindakaken wonten ing papan, wekdal,

sarta kawontenan ingkang beda ndadosaken *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening panutur.

Partisipants, pasarta tuturan, inggih menika tetiyang ingkang gegayutan wonten ing wawan ginem. Tiyang ingkang kalebet wonten ing komunikasi ugi ndayani *proses* komunikasi ingkang saweg dipuntindakaken. Kawegigan panutur ugi nemtokaken pamilihing tetembungan. Bab ingkang gegayutan kaliyan *partisipants*, kadosta yuswa, pendidikan, latar sosial.

Ends, kasil, inggih menika kasil utawi panyaruhipun saking gineman ingkang dipunangkah dening panutur (*ends as outcomes*), lan ancas pungkasan saking gineman menika (*ends in views goals*). Saben panutur gadhah kekajengan anggenipun micanten menika angsal panyaruh ingkang jumbuh kaliyan ancasipun tuturan.

Act sequences, amanat, kasusun saking wujud pesen (*message form*) lan wosing pesen (*message content*). Wujud lan wosipun pesen minangka *komponen* ingkang pokok wonten ing sawijining undha usuk basa.

Key, nglingkupi cara, unggah ungguh wonten ing pirembagan. Gregeting pirembagan kadosta, sante, akrab.

Instrumentalities utawi pirantos, inggih menika pirantining pirembagan. Tegesipun, kanthi media punapa pirembagan kasebut, kadosta, lisan, kaserat, layang, radio.

Norms utawi norma, ngrujuk dhateng norma utawi paugeran ingkang matesi pirembagan, kadosta, punapa ingkang kedah dipunngendikakaken, kados pundi cara ngendikakaken, alus menapa kasar.

Genres utawi jinis, inggih menika jinis utawi wujudipun wacana. Bab menika langsung ngrujuk dhateng jinisipun wacana ingkang dipunandharaken, kadosta, wacana telpon, wacana koran, wacana geguritan (Hymes, 1974: 54-62).

B. Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta

Serat saged dipunsebut minangka buku utawi kempalan saking teks. Wonten ing panaliten menika, ingkang dipunsebut serat inggih menika buku ingkang wosipun cariyos wayang (buku pakem pedhalangan). Pedhalangan asalipun saking tembung dhalang ingkang ateges tiyang ingkang maragakaken wayang (KBBI, 2001), dene ingkang dipunsebut pedhalangan inggih menika sedaya bab ingkang gegayutan kaliyan panuturan cariyos lan pagelaran wayang (KBBI, 2001).

Saking andharan menika saged kapendhet dudutan bilih serat pedhalangan inggih menika buku ingkang wosipun sedaya bab ngengingi pagelaran wayang. Pagelaran wayang saged awujud lampahan-lampahan pedhalangan ingkang saged kadadosaken pandom kangge nindakaken pagelaran wayang.

1. Ringkesan Cariyos Lampahan Kresna Duta

Kacariosaken Prabu Matswapati ngawontenaken pasewakan wonten ing nagari Wiratha. Nganthi rawuhipun Prabu Drupada ingkang bibar ngayahi karya minangka Duta pangawaking Pandhawa ingkang angka kalih saperlu ngudi wangsuling nagari Ngamarta sakwilayahipun saking Prabu Duryudana. Rawuhipun Prabu Drupada saperlu ngaturaken menggah kerampunganipun anggen ngayahi karya minangka Duta ingkang angka kalih ingkang gagar wigar tanpa karya amargi Prabu Duryudana tetep angekahi kamuktenipun.

Kanthi dhasar menika, Prabu Puntadewa lajeng ngangkat Duta ingkang pamungkas, amargi kekalih duta sami gagar wigar tanpa karya. Ingkang kapilih dados Duta pangawaking Pandhawa inggih menika Prabu Kresna, ratu ing Dwarawati.

Kadherekaken dening Raden Setyaki sarta Jawata Catur, Prabu Kresna budhal tumuju dhateng nagari Ngastina. Dumugi wonten ing nagari Ngastina, Prabu Duryudana kersa ngonduraken nagari Ngamarta saha Ngastina dhateng para Pandhawa sineksenan dening para pepundhen sarta Jawata Catur. Sakonduripun para Jawata Catur, sarta saking panyuwunanipun Dewi Gandhari Prabu Duryudana njabel pangandikanipun kanthi tetep ngekahi kamuktenipun.

Kanthi cukengipun Prabu Duryudana ingkang tetep ngekahi kamuktenipun, ateges Prabu Kresna ugi gagar wigar anggenipun dados Duta pamungkas. Sasampunipun pasewakan wonten ing negari Ngastina, Prabu Kresna saha Dewi Kunthi nyeyuwun dhateng Adipati Karna supados kersa manunggal kaliyan para Pandhawa, ananging Adipati Karna sampun kekeh badhe bela para Kurawa. Prabu Kresna lajeng bidhal tumuju negari Wiratha kadherekaken dening Setyaki lan Dewi Kunthi. Gagar wigaring karya Duta ingkang pamungkas, ateges para Pandhawa boten kagungan srana sanesipun saperlu bangsulaken kamuktenipun kejawi nindakaken Perang Suci Baratayudha.

C. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ngengingi undha usuk basa Basa Jawi sampun katindakaken dening Astuti rikala taun 2006 asesirah “Tingkat Tutur Bahasa Jawa dalam Upacara Pasrah-Tampi Pengantin di Kecamatan Cipari, Kabupaten Cilacap”.

Asiling panaliten manggihaken panganggening basa Krama Inggil saha Mudha Krama wonten ing upacara pasrah-tampi pinanganten ingkang dipuntindakaken dening pranatacara wonten ing Kecamatan Cipari, Kabupaten Cilacap sarta cara khas pocapanipun basa Jawi wonten ing tlatah Cilacap. Wonten ing panaliten menika, jinis undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken dipundayani dening kawontenan, pasarta tuturan, sarta ancasipun tuturan.

Panaliten sanes ngengingi undha usuk Basa Jawi ugi dipuntindakaken dening Damayanti ingkang asesirah “Pemakaian Tingkat Tutur Bahasa Jawa di Dukuh Keden, Desa Gumulan, Kecamatan Klaten Tengah, Kabupaten Klaten” rikala taun 2012. Wonten ing panaliten menika, ingkang dados sumberipun panaliten inggih menika masyarakat pangangge undha usuk Basa Jawi wonten ing Dukuh Keden. Panaliten menika ngrembag panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Dukuh Keden. Ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika inggih panganggening ragam basa ngoko lugu, ngoko alus, krama lugu, sarta krama Alus wonten ing Dukuh Keden, sarta bab ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Dukuh Keden inggih menika yuswa, status sosial, *hubungan* raket antawising panutur kaliyan mitra tuturipun.

Sesambetan antawisipun panaliten ingkang katindakaken dening Astuti saha Damayanti kaliyan panaliten menika inggih sami-sami ngrembag babagan undha usuk basa Jawi, ananging panaliten ngengingi undha usuk Basa Jawi, mliginipun ingkang wonten ing serat pedhalangan dereng nate dipuntindakaken. Bab menika tamtu wigati dipuntliti ngengeti menawi panganggening undha usuk

Basa Jawi wonten ing pewayangan kathah sanget sarta wonten tetembungan ingkang mligi dipunginakaken wonten ing pagelaran pewayangan.

D. Nalaring Pikir

Ewah-ewahaning jaman ingkang samsaya ngrembaka, njalari pangrembakaning pirantos komunikasi ingkang dipunginakaken. Pirantos komunikasi ingkang dumugi sakmenika taksih dipunuri-uri saha dipunlestantunaken dening masyarakat Jawi inggih menika basa Jawi, ingkang minangka basa ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan. Basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan, gadhah undha usuk basa ingkang dipunginakaken dening masyarakatipun nalika nindakaken pirembagan.

Panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing jaman sakmenika namung dipungolongaken dados kalih jinis, inggih menika basa ngoko saha basa krama. Panganggening undha usuk basa wonten ing masyarakat Jawi kagolongaken adhedhasar tingkatan, yuswa, pedamelan, kasugihan, lan sanesipun. Panganggening jinis undha usuk basa Jawi wonten ing wekdal menika ancasipun namung kangge pakurmatan dhumateng mitra tuturipun kemawon. Wonten ing jaman rumiyin, jinisipun undha usuk basa Jawi menika kagolongaken dados tigang tingkatan, inggih menika ngoko, madya, saha krama. Ancasipun migunakaken undha usuk menika boten namung kangge pakurmatan kemawon, ananging ugi kangge nedahaken *strata* sosial ingkang beda. Jinis undha usuk ingkang dados tigang tingkatan wonten ing wekdal sakmenika namung dipunginakaken wonten ing pagelaran seni kemawon, kadosta ringgit wacucal.

Jaman sakmenika, sampun kathah tiyang enem ingkang sampun boten mangertos babagan unggah unggah basa nalika nindakaken komunikasi kaliyan tiyang sanes. Panganggening jinis undha usuk ingkang sampun kasigeg dados kalih tingkatan kemawon, sampun kathah ingkang boten mangertos, menapa malih menawi migunakaken tigang tingkatan undha usuk basa Jawi. Saking andharan menika, prelu wontenipun tuladha panganggening undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken nalika nindakaken komunikasi kaliyan tiyang sanes.

Panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing ringgit menika boten nyebal saking raos sopan lan pakurmatan. Pamilihing undha usuk ingkang dipunginakaken nedahaken teges, ancasipun pirembagan, sarta kawontenan nalika pirembagan menika dipuntindakaken. Andharan menika nedahaken bilih, prelunipun dipunmangertosi bab menapa kemawon jinisipun undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken saha bab ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing ringgit ingkang saged dipundadosaken tuladha panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing padintenan. Kangge mangertosi bab ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing ringgit, dipunginakaken *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G* kangge nguji bab ingkang ndayani menika. *Prinsip S-P-E-A-K-I-N-G* dipunginakaken amargi menawi namung migunakaken teori tradhisional dipunraos taksih kirang nedahaken bab ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing ringgit, ing pundi teori ingkang tradhisional menika namung nengenaken *unsur participants* wonten ing *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G*.

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan wujud basa ingkang wonten ing masyarakat, saengga asilipun awujud *perian* basa ingkang sipatipun sampun limrah, kadosta *potret*, *paparan* kados dene kasunyatanipun (Sudaryanto, 1988: 62).

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken jinisipun undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta, ugi ngandharaken prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta.

B. Data saha Sumber Data Panaliten

Sumber *data* wonten ing panaliten menika minangka sumber seratan awujud buku pakem pedhalangan ingkang asesirah Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta kaserat dening Purwadi rikala taun 1992. Buku pakem pedhalangan menika migunakaken basa Jawi pedhalangan. Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta menika wosipun wonten 169 kaca, kanthi 5 adegan janturan, 75 pratelan, 22 pocapan saha 2 cakepan. *Data* panalitenipun awujud ukara-ukara ingkang nedahaken wontenipun undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan kasebut. Wosipun seratan serat pedhalangan menika saged dipuntanggél jawabaken amargi sumberipun kapustakan ugi saking buku pakem pedhalangan sarta rekaman pewayangan.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih *teknik* maos saha *teknik* nyathet. *Teknik* maos wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara: (1) maos sumberipun *data* inggih menika Serat pedhalangan Lampahan Kresna Duta, (2) nyukani tandha wonten ing pacelathonipun para paraga wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta ingkang kalebet *data* panaliten, inggih menika panganggening jinis undha usuk basa saha prekawis ingkang ndayani, (3) *teknik* maos dipuntindakaken kanthi premati, saengga saged manggihaken *data-data* ingkang dipunbetahaken wonten ing panaliten menika.

Sasampunipun *teknik* maos, salajengipun nindakaken *teknik* nyathet. *Teknik* nyathet katindakaken kanthi cara nyathet pocapanipun paraga wonten ing Lampahan Kresna Duta ingkang sampun dipunsukani tandha wonten ing kertu *data*.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunginakaken kangge mendhet *data*. Pirantining panaliten ingkang pokok inggih menika panaliti piyambak (*human instrument*). Pirantos ingkang dipunginakaken kangge biyantu mendhet *data* awujud kertu *data* ingkang dipunginakaken kangge nyatet jinisipun undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Wosipun kertu *data* inggih menika nomer *data*, *indikator*, jinis undha usuk, tetenger sarta prekawis ingkang ndayani. Salah satunggalipun tuladha wujud kertu *data* kados mekaten:

Tabel 1: **Tuladha Kertu Data**

Nomer <i>Data</i> Lampiran	29
<i>Indikator</i>	Prabu Kresna “Eyang, <u>keparenga</u> ingkang wayah nyambeti dhateng <u>pangandikanipun</u> yayi aji, eyang.” Prabu Matswapati “Putu Prabu Kresna pun eyang lilani putu Prabu Kresna nedya ngrewangi madhangke reruwet iki.”
Jinis Undha Usuk	Mudha Krama
Tetenger	Tembung Eyang, ingkang wayah, yayi aji (kangge pakurmatan) Keparenga, pangandikanipun (tembung krama inggil) Mudha Krama = basanipun krama + tembung krama inggil.
Prekawis ingkang ndayani	Raos kurmat dhateng tiyang enem dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh. Kawontenan <i>formal</i> (resmi) wonten ing pasewakan.

E. Cara Nganalisis *Data*

Lampahipun nganalisis *data* ingkang katindakaken wonten ing panaliten inggih menika:

1. Panyerat damel *deskripsi* sedaya prekawis ingkang kapanggihaken wonten ing panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Sedaya *data* ngengingi undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken dening paraga, cirinipun undha usuk basa Jawi sarta prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi kasebut dipunandharaken kanthi cetha.
2. *Data* dipunkaji kanthi migunakaken kajian sosiolinguistik, mliginipun *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G* (Hymes, 1974: 54-62). *Prinsip* menika dipunginakaken saperlu mangertosi saha nguji prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta ingkang

dipunginakaken dening para paraga. Kanthi migunakaken *prinsip* menika kaangkah badhe dipunmangertosi babagan prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk menika sampun leres menapa dereng unggah ungguh basa ingkang dipunginakaken. *Prinsip S-P-E-A-K-I-N-G* inggih menika rantaman saking *Setting and Scene-Partisipants-Ends-Act sequences-Key-Instrumentalities-Norms-Genres*.

F. Cara Ngesahaken Data

Cara anggenipun ngesahaken *data* panaliten menika minangka *validitas* saha *reliabilitas data*. Kegiatan ingkang dipuntindakaken kangge nggayuh asiling panaliten ingkang *valid*, inggih menika kanthi cara maos, nggatosaken, saha nganalisis kanthi premati kanthi pandom ingkang sampun kaandharaken wonten ing gegaran teori.

Cara kangge ngesahaken *data* wonten ing panaliten menika migunakaken *validitas expert judgement* utawi lelimbangan ahli. *Validitas* menika dipunginakaken kangge mangertosi *data* adhedhasar kasunyatanipun, inggih menika pirembagan saking paraga-paraga pewayangan wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Lelimbangan ahli minangka cara kangge nemtokaken *data* ingkang *valid*. *Validitas* lelimbangan ahli dipuntindakaken kanthi mriksakaken *data-data* asiling panaliten dhumateng dhalang ingkang sampun pana babagan undha usuk basa ingkang dipunginakaken wonten ing pewayangan Jawi menapa dene dosen ingkang ahli babagan linguistik.

Saking prekawis *reliabilitas, data* wonten ing panaliten menika dipunwaos saha dipunanalisis kanthi makaping-kaping, saengga angsal *data* ingkang tetep,

perkawis menika dipuntindakaken dening panyerat piyambak. Asilipun *data* lajeng dipunkaji miturut wosing perkawis ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten. Panaliten saged dipunpungkasi menawi *data* ingkang dipunginakaken sampun saestu tetep, saengga sampun saged dipunanalisis wonten ing karya ilmiah.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Buku pakem pedhalangan Lampahan Kresna Duta minangka salah satunggaling buku pakem pedhalangan ingkang ngandhut maneka warni piwulang saha pituladhan kautaman. Panganggening basa wonten ing buku pakem pedhalangan Lampahan Kresna Duta menika ugi saged dipundadosaken pandom anggenipun migunakaken undha usuk basa wonten ing padintenan. Wonten ing panaliten menika panliti gadhah ancas ngandharaken panganggening undha usuk basa Jawi saha prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk wonten ing serat pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Awit saking menika asiling panaliten awujud *deskripsi* panganggening undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken dening para paraga pewayangan wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Asiling panaliten kaperang dados kalih, inggih menika (1) panganggening jinis undha usuk basa Jawi wonten ing Lampahan Kresna Duta, (2) prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Lampahan Kresna Duta. Sedaya prekawis kasebut langkung jangkep kaandharaken wonten ing tabel.

Tabel 2 : Jinisipun Undha Usuk saha Prekawis ingkang Ndayani Panganggening Undha Usuk Basa Jawi Wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
1.	Ngoko Lugu	Kawontenan boten resmi wonten ing njawi keputren. (S)	“Apa aku mau kami tenggengen? Iya?” (DL 82)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kekalih paraga raket (sami-sami abdi).
		Inkang gineman Prabu Kresna kaliyan Dursasana. (P)	“Dursasana, bakal mandi sing dadi ucapmu, Dursasana.” (DL 244)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-mu). 4. Drajat mitra tutur langkung andhap.
		Ancasipun kangge mundhut priksa. (E)	“Apa kuwi, Dursasana?” (DL 242)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Drajat mitra tutur langkung andhap. 4. Awujud ukara pitakon.
		Awujud ukara pitakon. (A)	“E, apa iya? Lha apa sebabe kok tansah ora gelem?” (DL 92)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-e). 4. Kekalih paraga sami-sami abdi. 5. Ancasipun mundhut priksa.
		Swantenipun inggil. (K)	“He Karna, mantuku bocah bagus, mbok menawa Jagad iki nek seni yenta kowe bocah sing pinter micara, nganti wong wedok mbok apusi ora ngerti lan ora krasa, nyampar kuping lan pundhaking mara tuwa.” (DL 198c)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ku). 4. Drajat mitra tutur langkung andhap. 5. Manah panutur saweg duka.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Hwaaa. . Mbarep kakangku, kaya uwis cocok lan jumbuh yen ta jlitheng Kresna kakangku ingkang ngawaki dadi dutaning Pandhawa kang angka 3.” (DL 42)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ku). 4. Unggah ungguh panutur boten sae.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Setyaki, saiki pun kakang bakal takon marang jeneng sira.” (DL 125)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kekalih paraga raket.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Sira apa ngerti kuwajibane dadi kusir?” (DL 127)	1. Sedaya tembungipun ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kekalih paraga raket.
2.	Antya Basa	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“Putu Prabu Kresna pun Eyang lilani Putu Prabu Kresna nedya ngrewangi madhangake reruwet iki.” (DL 30)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ake). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi.
		Raden Utara kaliyan Raden Werkudara. (P)	“Banjur, sapa Ngger ingkang kepareng anyarirani mangka dutaning Pandhawa, Ngger?” (DL 102)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan resmi.
		Ancasipun nyumanggakaken tamu lenggah. (E)	“Banget panarimane pun kaki, Putu, ora liwat ngilangna ewuh lan pakewuh apa dene	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-e, -mu).

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			sanggarunggi tumuli kepenakna lenggahmu. ” (DL 3)	4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi.
		Awujud ukara pakon. (A)	“Duryudana, yenta bakal ndhahar marang pangandikane pun Ibu , sira kudu gelem njabel tembungmu sing uwis kok ucapake. ” (DL 225)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah 3. Panambang ngoko (-ne, -mu, -ake). 4. Mitra tutur minangka putranipun.
		Swantenipun inggil. (K)	“Waaaa.. Drupada, Pamanku , sakrawuhmu ora liwat basaku wae katura , Drupada, Pamanku. ” (DL 9)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ku -mu) 4. Unggah unggguh panutur boten sae.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Iya-iya, Putu Prabu keparenga andhahar lan nglelimbang marang pangandikane ingkang Raka iku, Putu. Lan keparenga pun kaki uga bakal paring wawasan ing babagan iki.” (DL 32)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ne). 4. Kawontenan resmi. 5. Mitra tutur langkung enem.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“ Putraku , Ngger, bocah kembar kemanikan ya, dak trima kanthi bungahing atiku dene sira sakloron	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (dak-, -ku, N-/ake).

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			ngaturake bekti marang wong tuwa, pangestuku wae tampanana, Kembar.” (DL 16)	4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Lha sapa Ngger, ingkang kepareng ndherekake tindake sang duta agung prapteng negara Ngastina.” (DL 106)	1. Tembung ngoko saha tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (N-/ake, -ake). 4. Kawontenan pasewakan.
3.	Basa Antya	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“Oh iya, nganti supe jeneng ingsun, lha ingsun kudu mundhut katrangan marang sapa Biyung, murih enggal dadi padhang rasaning atiku. ” (DL 281)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ku). 4. Katindakaken ing pasewakan.
		Ingang gineman Irawan kaliyan Banyak Calora. (P)	“Amung ngetutake tindaking suku kedheping netra. ” (DL 392)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (N-/ake). 4. Kekalih parag a boten kenal.
		Ancasipun supados Prabu Puntadewa enggal paring dhawuh dhumateng Prabu Kresna minangka Duta. (E)	“Ih lha dalah, Putu Prabu Punt, iya pun kaki anekseni sing dadi karsaning Putu Prabu anggone tansah gandrung marang kautaman, tansah angrek sa rahayuning	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ne). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi pasewakan.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			bawana. Tumuli Putu Prabu enggal pasraha marang ingkang raka ing Dwarawati, Putu.” (DL 45)	
		Awujud ukara Pakon. (A)	“ Putuku , Ngger wong sentosa dhadha baune , Werkudara pun Eyang nungsi pawarta, kepiye pawartane kerampungane pasewakane ingkang Eyang Prabu , Ngger.” “Tumuli enggal wedharna marang pun Eyang , Werkudara.” (DL 96)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ku, -ne). 4. Kawontenan resmi pasewakan. 5. Mitra tutur langkung enem.
		Swantenipun andhap. (K)	“Andadekna karawuhanmu , Yayi , pun kakang ora kepareng didherekake sapa wae, amarga pun kakang uwis nggawa pandherek dhewe saka negara Dwarawati, mula Yayi , enggal tata-tata bakal ingsun kanthi tumuju prapteng negara Ngastina, Yayi .” (DL 121)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (ka-/mu, di-/ake). 4. Kekalihipun raket. 5. Mitra tutur langkung enem.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	Yayi Setyaki, mara enggal udhunna kretane luwih dhisik, Yayi .”	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			(DL 149b)	2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-ne). 4. Kekalihipun raket.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“ Yayi Setyaki, ayo enggal padha bali awahana rata maneh, Yayi , iki ana tilasing rodha kreta Jati Surya, pun kakang kal nungka marang tindake Yayi Karna, Setyaki.” (DL 275)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-e). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kekalihipun raket.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Petruk, aku durung kalah, nanging ingsun iki gila marang gandaning raksesa, angganda amis lan bacin. Petruk, mara enggal pundhutna jemparingku , Petruk.” (DL 408)	1. Tembungipun ngoko saha tembung krama, sarta tembung kriya krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panambang ngoko (-na, -ku). 4. Mitra tutur minangka abdinipun.
4.	Madya Ngoko	Kawontenan boten resmi wonten ing plataran pendhapa Ngastina. (S)	“E ngaten , jane mumpung dijak perang gek thes-thes bres, glinthing-glinthing ngono.” (DL 271a)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘ngaten’ saha ‘dijak’. 3. Panambang ngoko (di-) 4. Manahipun panutur kuciwa.
		Cantrik kaliyan Gareng. (P)	“Ah anu Kang, Randhu Kentir mawon , Kang, Randhu Kentir bawane nika , dhuh Kusuma, nika lhe Kang.” (DL 351)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘mawon’, ‘nika’. 3. Panambang ngoko (-ne). 4. Kekalihipun abdi ingkang kirang raket. 5. Kawontenan boten resmi.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Ancasipun supados saged nglajengaken perang. (E)	“Kok njing ben kados pundi? Sakmenika mumpung kepanggih dijak perang, nek njing ben nek kepengin dadak goleki maneh.” (DL 269)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘njing ben’, ‘dijak’. 3. Panandha ngoko (-di, -i). 4. Manahipun panutur saweg kuciwa. 5. Kekalih paraga raket.
		Awujud ukara carita. (A)	“Alah, menggahing Prabu Kurupati babagan ngaten menika sampun biasa, kok le enak, negara mung diwenehake ngono wae.” (DL 233)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘ngaten’. 3. Panandha ngoko (di-/ake). 4. Unggah ungguh panutur boten sae. 5. Manah panutur saweg duka.
		Swantenipun inggil. (K)	“Wong ali-aline wis didol nggo ngliwet kok kon nggawa.” (DL 376)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘wis’, ‘didol’, ‘nggo’, ‘kon’. 3. Panandha ngoko (-ne) 4. Ancasipun kangge berbeda.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Samengko banjur kepiye mungguh marga kang bakal tinempuh rehning Kurawa kang disuhi dening si Kurupati teka wis angel diajak rembugan kanthi becik mungguh balining negara Ngendraprastha sakjajahane munggahing marang bumi Ngastina sing dadi	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘dijak’. 3. Panandha ngoko (di-/i, di-, sak-/ne, -ke, -ku). 4. Mitra tutur langkung enem.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			duweke putu- putuku Pandhawa.” (DL 27b)	
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	Yayi Setyaki, saiki dak jabel nggonmu dadi kusir lan siadhi mapan ana buri minangka <i>kernet</i> .” (DL 176b)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘nggonmu’. 3. Panandha ngoko (dak-, -mu). 4. Mitra tutur langkung enem.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Ing dina iki mbok menawa beda banget lawan dina-dina kang wis kawuri, Yayi. Nggone Yayi Setyaki ndherekake lawan tindake pun kakang.” (DL 115)	1. Tembung ngoko saha tembung madya. 2. Tembung wancah ‘wis’, ‘nggone’. 3. Panandha ngoko (N-/ake, -e, -ne). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kekalih paraga raket.
5.	Madya Krama	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan Guwa Barong. (S)	“Ndherek, teng pundi kemawon kula ndherek.” (DL 288)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘teng’. 3. Kawontenan pasewakan.
		Prabu Drupada kaliyan Prabu Puntadewa. (P)	“Lha dalah, hah-hah, inggi Ngger pangabektinipun Anak Prabu sampun kula tampi , namung dhawaha sami-sami nggi , Ngger.” (DL 6)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘nggi’. 3. Panandha krama (-ipun). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi pasewakan.
		Ancasipun badhe pamitan. (E)	“Dhi Cantrik, kula nyuwun pamit nggi , Dhi Cantrik.” (DL 374b)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘nggi’. 3. Paraga kirang raket.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Awujud ukara Pakon. (A)	“ Inggihi Kang, anu inggihi Kang, menawi benjing tindak mriki malih, panjenengan betakaken notasi lan cakepan langgam ali-ali nggihi , Kang.” (DL 375)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘nggihi’. 3. Panandha krama (-aken). 4. Kekalih paraga kirang raket.
		Swantenipun andhap. (K)	“ Ngertos wong kula ndherek.” (DL 292)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘ngertos’. 3. Kawontenan resmi.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“ Yayi Prabu Duryudana, kados pundi, kewala taksih kula entos sakwenining penggalih Paduka, amargi anggen Paduka paring dhawuh taksih kaworan nepsu.” (DL 248)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung madya ‘entos’. 3. Kawontenan resmi pasewakan. 4. Mitra tutur langkung enem.
		Anggenipun micanten boten tumata. (N)	“Ngger Anak Prabu, sumangga kula dherekaken lenggah nggihi , Ngger.” (DL 200)	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘nggihi’. 3. Panandha krama (-aken). 4. Mitra tutur langkung enem.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Oh lole-lole, kenthos waloh genjor monyor-monyor blegudhug ho weloh, Anak Prabu kula aturi enged sabda raja	1. Tembung madya saha tembung krama utawi krama inggil. 2. Tembung wancah ‘nggihi’. 3. Mitra tutur langkung enem. 4. Kawontenan resmi

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			nggih Ngger, boten kenging wola-wali.” (DL 234)	pasewakan.
6.	Kraman-tara	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“Menika menapa, Paman?” (DL 238)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
		Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. (P)	“Adhimas Yuyudana.” (DL 113)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
		Ancasipun mudhut priksa. (E)	“Sinten Bibi?” (DL 451)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kekalihipun raket.
		Awujud ukara pitakon. (A)	“Menika menapa, Paman?” (DL 238)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun. 4. Ancasipun mundhut priksa.
		Swantenipun andhap. (K)	“Adhimas Yuyudana.” (DL 113)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Sinten Bibi?” (DL 451)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kekalihipun raket.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Menika menapa, Paman?” (DL 238)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Adhimas Yuyudana.” (DL 113)	1. Tembung krama sedaya. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
7.	Wredha Krama	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“ Mangko ta Ngger Putu Prabu Drupada, sak praptane Putu Prabu ing negara Wiratha pun kaki	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (-ne, N-/-ake). 4. Mitra tutur langkung

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			ngaturake pasegahan pambagya panakrama, Ngger.” (DL 1b)	enem. 5. Kawontenan resmi.
		Resi Bhisma kaliyan Prabu Duryudana. (P)	“Putu Prabu, dak suwun Putu Prabu kersa ndhahar ature pun kaki, kang wus dak aturake , Putu.” (DL 217)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (dak-, -e, dak-/ake). 4. Mitra tutur langkung enem.
		Ancasipun badhe mundhut priksa. (E)	“Paran wigatine Yayi , dene Yayi Adipati Karna kongsi nilar pasamuwan, kamangka pasamuwan wau dereng paripurna, Yayi? ” (DL 416)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (-ne). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan boten resmi.
		Awujud ukara pakon. (A)	“ Yayi Karna, dak waspadakake si Adhi kok kaya anyimpen sesandining kersa ingkang piningit, mbok iyaa menawi kepareng , pun Kakang kepengin midhangetake , Yayi. ” (DL 422)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (dak-/ake, -ake). 4. Kekalih paraga raket. 5. Kawontenan boten resmi.
		Swantenipun andhap. (K)	“Putu Prabu, dak suwun Putu Prabu kersa ndhahar ature pun kaki, kang wus dak aturake , Putu.” (DL 217)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (dak-, -e, dak-/ake). 4. Mitra tutur langkung enem.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Paran wigatine Yayi , dene Yayi Adipati Karna kongsi nilar pasamuwan, kamangka pasamuwan wau dereng paripurna, Yayi? ” (DL 416)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (-ne). 4. Mitra tutur langkung enem.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“ Mangko ta Ngger, Putu Prabu Drupada, sak praptane Putu Prabu ing negara Wiratha pun kaki ngaturake pasegahan pambagya panakrama, Ngger.” (DL 1b)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (-ne, N-/ake). 4. Mitra tutur langkung enem. 5. Kawontenan resmi.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“ Yayi Karna, dak waspadakake si Adhi kok kaya anyimpen sesandining karsa ingkang piningit, mbok iyaa menawi kepareng , pun Kakang kepengin midhangetake , Yayi. ” (DL 422)	1. Tembung krama wuwuhan ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha ngoko (dak-/ake, -ake) 4. Mitra tutur langkung enem.
8.	Mudha Krama	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“ Eyang , keparenga ingkang wayah nyambeti dhateng pangandikanipun Yayi Aji, Eyang. ” (DL 29)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (-ipun). 4. Kawontenan resmi. 5. Mitra tutur langkung sepuh.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Bambang Irawan dhateng Bhagawan Jaya Wilapa. (P)	“ Eyang , sampun kula tampi ing asta kalih paring pangestu saking Eyang , mugi andayanana dhateng yuwananing gesang kula.” (DL 306)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung sepuh (eyang saha gurunipun).
		Ancasipun kangge pamitan. (E)	“Haih, Panembahan, kula inggihi badhe nyuwun pamit, Panembahan.” (DL 345)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur minangka bendaranipun.
		Awujud ukara pakon. (A)	“ Sendika ngestokaken dhawuh , Raden.” (DL 109)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (N-/-aken). 4. Kawontenan resmi.
		Swantenipun andhap. (K)	“Hong wilaheng sekaring bawana langgeng, tansaha paring pangayoman marang sagung tumuwuh.” (DL 299a)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Ancasipun dedonga dhateng Gusti.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“ Inggih menika kreta kula, namung wewenang sak wetahipun sampun kula pasrahaken dhateng Yayi Setyaki .” (DL 168)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (-ipun, -aken). 4. Kawontenan boten resmi. 5. Mitra tutur langkung sepuh.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Nuwun inggihi sendika ngestokaken ”	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			dhawuh. ” (DL 112)	3. Panandha krama (N-/-aken). 4. Kawontenan resmi.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“ Swawi kula dherekaken , Bibi.” (DL 477)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (-aken). 4. Mitra tutur langkung sepuh.
9.	Krama Inggil	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan. (S)	“Nadyanta ingkang putra ngaturaken sungkem pangabekti sakrawuhipun Paman Prabu wonten ing nagari Wiratha, Paman. ” (DL 5)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (N-/-aken, -ipun). 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paman Prabu’.
		Prabu Kresna kaliyan Prabu Drupada. (P)	“ Paman Prabu, sakrawuhipun Paman Prabu Drupada ing nagari Wiratha, ingkang putra ing Dwarawati ngaturaken pasegahan panakrami, Paman. ” (DL 7)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (N-/-aken, -ipun). 4. Kawontenan resmi. 5. Mitra tutur langkung sepuh. 6. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paman Prabu’.
		Ancasipun badhe nyadhong pawarta. (E)	“Raden nadyan ingkang abdi ing katemenggungan, Tumenggung Margajaya, ugi boten kantun keparenga nyadhong pawarta saking Paduka Gusti. ” (DL 100)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan resmi. 4. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paduka Gusti’.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		Awujud ukara pakon. (A)	“Sayogi Sinuwun , swawi kula aturi enggal paring dhawuh dhateng ingkang abdi , emban Kepet Mega.” (DL 278)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan resmi. 4. Mitra tutur minangka bendaranipun. 5. Tembung sesulih pakurmatan ‘Sinuwun’.
		Swantenipun andhap. (K)	“Sanadyan kula ugi ngaturaken pangabekti Paman, sakrawuh Paduka ing nagari Wiratha.” (DL 14)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (N-/aken). 4. Kawontenan resmi. 5. Mitra tutur langkung sepuh. 6. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paduka’.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Lajeng wonten wigatos punapa Kaka Prabu? ” (DL 116)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Mitra tutur langkung sepuh. 4. Tembung sesulih pakurmatan ‘Kaka Prabu’.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Sanadyan ingkang putra , pun Janaka ugi ngaturaken sembah sungkem pangabekti sakrawuh Paduka ing nagari Wiratha, Paman Prabu. ” (DL 11)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Panandha krama (N-/aken). 4. Kawontenan resmi. 5. Mitra tutur langkung sepuh. 6. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paman Prabu’.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Nuwun inggi kula tampi , Paman Prabu , mugi dadosa jimat paripih.” (DL 17)	1. Tembung krama saha krama inggil. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan resmi. 4. Mitra tutur langkung sepuh.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
				5. Tembung sesulih pakurmatan ‘Paman Prabu’.
10.	Basa Kedhaton	Kawontenann resmi wonten ing pasewakan. (S)	“Mawali-wali para Pandhawa tansah andamel ribetipun Raka Prabu , teka ing mangke ri jengandika para Pandhawa nyuwun gungan dhateng Kaka Prabu , keparenga Kaka Prabu ing Dwarawati kersaa nyarirani minangka duta ingkang angka 3 inggi h duta pamungkas.” (DL 48)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung kedhaton ‘jengandika’.
		Prabu Duryudana dhateng Dewi Gendhari. (P)	“ Ibu , menika wonten menapa Ibu ? Lajeng kanjeng Ibu ngasta curiga ?” (DL 220)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.
		Ancasipun panutur badhe ngasoraken rakesa. (E)	“Dak sampar, dak sandhung rambut gubet pada, dak pagas curiga .” (DL 398)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan boten resmi. 4. Mitra tutur rasesa. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.
		Awujud ukara carita. (A)	“Kacarita, nalika semanten pangandikanipun Yayi Prabu Duryudana, sakonduripun para Jawata, saking nglebet kedhaton	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			medal Bibi Dewi Gendhari, sampun angasta curiga. ” (DL 518)	
		Swantenipun inggil. (K)	“Lha arep dinggo apa nggawa curiga? ” (DL 521)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Tembung kedhaton ‘curiga’.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Dak sampar, dak sandhung rambut gubet pada, dak pagas curiga. ” (DL 398)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan boten resmi. 4. Mitra tutur raseksa. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Kacarita, nalika semanten pangandikanipun Yayi Prabu Duryudana, sakonduripun para Jawata, saking nglebet kedhaton medal Bibi Dewi Gendhari, sampun angasta curiga. ” (DL 518)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“ Ibu , menika wonten menapa Ibu? Lajeng kanjeng Ibu ngasta curiga? ” (DL 220)	1. Tembung krama/ngoko. 2. Tanpa tembung wancah. 3. Kawontenan pasewakan. 4. Mitra tutur langkung sepuh. 5. Tembung kedhaton ‘curiga’.
11.	Basa Kasar	Kawontenan boten resmi wonten ing plataran pendhapa. (S)	“ Bungkik mung kanggo alesan, parat , ora manut dak pidana, Bungkik. ” (DL 257)	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka. 3. Tembung kasar ‘bungkik’, ‘parat’.
		Burisrawa kaliyan Setyaki. (P)	“Hayo obaha kowe Bungkik , yen wis	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			dak kempit ngene iki apa arep bangga sira, Bungkik .” (DL 261)	3. Tembung kasar ‘bungkik’. 4. Kawontenan boten resmi
		Ancasipun kangge berbeda. (E)	“Piye, wanda kaya biting ngono wae arep mbanting.” (DL 327)	1. Tembung ngoko. 2. Ancasipun berbeda. 3. Tembung kasar ‘wanda’.
		Awujud ukara pakon. (A)	“He saiki wae, Bungkik , aku kebacut kaya ngene.” (DL 272)	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka. 3. Tembung kasar ‘bungkik’. 4. Kawontenan boten resmi.
		Swantenipun inggil. (K)	“Lha dalah, jebul Bungkik sing dadi kusir, parat , parandene ora ngerti marang pranatan soka sapa wae kang mapan ana negara Ngastina kudu manut marang pranatan negara Ngastina. He Bungkik , yenta sing njaga sitihinggil ki Burisrawa, gegandhengan sira wus ninggal marang tata krama, manuta dak pidana, Bungkik .” (DL 255)	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka. 3. Tembung kasar ‘bungkik’, ‘parat’. 4. Kawontenan boten resmi.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Ya men ta, crewet , tak ancema ora wong kuwi bojoku dhewe.” (DL 368)	1. Tembung ngoko. 2. Manah panutur duka. 3. Tembung kasar ‘crewet’.
		Anggenipun micanten kasar.	“Hanya-hanyah mandheg satriya,	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
		(N)	mandheg, adol kuwanen parat , wanoh wani liwat alas iki, apa wis bosen urip, parat , ayo ngakua, aja mati tanpa aran.” (DL 387)	3. Tembung kasar ‘parat’. 4. Kawontenan boten resmi.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“Ya ben ta, nyet eneke kene swara asu mbaung, kok crewet .” (DL 357)	1. Tembung ngoko. 2. Manahipun panutur duka amargi dipunbebeda. 3. Tembung kasar ‘asu’, ‘crewet’.
12.	Basa Kadewatan	Kawontenan boten resmi wonten satengahing margi. (S)	“Menika kados Pukulun Kanekaputra, tuwin Sang Hyang Kanwa, Sang Hyang Janaka tuwin Bathara Ramapharasu.” (DL 145)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Ingkang dipunginem Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘Pukulun’.
		Bathara Janaka kaliyan Prabu Kresna. (P)	“Iya Kresna, wis ulun tanpa.” (DL 155)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Ingkang ngendika Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘ulun’.
		Ancasipun kangge matur nuwun. (E)	“Ngaturaken gunging panuwun, pukulun , dene lampah kula sineksenan dening para Jawata.” (DL 147)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Mitra tuturipun Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘Pukulun’.
		Awujud ukara carita. (A)	“Iya Ngger Kresna, jeneng ulun lan para kadang Jawata kang mrepegi marang laku kita , mangka pengawak dutaning Pandhawa. Jeneng	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Ingkang ngendika Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘jeneng ulun’, ‘kita’.

Tabel Salajengipun

No.	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani	Data	Katrangan
			ulun kadhawuhan dening Sang Hyang Manikmaya kinen anekseni marang lelakon iki, ya amarga lelakon iki kang bakal nemtokake lelakon sakteruse.” (DL 146)	
		Swantenipun andhap. (K)	“Nuwun inggih sendika ngestokaken dhawuh Pukulun .” (DL 149a)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Mitra tuturipun Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘Pukulun’.
		Awujud pirembagan ingkang sinerat. (I)	“Nuwun inggih, kok ngantos semanten keparengipun Kanjeng Pukulun .” (DL 159)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Mitra tuturipun Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘Pukulun’.
		Anggenipun micanten andhap asor. (N)	“Iya-iya Ngger, Kresna, banget ing panarima ulun , dening kita ngaturake bekti.” (DL 154)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Ingkang ngendika Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘ulun’, ‘kita’.
		Basanipun minangka basa sastra wayang. (G)	“ Pukulun Naradha, Pukulun Kanwa, Pukulun Janaka, dalah Pukulun Ramapharasu, sakrawuh Paduka Pukulun ingkang wayah, pun Kresna ngaturaken sembah sungkem pangabekti, Pukulun .” (DL 152)	1. Tembung ngoko utawi krama. 2. Mitra tuturipun Dewata. 3. Tembung kadewatan ‘Pukulun’.

Adhedhasar tabel wonten ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan jinisipun undha usuk basa Jawi ingkang dipunginakaken para paraga wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta saged kagolongaken dados kalih welas (12) jinis, inggih menika ngoko lugu, antya basa, basa antya, madya ngoko, madya krama, kramantara, wredha krama, mudha krama, krama inggil, basa kedhaton, basa kasar sarta basa kadewatan. Panganggening undha usuk menika dipundayani dening prekawis tartamtu, antawisipun kahanan (resmi saha boten resmi), yuswa saha drajat panutur dhateng mitra tutur, ancasipun gineman, anggenipun micanten (trapsila micanten), sarta unggah ungguh basa panutur ingkang boten sae. Panganggening undha usuk Basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta nedahaken tuladha undha usuk basa Jawi.

B. Pirembaganipun

Adhedhasar asiling panaliten menika, saged dipuntingali jinisipun undha usuk Basa Jawi saha prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk Basa Jawi ingkang dipunginakaken dening para paraga wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Kangge mangertosi prekawis ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi saged dipunginakaken *prinsip S-P-E-A-K-I-N-G. Setting and Scene (S)* inggih menika papan (kedhaton, wana, margi) sarta kahanan (kahanan *psikis*) wonten pundi pirembagan dipunadani. *Participants (P)* inggih menika paraga-paraga ingkang nindakaken pirembagan. *Ends (E)* inggih menika ancasipun pirembagan ingkang dipuntindakaken dening paraga. *Act sequences (A)* inggih menika wujud saha wosing pirembagan ingkang dipuntindakaken paraga. *Keys (K)* inggih menika *nada* utawi kados pundi para

paraga anggenipun nindakaken pirembagan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan ancasipun pirembagan. *Instrumentalities* (*I*) inggih menika pirantining pirembagan, wonten ing panaliten menika sedayanipun awujud pirembagan ingkang sinerat. *Norms* (*N*) inggih menika norma ingkang dipuntindakaken para paraga nalika nindakaken pirembagan (kados pundi anggenipun paraga menika micanten). *Genres* (*G*) inggih menika wujudipun wacana saking pirembagan, wonten ing panaliten menika wujudipun sedaya kalebet basa sastra wayang. Andharan ingkang jangkep badhe kababaraken wonten ing ngandhap menika.

1. Jinisipun Undha Usuk saha Prekawis ingkang Ndayani

a. Ngoko Lugu

Salah satunggalipun undha usuk ingkang dipunginakaken para paraga wonten ing Lampahan Kresna Duta inggih menika ngoko lugu. Undha usuk ngoko lugu minangka jinisipun undha usuk basa Jawi ingkang sedaya tembungipun awujud tembung ngoko, mekaten ugi ater-ater saha panambangipun. Wonten ing tuturan ngoko lugu boten badhe kapanggihaken tembung krama inggil saha krama, ingkang katujokaken kangge O2 punapa dene kangge O3. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk ngoko lugu.

Konteks: pacelathon kadadosan nalika Limbuk kaliyan Cangik saweg ndherekaken bendaranipun ingkang sampun mlebet wonten ing keputren.

- (1) Cangik : “Apa aku mau kami tenggengen? Iya ?”
 Limbuk : “Ora mung ndomblong, kaya sapi ompong.”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 82-83)

Pethikan tuturan angka (1) menika kadadosan wonten ing kawontenan ingkang boten resmi antawisipun Cangik kaliyan Limbuk. Cangik kaliyan Limbuk anggenipun gineman migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Apa aku mau kami tenggengen? Iya?”. Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘apa’, ‘aku’, ‘mau’, ‘iya’, ingkang kalebet tembung ngoko. Sedayanipun awujud tembung ngoko tanpa ater-ater punapa dene panambang ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (2).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan antawisipun Dursasana kaliyan Prabu Kresna.

(2) Dursasana : “Menika wujudipun ingkung, nuhoni prentuling batos kula, Kaka Prabu, menika ingkung badhe kula potheng-potheng, na-na, menika sasampunipun kula potheng-potheng lajeng kula aturaken dhateng Kaka prabu. Kaka Prabu kula aturi nekseni, para Pandhawa badhe kalampahan nggayuh nagara Ngamarta lan Ngastina menawi Dursasana sampun pinotheng-potheng raganipun kados dene ingkung menika, Kaka Prabu.”

Prabu Kresna : “Dursasana, bakal mandi sing dadi ucapmu, Dursasana.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 243-244)

Pethikan tuturan angka (2) kasebut kadadosan antawisipun Dursasana kaliyan Prabu Kresna. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Dursasana, bakal mandi sing dadi ucapmu, Dursasana.” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘bakal’, ‘mandi’, ‘sing’, ‘dadi’, kalebet tembung ngoko. Panambang -mu wonten ing tembung ‘ucapmu’ minangka panandha

ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (3).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten pasewakan nalika Prabu Kresna mudhut priksa dhateng Dursasana ngengingi sumpahipun Dursasana.

(3) Dursasana : “Kaka Prabu, kula aturi mriksani, Kaka Prabu.”

Prabu Kresna : “Apa kuwi, Dursasana?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 241-242)

Pethikan tuturan angka (3) kasebut kadadosan antawisipun Dursasana kaliyan Prabu Kresna. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk ngoko lugu dene Dursasana migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Apa kuwi, Dursasana” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘apa’ saha ‘kuwi’, kalebet tembung ngoko. Sedaya tembungipun awujud tembung ngoko tanpa ater-ater menapa dene panambang ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (4).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Limbuk kaliyan Cangik wonten ing kawontenan ingkang boten resmi.

(4) Limbuk : “Lhaeee, lhae, apa mangkono iku kalebu disirik bebrayan ta Yung? yen pancen iku tindak kang ora becik wiwit saiki aku yo tak ngowahi tindakku. Mung olehmu ngandika kepengin selak ngudang putu iku, lan ora ana wong nakok-nakokake aku iki geseh karo kanyatane. Mangkene sejatine wis akeh para priya kang kepengin ngepek aku. Nanging aku sing durung gelem. Malah ana sing arep nyingseti barang, Yung, mung bae, aku durung tau matur Biyung.”

Cangik : “E, apa iya? Lha apa sebabe kok tansah ora gelem?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 91-92)

Pethikan tuturan angka (4) kasebut kadadosan antawisipun Limbuk kaliyan Cangik. Cangik anggenipun micanten migunakaken undha usuk ngoko lugu, dene Limbuk anggenipun micanten migunakaken undha usuk antya basa. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “E, apa iya? Lha apa sebabe kok tansah ora gelem?” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘apa’, ‘iya’, ‘ora’, ‘gelem’, kalebet tembung ngoko. Panambang -e wonten ing tembung ‘sebabe’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (5).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi nalika Prabu Salyapati ngendika dhateng Adipati Karna.

- (5) P Salyapati : “He Karna, mantuku bocah bagus, mbok menawa Jagad iki nekseni yenta kowe bocah sing pinter micara, nganti wong wedok mbok apusi ora ngerti lan ora krasa, nyampar kuping lan pundhaking mara tuwa. Karna ing Pendhapa Ngastina iki akeh rerengan gupala-gupala, ngerti kowe gupala, gupala ki reca, reca mau saking pintere sing nggawe nganti kaya manungsa, jebul pendhapa iki ana manungsa sing kaya dene reca, mati rasane.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 198c)

Pethikan tuturan angka (5) kasebut kadadosan antawisipun Prabu Salyapati kaliyan Adipati Karna. Prabu Salyapati ingkang langkung sepuh migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “He Karna, mantuku bocah bagus, mbok menawa Jagad iki nekseni yenta kowe bocah sing pinter micara, nganti wong wedok mbok apusi ora ngerti lan ora krasa, nyampar kuping lan pundhaking mara tuwa. Karna ing Pendhapa Ngastina iki akeh rerengan gupala-gupala, ngerti kowe gupala, gupala ki reca, reca mau saking pintere sing nggawe nganti kaya manungsa, jebul pendhapa iki ana manungsa sing

kaya dene reca, mati rasane.” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘bocah’, ‘menawa’, ‘iki’, ‘kowe’, ‘sing’, ‘pinter’, ‘nganti’, ‘wong wedok’, ‘apusi’, ‘ora’, ‘ngerti’, ‘krasa’, ‘kuping’, ‘akeh’, ‘mau’, ‘kaya’, ‘mati’, kalebet tembung ngoko. Panambang -ku saha -e wonten ing tembung ‘mantuku’, ‘delege’ saha ‘pintere’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (6).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi nalika Werkudara micanten dhateng Prabu Puntadewa.

- (6) R Werkudara : “Hwaaa. . Mbarep kakangku, kaya uwis cocok lan jumbuh yen ta jlitheng Kresna kakangku ingkang ngawaki dadi dutaning Pandhawa kang angka 3.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 42)

Pethikan tuturan angka (6) kasebut kadadosan antawisipun Raden Werkudara kaliyan Prabu Puntadewa. Raden Werkudara ingkang langkung enem migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Hwaaa. .Mbarep kakangku, kaya wis cocok lan jumbuh yen ta jlitheng Kresna kakangku ingkang ngawaki dadi dutaning Pandhawa kang angka 3.” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘mbarep’, ‘kaya’, ‘wis’, ‘cocok’, ‘dadi’, kalebet tembung ngoko. Panambang -ku saha wuwuhan rangkep N-/i wonten ing tembung ‘kakangku’, ‘ngawaki’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (7).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki.

- (7) Prabu Kresna : “Setyaki, saiki pun kakang bakal takon marang jeneng sira.”

Raden Setyaki : “Inggih, ing babagan punapa Kaka Prabu.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 125-126)

Pethikan tuturan angka (7) kasebut kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk ngoko lugu.. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Setyaki, saiki pun kakang bakal takon marang jeneng sira.” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘saiki’, ‘bakal’, ‘takon’, ‘marang’, ‘jeneng’, kalebet tembung ngoko. Sedayanipun awujud tembung ngoko, tanpa ater-ater menapa dene panambang ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk ngoko lugu saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (8).

Konteks: pancelathon katindakaken wonten ing satengahing margi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki.

- (8) Prabu Kresna : “Sira apa ngerti kuwajibane dadi kusir?”
Raden Setyaki : “Kuajibanipun kusir menika njereng rendeng, ngudhak dedhak lan makani jaran.””
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 127-128)

Pethikan tuturan angka (8) kasebut kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna kal anggenipun ngendika migunakaken undha usuk ngoko lugu, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha ngoko lugu dipuntingali saking ukara “Sira apa ngerti kuwajibane dadi kusir?” Saking ukara kasebut saged dipunmangertosi bilih tembung ‘apa’, ‘ngerti’, ‘dadi’, kalebet tembung ngoko. Panambang -e wonten ing tembung ‘kuwajibane’ minangka panandha ngoko.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk ngoko lugu menika dipundayani dening prekawis

tartamtu. Undha usuk ngoko lugu limrah dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, pethikan angka (1), (2), (3), (4), (7) sarta (8). Undha usuk ngoko lugu nedahaken raos raket (akrab) antawisipun paraga, boten nedahaken pakurmatan dhumateng paraga sanesipun, limrahipun drajat panutur kaliyan mitra tutur ingkang sami, pethikan angka (1), (2) sarta (4). Undha usuk ngoko lugu dipunginakaken dening paraga ingkang drajatipun inggil nalika ngendika dhateng andhahanipun, pethikan angka (3), (7) sarta (8), tiyang sepuh dhateng putra wayahipun.

Undha usuk ngoko lugu ugi saged dipunginakaken kangge gegojegan antawisipun paraga ingkang raket sanget, menapa dene dhateng pepadhanipun, limrahipun menawi wonten ing wayang, dipunginakaken dening para punakawan menapa dene abdi sanesipun, pethikan angka (1), (2) sarta (4).

Pethikan tuturan angka (5) saha (6) menawi dipunpremati, kekalihipun migunakaken undha usuk ngoko lugu. Pethikan tuturan angka (5) dipuntindakaken dening Prabu Salyapati dhateng Adipati Karna. Pacelathon menika menawi dipunpremati dipuntindakaken wonten ing kawontenan resmi wonten ing pasewakan. Nalika ngendika dhumateng Adipati Karna, Prabu Salyapati ingkang langkung sepuh migunakaken undha usuk ngoko lugu, ananging nalika micanten swantenipun inggil.

Sajatosipun Prabu Salyapati sampun leres anggenipun ngendika migunakaken undha usuk ngoko lugu amargi Adipati Karna langkung enem, ananging pirembagan menika katindakaken wonten ing kawontenan resmi pasewakan, saengga limrahipun Prabu Salyapati migunakaken basa Kedhaton

menapa dene krama inggil. Saking andharan menika, katingal bilih Prabu Salyapati anggenipun micanten migunakaken ngoko lugu menika amargi piyambakipun duka, saengga anggenipun micanten sampun kawoworan nepsu.

Pethikan tuturan angka (6) dipundayani dening unggah ungguh basa Raden Werkudara ingkang boten sae. Pirembagan menika dipuntindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan. Nalika ngendika dhumateng Prabu Puntadewa, Raden Werkudara ingkang langkung enem migunakaken undha usuk ngoko lugu. Miturut pranatan Raden Werkudara boten leres anggenipun ngendika migunakaken ngoko lugu amargi Prabu Puntadewa menika langkung sepuh ewadene namung rakanipun piyambak. Raden Werkudara limrahipun migunakaken basa Kedhaton menapa dene krama inggil menawi wonten ing pasewakan. Saking andharan menika katingal bilih Raden Werkudara menika anggenipun micanten migunakaken ngoko lugu amargi piyambakipun boten kagungan unggah ungguh ingkang sae. Raden Werkudara minangka paraga wayang ingkang namung kersa migunakaken undha usuk krama nalika kapanggih kaliyan Dewa Ruci, menawi ngormati paraga sanesipun, Raden Werkudara namung migunakaken undha usuk ngoko andhap.

b. Antya Basa

Antya basa minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung ngoko ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, kanthi ancas ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman. Kangge ater-ater dak-, ko-, di-, saha panambang -ku, -mu,

-ake, -e, taksih dipunginakaken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk antya basa.

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan nalika Prabu Matswapati maringi pangestu dhumateng Prabu Kresna.

(9) P Matswapati : “Putu Prabu Kresna, pun **Eyang** lilani Putu Prabu Kresna **nedya** ngrewangi madhangake reruwet iki”

Prabu Kresna : “Nun, inggih Eyang ngaturaken gunging panuwun”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 30-31)

Pethikan tuturan angka (9) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Kresna. Prabu Matswapati minangka nalendra ingkang langkung sepuh migunakaken undha usuk antya basa, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Putu Prabu Kresna pun **eyang** lilani putu Prabu Kresna **nedya** ngrewangi madhangake reruwet iki.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘putu’, ‘ngrewangi’, saha ‘iki’ ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘eyang’ saha ‘nedya’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -ake wonten ing tembung ‘madhangake’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (10).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing nagari Wiratha nalika Raden Utara mundhut priksa dhumateng Raden Werkudara.

(10) Raden Utara : “Banjur, sapa Ngger ingkang **kepareng anyarirani** mangka dutaning Pandhawa, Ngger?”

R Werkudara : “Eyang Utara, ingkang kepareng mangka dutaning Pandhawa ya duta pamungkas yaiku kakang Prabu Kresna.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 102-103)

Pethikan tuturan angka (10) menika kadadosan antawisipun Raden Utara kaliyan Raden Werkudara. Raden Utara saha Raden Werkudara anggenipun micanten sami-sami migunakaken undha usuk antya basa. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Banjur, sapa Ngger ingkang **kepareng anyarirani** mangka dutaning Pandhawa, Ngger?” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘banjur’, ‘sapa’, ‘mangka’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘kepareng’ saha ‘anyarani’, kalebet tembung krama inggil. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (11).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan nalika Prabu Matswapati nyumanggakaken Prabu Drupada lenggah.

- (11) P Matswapati : “Banget **panarimane** pun kaki, Putu, ora liwat ngilangna ewuh lan pakewuh apa dene sanggarunggi tumuli kepenakna **lenggahmu**.”
 Prabu Drupada : “Nuwun **inggih**, kados-kados boten kirang sekeca anggen kula marak wonten **ngarsanipun kanjeng Eyang**.”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 3-4)

Pethikan tuturan angka (11) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Drupada. Prabu Matswapati anggenipun ngendika migunakaken undha usuk antya basa, dene Prabu Drupada migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Banget **panarimane** pun kaki, Putu, ora liwat ngilangna ewuh lan pakewuh apa dene sanggarunggi tumuli kepenakna **lenggahmu**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘banget’, ‘ora’, ‘liwat’, ‘ewuh’, saha ‘apa’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung lingga ‘lenggah’ wonten ing tembung

‘lenggahmu’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -ne saha -mu wonten ing tembung ‘panarimane’, saha ‘lenggahmu’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (12).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten pasewakan Ngastina nalika Dewi Gendhari ngendika dhateng Prabu Duryudana.

(12) P Duryudana : “Nuwun inggih, lajeng kados pundi dhawuh Paduka Ibu, ingkang putra badhe nyendikani keparengipun kanjeng Ibu.”

Dewi Gendhari : “Duryudana, yenta bakal **ndhahar** marang **pangandikane** pun **Ibu**, sira kudu gelem njabel **tembungmu** sing uwis kok **ucapake**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 224-225)

Pethikan tuturan angka (12) menika kadadosan antawisipun Prabu Duryudana kaliyan Dewi Gendhari. Dewi Gendhari anggenipun ngendika migunakaken undha usuk antya basa. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Duryudana, yenta bakal **ndhahar** marang **pangandikane** pun **Ibu**, sira kudu gelem njabel **tembungmu** sing uwis kok **ucapake**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bakal’, ‘kudu’, ‘gelem’, ‘sing’, ‘uwis’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘ndhahar’, ‘ibu’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -ne, -mu, saha -ake wonten ing tembung ‘pangandikane’, ‘tembungmu’, saha ‘diucapake’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (13).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan nalika Raden Werkudara ngaturaken sugeng rawuh dhateng Prabu Drupada.

(13) R Werkudara : “Waaa...Drupada, **Pamanku**, **sakrawuhmu** ora liwat **basaku** wae katura, Drupada, **Pamanku**.”

Prabu Drupada : “Anakku wong jarot, anakku wong jlonet ingkang sentosa ing dhadha baune, iya-iya Bratasena, banget andadekake suka marwata, gembira tyasing pun bapa, dene sira ngaturake bekti marang pun bapa, amung pangestuku wae dikebat tampanana, Werkudara.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 9-10)

Pethikan tuturan angka (13) menika kadadosan antawisipun Raden Werkudara kaliyan Prabu Drupada. Raden Werkudara saha Prabu Drupada sami-sami migunakaken undha usuk antya basa. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Waaa...Drupada, **Pamanku, sakrawuhmu** ora liwat **basaku** wae katura, Drupada, **Pamanku.**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ora’, ‘liwat’, saha ‘wae’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung lingga ‘rawuh’ wonten ing tembung ‘sakrawuhmu’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -mu saha -ku wonten ing tembung ‘sakrawuhmu’, ‘Pamanku’, saha ‘basaku’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (14).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing nagari Wiratha antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Puntadewa.

(14) P Matswapati : “Iya-iya, Putu prabu **keparenga andhahar** lan nglelimbang marang **pangandikane ingkang Raka** iku, Putu. Lan **keparenga** pun kaki uga bakal **paring** wawasan ing babagan iki.”

P Puntadewa : “Nuwun inggih kados pundi, Eyang?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 32-33)

Pethikan tuturan angka (14) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Puntadewa. Prabu Matswapati anggenipun ngendika migunakaken undha usuk antya basa. Panandha antya basa dipuntingali saking

ukara “Iya-**iya**, Putu prabu **keparenga andhahar** lan nglelimbang marang **pangandikane ingkang Raka** iku, Putu. Lan **keparenga** pun kaki uga bakal **paring** wawasan ing babagan iki.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘iya’, ‘putu’, ‘lan’, ‘marang’, ‘iku’, ‘uga’, ‘bakal’, ‘iki’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘keparenga’, ‘andhahar’, ‘ingkang Raka’, ‘paring’, kalebet tembung krama inggil. Panambang -ne wonten ing tembung ‘pangandikane’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (15).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Prabu Drupada nampi sembah pangabekti saking Raden Nakula saha Raden Sadewa sarta maringi pangestu dhumateng kekalihipun.

- (15) Prabu Drupada : “**Putraku**, Ngger, bocah kembar kemanikan, ya **dak trima** kanthi bungahing **atiku** dene sira sakloron **ngaturake** bekti marang wong tuwa, **pangestuku** wae tampanana, Kembar.”
- Raden Nakula : “Nuwun inggih kula tampi, Paman prabu, mugi dadosa jimat paripih.”
- Raden Sadewa : “Nuwun inggih sampun kula tampi ing asta kalih, Paman, kapeteg ing pranaja, mugi anyembuha dhateng bagya kayuwanan kula.”
- (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 16-18)

Pethikan tuturan angka (15) menika kadadosan antawisipun Prabu Drupada kaliyan Raden Nakula saha Raden Sadewa. Prabu Drupada anggenipun ngendika migunakaken undha usuk antya basa, dene Raden Kembar migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “**Putraku**, Ngger, bocah kembar kemanikan ya, **dak trima** kanthi bungahing **atiku** dene sira sakloron **ngaturake** bekti marang wong tuwa, **pangestuku** wae tampanana, Kembar.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bocah’,

‘trima’, ‘ati’, ‘marang’, ‘wong tuwa’ ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘ngaturake’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Ater-ater dak-wonten ing tembung ‘dak trima’ saha panambang -ku wonten ing tembung ‘putraku’, ‘atiku’, ‘pangestuku’, sarta wuwuhan rangkep N-/ake wonten ing tembung ‘ngaturake’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk antya basa saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (16).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing nagari Wiratha nalika Raden Wratsangka mundhut priksa dhateng Raden Werkudara ngengingi ingkang ndherekaken Prabu Kresna.

(16) Raden Wratsangka: “Lha sapa Ngger, ingkang **kepareng ndherekake tindake** sang duta agung **prapteng** negara Ngastina?”

Raden Werkudara : “Kresna kakangku ora kepareng didherekake sapa wae, amarga wis darbe pandherek dhewe, yaiku si Setyaki.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 106-107)

Pethikan tuturan angka (16) menika kadadosan antawisipun Raden Wratsangka kaliyan Raden Werkudara. Raden Wratsangka kaliyan Raden Werkudara anggenipun ngendika sami-sami migunakaken undha usuk antya basa. Panandha antya basa dipuntingali saking ukara “Lha sapa Ngger, ingkang **kepareng ndherekake tindake** sang duta agung **prapteng** negara Ngastina?” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sapa’ ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘kepareng’ saha ‘prapteng’ sarta tembung lingga ‘tindak’ wonten ing tembung ‘tindake’, kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N-/ake saha panambang -e wonten ing tembung ‘ndherekake’ saha ‘tindake’ minangka panandha ngoko.

Saking *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih tuturan panganggening undha usuk antya basa dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk antya basa saged dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi, pethikan angka (9)-(16). Undha usuk antya basa dipunginakaken kangge nedahaken raos kurmat dhumateng paraga sanesipun, ingkang dipunajak gineman menapa dene ingkang dipunginem. Limrahipun undha usuk antya basa dipunginakaken dening paraga ingkang langkung sepuh ananging drajat mitra tuturipun inggil, utawi kangge sekedhik ngormati mitra tuturipun, saengga nedahaken drajat ingkang beda.

Pethikan tuturan angka (13) menawi dipunpremati, panganggenipun undha usuk antya basa menika dipunginakaken dening tiyang enem dhateng tiyang ingkang langkung sepuh. Pethikan tuturan angka (13) dipuntindakaken dening Raden Werkudara. Raden Werkudara minangka paraga wayang ingkang unggah unggahipun boten sae. Piyambakipun namung migunakaken undha usuk ngoko andhap dhateng mitra tutur ingkang drajatipun inggil kangge pakurmatan, dene piyambakipun namung kersa migunakaken basa krama nalika sowan kaliyan Dewa Ruci.

c. Basa Antya

Basa antya minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung ngoko ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama saha krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, kanthi ancas ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman, kejawi tembung panuduh ingkang boten saged dipunkramakaken. Kangge ater-ater dak-, ko-, di-, saha panambang -ku, -mu, -

ake, -e, taksih dipunginakaken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk basa antya.

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan antawisipun Emban Kepet Mega kaliyan Prabu Kala Srenggi.

(17) Emban Kepet Mega : “Dhuh Sinuwun menawi Paduka mundhut priksa ing babagan menika ingkang abdi boten mangertos, ngengeti bilih kula menika wonten ing mriki dados abdi enggal.”

Prabu Kala Srenggi : “Oh iya, nganti **supe** jeneng ingsun, lha ingsun kudu **mundhut** katrangan marang sapa Biyung, murih **enggal** dadi padhang rasaning **atiku**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 280-281)

Pethikan tuturan angka (17) menika kadadosan antawisipun Emban Kepet Mega kaliyan Prabu Kala Srenggi. Prabu Kala Srenggi minangka nalendra migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “Oh iya, nganti **supe** jeneng ingsun, lha ingsun kudu **mundhut** katrangan marang sapa Biyung, murih **enggal** dadi padhang rasaning atiku.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘iya’, ‘nganti’, ‘kudu’, ‘marang’, ‘sapa’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘supe’ saha ‘enggal’ kalebet tembung krama, dene tembung ‘mundhut’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -ku wonten ing tembung ‘atiku’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (18).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing wana antawisipun Banyak Calora kaliyan Bambang Irawan.

(18) Banyak Calora : “Banjur menyang ngendi sedyamu?”
Bambang Irawan : “Amung **ngetutake tindaking suku** kedheping **netra**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 391-392)

Pethikan tuturan angka (18) menika kadadosan antawisipun Banyak Calora kaliyan Bambang Irawan. Bambang Irawan anggenipun micanten migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “Amung **ngetutake tindaking suku** kedheping **netra**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘amung’, ‘kedheping’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘suku’ kalebet tembung krama, dene tembung lingga ‘tindak’ wonten ing tembung ‘tindaking’ saha tembung ‘netra’ kalebet tembung krama inggil. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (19).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pasewakan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Puntadewa.

(19) P Matswapati : “Ih lha dalah, Putu Prabu Punta, iya pun kaki anekseni sing dadi **karsaning** Putu Prabu anggone tansah gandrung marang kautaman, tansah angreksa **rahayuning** bawana. Tumuli Putu Prabu **enggal** pasraha marang **ingkang raka** ing Dwarawati, Putu.”

P Puntadewa : “Nun inggih Eyang, mangke ta, Kaka Prabu ing Dwarawati.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 45-46)

Pethikan tuturan angka (19) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Puntadewa. Prabu Matswapati anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa antya, dene Prabu Puntadewa migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “Ih lha dalah, Putu Prabu Punta, iya pun kaki anekseni sing dadi **karsaning** Putu Prabu anggone tansah gandrung marang kautaman, tansah angreksa **rahayuning** bawana. Tumuli Putu Prabu **enggal** pasraha marang **ingkang raka** ing Dwarawati, Putu.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘iya’, ‘sing’, ‘dadi’, ‘anggone’, ‘marang’,

saha ‘putu’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung lingga ‘rahayu’ wonten ing tembung ‘rahayuning’ saha tembung ‘enggal’ kalebet tembung krama, dene tembung lingga ‘karsa’ wonten ing tembung ‘karsaning’ saha tembung ‘ingkang raka’ kalebet tembung krama inggil. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (20).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten nagari Wiratha nalika Raden Utara mundhut priksa dhateng Raden Werkudara.

- (20) Raden Utara : “**Putuku**, Ngger wong sentosa dhadha **baune**, Werkudara pun **Eyang** nungsung pawarta, kepiye **pawartane kerampungane pasewakane** ingkang **Eyang Prabu**, Ngger.”
 “Tumuli **enggal** wedharna marang pun **Eyang**, Werkudara.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 96)

Pethikan tuturan angka (20) menika kadadosan antawisipun Raden Utara kaliyan Raden Werkudara. Raden Utara anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “**Putuku**, Ngger wong sentosa dhadha **baune**, Werkudara pun **Eyang** nungsung pawarta, kepiye **pawartane kerampungane pasewakane** ingkang **Eyang Prabu**, Ngger. Tumuli **enggal** wedharna marang pun **Eyang**, Werkudara.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘wong’, ‘kepiye’, ‘marang’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘enggal’ minangka tembung krama, dene tembung ‘eyang’, kalebet tembung krama inggil. Panambang -ku, saha -ne wonten ing tembung ‘Putuku’, ‘baune’, ‘pawartane’, ‘kerampungane’, saha ‘pasewakane’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (21).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing nagari Wiratha antawisipun Raden Setyaki kaliyan Prabu Kresna.

- (21) Raden Setyaki : “Lajeng sinten ingkang badhe kakanthi andherekaken tindakipun Kaka Prabu?”
 Prabu Kresna : “Andadekna **karawuhanmu, Yayi**, pun kakang ora **kepareng didherekake** sapa wae, amarga pun kakang uwis nggawa pandherek dhewe saka negara Dwarawati, mula **Yayi, enggal** tata-tata bakal ingsun kanthi tumuju **prapteng** negara Ngastina, **Yayi**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 120-121)

Pethikan tuturan angka (21) menika kadadosan antawisipun Raden Setyaki

kaliyan Prabu Kresna. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “Andadekna **karawuhanmu, Yayi**, pun kakang ora **kepareng didherekake** sapa wae, amarga pun kakang uwis nggawa pandherek dhewe saka negara Dwarawati, mula **Yayi, enggal** tata-tata bakal ingsun kanthi tumuju **prapteng** negara Ngastina, **Yayi**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ora’, ‘sapa’, ‘wae’, ‘amarga’, ‘uwis’, ‘nggawa’, ‘dhewe’, ‘saka’, ‘mula’, ‘tata’, ‘bakal’ saha ‘negara’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘enggal’ kalebet tembung krama, dene tembung lingga ‘rawuh’ saha ‘dherek’ wonten ing tembung ‘karawuhanmu’ saha ‘didherekake’ saha tembung ‘kepareng’, ‘Yayi’ saha ‘prapteng’ kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep di-/ake wonten ing tembung ‘didherekake’, saha panambang -mu wonten ing tembung ‘karawuhanmu’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (22).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna paring dhawuh dhateng Raden Setyaki.

- (22) Resi Naradha : “Mara Kresna undhuna dhisik kretamu, ayo rembugan ana ing dharatan, Ngger Kresna.”

Prabu Kresna : “Nuwun **inggih** sendika **ngestokaken dhawuh Pukulun. Yai** Setyaki, mara **enggal udhunna kretane** luwih dhisik, **Yai**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 148-149)

Pethikan tuturan angka (22) menika kadadosan antawisipun Resi Naradha, Prabu Kresna sarta Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika dhateng Raden Setyaki migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “**Yai** Setyaki, mara **enggal udhunna kretane** luwih dhisik, **Yai**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘mara’, ‘udhunna’, ‘lan’, ‘luwih’, ‘dhisik’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘enggal’ kalebet tembung krama, dene tembung ‘Yai’ kalebet tembung krama inggil. Panambang –na saha -ne wonten ing tembung ‘udhunna’ saha ‘kretane’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (23).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing nagari Ngastina nalika Prabu Kresna dhawuh dhateng Raden Setyaki.

(23) Prabu Kresna : “**Yai** Setyaki, ayo **enggal** padha bali awahana rata maneh, **Yai**, iki ana tilasing rodha kreta Jati Surya, pun kakang kal nungka marang **tindake Yai** Karna, Setyaki.”

Raden Setyaki : “Inggih sumangga, Kaka Prabu.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 275-276)

Pethikan tuturan angka (23) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa antya, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “**Yai** Setyaki, ayo **enggal** padha bali awahana rata maneh, **Yai**, iki ana tilasing rodha kreta Jati Surya, pun kakang

kal nungka marang **tindake Yayi** Karna, Setyaki.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ayo’, ‘padha’, ‘bali’, ‘maneh’, ‘iki’, ‘ana’, ‘marang’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘enggal’ kalebet tembung krama, dene tembung ‘Yayi’ saha ‘tindake’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -e wonten ing tembung ‘tindake’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa antya saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (24).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing wana nalika Bambang Irawan saweg prang tandhing kaliyan Banyak Calora.

(24) Petruk: “Kados pundi mimpang, menapa kawon, Gus?”

Bambang Irawan : “Petruk, aku durung kalah, nanging ingsun iki gila marang gandaning raksesa, angganda amis lan bacin. Petruk, mara **enggal pundhutna jemparingku**, Petruk.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 407-408)

Pethikan tuturan angka (24) menika kadadosan antawisipun Petruk kaliyan Bambang Irawan. Bambang Irawan anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa antya. Panandha basa antya dipuntingali saking ukara “Petruk, aku durung kalah, nanging ingsun iki gila marang gandaning raksesa, angganda amis lan bacin. Petruk, mara **enggal pundhutna jemparingku**, Petruk.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘aku’, ‘durung’, ‘kalah’, ‘iki’, ‘gila’, ‘marang’, ‘lan’, ‘mara’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung ‘enggal’ saha ‘jemparing’, kalebet tembung krama, dene tembung ‘pundhutna’ kalebet tembung krama inggil. Panambang -na saha -ku wonten ing tembung ‘pundhutna’ saha ‘jempraingku’ minangka panandha ngoko.

Saking *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih tuturan panganggening undha usuk basa antya dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk basa antya saged dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi, pethikan angka (17), (19), (20), menapa dene wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, pethika tuturan angka (18), (21), (22), (23) saha (24). Undha usuk basa antya dipunginakaken kangge nedahaken raos kurmat dhumateng paraga sanesipun, ingkang dipunajak gineman menapa dene ingkang dipunginem. Limrahipun undha usuk basa antya dipunginakaken dening paraga ingkang langkung sepuh ananging drajat mitra tuturipun inggil, utawi kangge sekedhik ngormati mitra tuturipun, saengga nedahaken drajat ingkang beda.

d. Madya Ngoko

Madya ngoko minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung madya ingkang kacampur kaliyan tetembungan ngoko ingkang boten wonten tembungipun madya. Panambangipun migunakaken panambang ngoko. Dhasaripun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’, ‘kowe’ dipungantos ‘dika’. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk madya ngoko.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten plataran pendhapa Ngastina nalika Raden Setyaki saweg perang kaliyan Raden Burisrawa dipuncandhet dening Prabu Kresna. Raden Setyaki ingkang kuciwa, gineman piyambak wonten sangajenging Prabu Kresna.

(25) Raden Setyaki : “E **ngaten**, jane mumpung dijak perang gek thes-thes bres, glinthing-glinthing ngono.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 271a)

Pethikan tuturan angka (25) menika kadadosan antawisipun Raden Setyaki kaliyan Prabu Kresna. Raden Setyaki minangka pandherek migunakaken undha

usuk madya ngoko nalika piyambakipun micanten dhateng Prabu Kresna. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “E **ngaten**, jane mumpung **dijak** perang gek thes-thes bres, glinthing-glinthing ngono.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘mumpung’, ‘perang’, saha ‘ngono’, ingkanng kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘ngaten’ saha ‘dijak’ kalebet tembung madya ingkang asalipun saking tembung krama ‘mekaten’ saja tembung ngoko ‘diajak’. Ater-ater di- wonten ing tembung ‘dijak’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (26).

Konteks: pancelathon katindakaken dening Cantrik nalika nyuwun gendhing dhumateng Nala Gareng.

(26) Cantrik : “Ah anu Kang, Randhu Kentir **mawon**, Kang, Randhu Kentir **bawane nika**, dhuh Kusuma, **nika** lhe Kang.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 351)

Pethikan tuturan angka (26) menika kadadosan antawisipun Gareng kaliyan Cantrik. Cantrik anggenipun micanten migunakaken undha usuk madya ngoko. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Ah anu Kang, Randhu Kentir **mawon**, Kang, Randhu Kentir **bawane nika**, dhuh Kusuma, **nika** lhe Kang.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘anu’ ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘mawon’ saha ‘nika’, kalebet tembung madya saking tembung krama ‘kemawon’ saha ‘menika’. Panambang -ne wonten ing tembung ‘bawane’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (27).

Konteks: pacelathon katindakaken dening Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki wonten ing plataran pendhapa Ngastina nalika Raden Setyaki saweg perang tandhing kaliyan Raden Burisrawa.

(27) Prabu Kresna : “Saiki kandhega semene dhisik, Setyaki, tutugna suk ben wae.”

Raden Setyaki: “Kok **njing ben** kados pundi? Sakmenika mumpung kepanggih **dijak** perang, nek **njing ben** nek kepengin dadak **goleki** maneh.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 268-269)

Pethikan tuturan angka (27) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Raden Setyaki anggenipun micanten migunakaken undha usuk madya ngoko, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Kok **njing ben** kados pundi? Sakmenika mumpung kepanggih **dijak** perang, nek **njing ben** nek kepengin dadak **goleki** maneh.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘kok’, ‘nek’, ‘kepengin’, ‘dadak’, ‘golek’, ‘maneh’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘njing ben’ saha ‘dijak’ ingkang minangka tembung madya saking tembung krama ‘benjing emben’ saha tembung ngoko ‘diajak’. Ater-ater di- saha panambang -i wonten ing tembung ‘dijak’ saha ‘goleki’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (28).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan Ngastina nalika Prabu Duryudana ngendika dhateng Prabu Kresna, ananging piyambakipun sampun nilar subasita.

(28) Prabu Kresna : “Yayi Prabu, kula aturi enged sabda raja ratu, brahmana pandhita datan kenging wola-wali lho, Yayi.”

P Duryudana : “Alah, menggahing Prabu Kurupati babagan **ngaten** menika sampun biasa, kok le enak, negara mung **diwenehake** ngono wae.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 232-233)

Pethikan tuturan angka (28) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Duryudana. Prabu Duryudana anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya ngoko, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Alah, menggahing Prabu Kurupati babagan **ngaten** menika sampun biasa, kok le enak, negara mung **diwenehake** ngono wae.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘kok’, ‘enak’, ‘negara’, ‘mung’, ngono’ saha ‘wae, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘ngaten’ kalebet tembung madya ingkang asalipun saking tembung krama ‘mekaten’. Imbuhan rangkep di-/ake wonten ing tembung ‘diwenehake’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (29).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pertapanipun Bhagawan Jaya Wilapa antawisipun Cantrik kaliyan Bagong.

(29) Bagong : “Wong **ali-aline wis didel nggo** ngliwet kok **kon** nggawa.”

Cantrik : “O, wong ki nek sentimen, kok jer ngowahi wae.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 376-377)

Pethikan tuturan angka (29) menika kadadosan antawisipun Bagong kaliyan Cangik. Bagong anggenipun micanten migunakaken undha usuk madya ngoko. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Wong **ali-aline wis didel nggo** ngliwet kok **kon** nggawa.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘wong’, ‘ngliwet’ saha ‘nggawa’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘wis’, ‘didol’, ‘nggo’, saha ‘kon’ minangka tembung madya saking tembung ngoko ‘uwis’, ‘diedol’, ‘dienggo’, saha ‘dikon’. Panambang -ne

wonten ing tembung ‘ali-aline’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (30).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing Katumenggungan antawisipun Raden Wratsangka kaliyan Raden Werkudara.

(30) P Matswapati : “Samengko banjur kepiye mungguh marga kang bakal tinempuh rehning Kurawa kang **disuhi** dening si Kurupati teka **wis** angel **diajak** rembugan kanthi becik mungguh balining negara Ngendraprastha **sakjajahane** munggahing marang bumi Ngastina sing dadi **duweke** putu-**putuku** Pandhawa.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 27b)

Pethikan tuturan angka (30) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Puntadewa. Prabu Matswapati anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya ngoko. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Samengko banjur kepiye mungguh marga kang bakal tinempuh rehning Kurawa kang **disuhi** dening si Kurupati teka **wis** angel **diajak** rembugan kanthi becik mungguh balining negara Ngendraprastha **sakjajahane** munggahing marang bumi Ngastina sing dadi **duweke** putu-**putuku** Pandhawa.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘banjur’, ‘kepiye’, ‘bakal’, ‘teka’, ‘angel’, ‘rembugan’, ‘becik’, ‘marang’, ‘dadi’, ‘putu’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘wis’, kalebet tembung madya saking tembung ngoko ‘uwis’. Ater-ater di-wonten ing tembung ‘disuhi’ saha ‘diajak’, sarta panambang –ne, -e, saha –ku wonten ing tembung ‘sakjajahane’, ‘duweke’, saha ‘putuku’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (31).

Konteks: pacelathon katindakaken dening Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki wonten ing satengahing margi.

(31) Prabu Kresna : Yayi Setyaki, saiki **dak jabel nggonmu** dadi kusir lan si adhi mapan ana buri minangka *kernet*.”

Raden Setyaki: “Kaka Prabu, wah inggih kesangetan mlorotipun, wau dados kusir kok malih dados kalit, menika kados pundi.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 176b-177)

Pethikan tuturan angka (31) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya ngoko. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara **Yayi** Setyaki, saiki **dak jabel nggonmu** dadi kusir lan si adhi mapan ana buri minangka *kernet*.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘saiki’, ‘dadi’, ‘lan’, ‘ana’, ‘buri’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘nggonmu’, minangka tembung madya saking tembung ngoko ‘anggonmu’. Ater-ater dak- saha panambang -mu wonten ing tembung ‘dak jabel’ saha ‘nggonmu’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya ngoko saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (32).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing plataran negari Wiratha antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki.

(32) Prabu Kresna : “Ing dina iki mbok menawa beda banget lawan dina-dina kang **wis** kawuri, Yayi. **Nggone** Yayi Setyaki **ndherekake** lawan **tindake** pun kakang.”

Raden Setyaki : “Lajeng wonten wigatos punapa Kaka Prabu?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 115-116)

Pethikan tuturan angka (32) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha

usuk madya ngoko. Panandha madya ngoko dipuntingali saking ukara “Ing dina iki mbok menawa beda banget lawan dina-dina kang **wis** kawuri, Yayi. **Nggone** Yayi Setyaki **ndherekake** lawan **tindake** pun kakang.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘dina’, ‘iki’, ‘menawa’, ‘beda’, ‘banget’, ingkang kalebet tembung ngoko. Tembung wancah ‘wis’ saha ‘nggone’ minangka tembung madya saking tembung ‘uwis’ saha ‘anggone’. Imbuhan rangkep N/-ake saha panambang –e kaliyan –ne wonten ing tembung ‘ndherekake’ saha ‘nggone’ kaliyan ‘tindake’ minangka panandha ngoko.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk madya ngoko menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk madya ngoko limrahipun dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, pethikan angka (25), (26), (27), (29), (31), (32). Undha usuk madya ngoko nedahaken raos radi raket (akrab) antawisipun paraga, pethikan angka (26) saha (29). Undha usuk menika nedahaken sekedhik raos sopan wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, kejawi menika undha usuk madya ngoko ugi dipunginakaken dening tiyang ingkang langkung sepuh dhateng tiyang ingkang langkung enem, pethikan angka (30).

Pethikan tuturan angka (25) saha (27) migunakaken undha usuk madya ngoko ingkang dipuntindakaken dening Raden Setyaki dhateng Prabu Kresna. Pacelathon menika menawi dipunpremati dipuntindakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi wonten ing plataran pendhapa Ngastina. Miturut pranatan, Raden Setyaki minangka pandherekipun Prabu Kresna kedah migunakaken undha usuk mudha krama. Kasunyatanipun Raden Setyaki

migunakaken undha usuk madya ngoko, prekawis menika dipundayani dening raos manahipun Raden Setyaki ingkang kuciwa amargi piyambakipun dipuncandhet nalika saweg perang tandhing kaliyan Raden Burisrawa, saengga piyambakipun anggenipun micanten migunakaken undha usuk madya ngoko ing pundi ancasipun katujokaken dhateng dhirinipun piyambak.

Pethikan tuturan angka (28) migunakaken undha usuk madya ngoko ingkang dipuntindakaken dening Prabu Duryudana dhateng Prabu Kresna. Pacelathon menika menawi dipunpremati dipuntindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan Ngastina. Miturut pranatan, Prabu Duryudana anggenipun ngendika dhateng Prabu Kresna kedah migunakaken undha usuk krama inggil menapa dene basa kedhaton amargi mitra tuturipun minangka nalendra ingkang inggil drajatipun sarta kawontenan ingkang resmi. Kasunyatanipun Prabu Duryudana migunakaken undha usuk madya ngoko, menika dipundayani dening raos manahipun Prabu Duryudana ingkang kuciwa saha duka. Prabu Duryudana ugi sampun nilar saking subasita piyambakipun minangka nalendra ingkang saweg mandegani pasewakan, kedahipun migunakaken undha usuk krama inggil menapa dene basa kedhaton.

e. Madya Krama

Madya krama minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung madya ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, utawi tiyang ingkang dipunginem kanthi ancas ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman punapa dene ingkang dipunginem. Panambangipun migunakaken panambang krama, inggih menika kadosta -ipun,

saha -aken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk madya krama.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Guwa Barong nalika Prabu Kala Srenggi mundhut priksa dhumateng abdinipun Pedhut Segara babagan swargi ingkang rama.

- (33) P Kala Srenggi: “Kowe ya ndherek, Pedhut Segara?”
Pedhut Segara: “Ndherek, **teng** pundi kemawon kula ndherek.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 287-288)

Pethikan tuturan angka (33) menika kadadosan antawisipun Prabu Kala Srenggi kaliyan Pedhut Segara. Pedhut Segara minangka abdi migunakaken undha usuk madya krama, dene Prabu Kala Srenggi migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “Ndherek, **teng** pundi kemawon kula ndherek.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘teng’ ingkang kalebet tembung madya ingkang asalipun saking tembung krama ‘dhateng’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’, sarta sanesipun migunakaken tembung krama, tembung ‘pundi’, ‘kemawon’, ‘kula’, sarta tembung krama inggil, tembung ‘ndherek’. Tuladha sanes panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (34).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan Wiratha antawisipun Prabu Puntadewa kaliyan Prabu Drupada.

- (34) P Puntadewa : “Nadyanta ingkang putra ngaturaken sungkem pangabekti sakrawhipun Paman Prabu wonten ing nagari Wiratha, Paman.”
Prabu Drupada : “Lha dalah, hah-hah, **inggi** Ngger **pangabektinipun** Anak Prabu sampun kula **tampi**, namung **dhawaha** sami-sami **nggi**, Ngger.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 5-6)

Pethikan tuturan angka (34) menika kadadosan antawisipun Prabu Puntadewa kaliyan Prabu Drupada. Prabu Drupada anggenipun ngendika

migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “Lha dalah, hah-hah, **inggi**h Ngger **pangabektinipun** Anak Prabu sampun kula **tampi**, namung **dhawaha** sami-sami **nggi**h, Ngger.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sampun’, ‘kula’, ‘tampi’, ingkang kalebet tembung krama, saha tembung ‘inggi’ saha ‘dhawah’ minangka tembung krama inggil. Tembung wancah ‘nggi’ kalebet tembung madya ingkang asalipun saking tembung krama ‘inggi’. Panambang –ipun wonten ing tembung ‘pangabektinipun’ minangka panandha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (35).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pertapanipun Bhagawan Jawa Wilapa nalika Petruk nyuwun pamit dhumateng Cantrik.

(35) Petruk : “Dhi Cantrik, kula nyuwun pamit **nggi**h, Dhi Cantrik.”

Cantrik : “Inggi Kang, anu inggi Kang, menawi benjing tindak mriki malih, panjenengan betakaken notasi lan cakepan langgam ali-ali inggi, Kang.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 374b-375)

Pethikan tuturan angka (35) menika kadadosan antawisipun Petruk kaliyan Cantrik. Petruk saha Cantrik sami-sami migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “Dhi Cantrik, kula nyuwun pamit **nggi**h, Dhi Cantrik.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘nyuwun’ saha ‘pamit’ minangka tembung krama, saha tembung wancah ‘nggi’, ingkang kalebet tembung madya, asalipun saking tembung krama ‘inggi’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ kados ingkang wonten

ing tuturan. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (36).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pertapanipun Bhagawan Jawa Wilapa nalika Petruk nyuwun pamit dhumateng Cantrik.

(36) Petruk : “Dhi Cantrik, kula nyuwun pamit nggih, Dhi Cantrik.”

Cantrik : “**Inggih** Kang, anu **inggih** Kang, menawi benjing **tindak** mriki malih, **panjenengan betakaken** notasi lan cakepan langgam ali-ali **nggih**, Kang.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 374b-375)

Pethikan uturan angka (36) menika kadadosan antawisipun Petruk kaliyan Cantrik. Petruk saha Cantrik sami-sami migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “**Inggih** Kang, anu **inggih** Kang, menawi benjing **tindak** mriki malih, **panjenengan betakaken** notasi lan cakepan langgam ali-ali **nggih**, Kang.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘menawi’, ‘benjing’, ‘malih’, ingkang kalebet tembung krama, saha tembung ‘inggih’ saha ‘tindak’ kalebet tembung krama inggil. Tembung wancah ‘nggih’ kalebet tembung madya, asalipun saking tembung krama ‘inggih’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’, saha ‘kowe; dipungantos ‘panjenengan’ kados ingkang wonten ing tuturan. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (37).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Guwa Barong nalika Prabu Kala Srenggi mundhut priksa dhumateng abdinipun Pedhut Segara babagan swargi ingkang rama.

(37) P Kala Srenggi: “Pedhut Segara, kowe ya ngerti?”

Pedhut Segara: “**Ngertos** wong kula ndherek.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 291-292)

Pethikan tuturan angka (37) menika kadadosan antawisipun Prabu Kala Srenggi kaliyan Pedhut Segara. Pedhut Segara minangka abdi migunakaken undha usuk madya krama, dene Prabu Kala Srenggi migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “**Ngertos** wong kula ndherek.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ngertos’ ingkang kalebet tembung madya ingkang asalipun saking tembung krama ‘mangertos’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ kados ingkang wonten ing tuturan, sarta sanesipun migunakaken tembung krama menapa dene krama inggil (tembung ‘ndherek’). Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (38).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan Ngastina antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Duryudana.

(38) Prabu Kresna : “**Yayi** Prabu Duryudana, kados pundi, kewala taksih kula **entos** sakwenening **penggalih** Paduka, amargi anggen Paduka **paring dhawuh** taksih kaworan nepsu.”

P Duryudana : “Bola-bali mung dipeksa kon balekake negara Ngamarta lan Ngastina wae, tetep dak kukuhi negara sing wis dadi kamuktene Prabu Duryudana.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 248-249)

Pethikan tuturan angka (38) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Duryudana. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “**Yayi** Prabu Duryudana, kados pundi, kewala taksih kula **entos** sakwenening **penggalih** Paduka, amargi anggen Paduka **paring dhawuh** taksih kaworan nepsu.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘kados pundi’, ‘taksih’ saha ‘amargi’ ingkang kalebet tembung krama, saha tembung ‘Yayi’, ‘paring’,

‘dhawuh’ minangka tembung krama inggil, saha tembung ‘entos’ ingkang kalebet tembung madya. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ kados ingkang wonten ing tuturan. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (39).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan antawisipun Resi Bhisma kaliyan Prabu Salyapati.

(39) Resi Bhisma : “Ngger Anak Prabu, sumangga kula **dherekaken lenggah nggih**, Ngger.”

P Salyapati : “Inggih mangga Panembahan, mangga Ngger Anak Prabu kula dherekaken lenggah.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 200-201)

Pethikan tuturan angka (39) menika kadadosan antawisipun Resi Bhisma kaliyan Prabu Salyapati. Resi Bhisma anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “Ngger Anak Prabu, sumangga kula **dherekaken lenggah nggih**, Ngger.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sumangga’ ingkang kalebet tembung krama, saha tembung ‘dherekaken’, ‘lenggah’ minangka tembung krama inggil. Tembung wancah ‘nggih’ kalebet tembung madya, asalipun saking tembung krama ‘inggih’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ kados ingkang wonten ing tuturan. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk madya krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (40).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan Ngastina antawisipun Prabu Duryudana kaliyan Pandhita Durna nalika Pandhita Durna paring pepelin dhateng Prabu Duryudana

(40) P Duryudana : “Alah, menggahing Prabu Kurupati babagan ngaten menika sampun biasa, kok le enak, negara mung diwenehake ngono wae.”

Pandhita Durna : “Oh lole-lole, kenthos waloh genjor monyor-monyor blegudhug ho weloh, Anak Prabu kula

aturi enged sabda raja **nggih** Ngger, boten kenging wola-wali.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 233-234)

Pethikan tuturan angka (40) menika kadadosan antawisipun Prabu Duryudana kaliyan Pandhita Durna. Pandhita Durna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk madya krama. Panandha madya krama dipuntingali saking ukara “Oh lole-lole, kenthos waloh genjor monyor-monyor blegudhug ho weloh, Anak Prabu kula **aturi** enged sabda raja **nggih** Ngger, boten kenging wola-wali.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘kula’, ‘enged’ minangka tembung krama, saha tembung ‘aturi’, minangka tembung krama inggil. Tembung wancah ‘nggih’ minangka tembung madya ingkang asalipun saking tembung ‘inggil’. Paugeranipun tembung ‘aku’ dipungantos ‘kula’ kados ingkang wonten ing tuturan.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk madya krama menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk madya krama limrahipun dipunginakaken wonten ing kawontenan resmi, pethikan angka (33), (34), (37), (38), (39), (40), ewadene wonten ingkang dipunginakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, pethikan angka (35), (36). Undha usuk madya krama nedahaken kirang raket (akrab) antawisipun paraga. Undha usuk menika nedahaken raos sopan, sarta sekedhik raos kurmat wonten ing kawontenan ingkang boten resmi, pethikan angka (35), (36).

Pethikan tuturan angka (35), (36) migunakaken undha usuk madya krama ingkang dipuntindakaken dening Petruk kaliyan Cantrik. Pacelathon menika

katindakaken wonten ing kawontenan ingkang boten resmi wonten ing pertapanipun Bhagawan Jaya Wilapa. Panganggening undha usuk madya krama dening Petruk nedahaken raos kirang raketipun kekalih abdi.

Pethikan tuturan angka (33) saha (7) migunakaken undha usuk madya krama ingkang dipuntindakaken dening Pedhut Segara dhateng bendaranipun, Prabu Kala Srenggi. Pacelathon menika menawi dipunpremati dipuntindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan. Miturut pranatan, Pedhut Segara anggenipun ngendika dhateng Prabu Kala Srenggi kedah migunakaken undha usuk krama inggil menapa dene basa kedhaton amargi mitra tuturipun minangka bendaranipun sarta kawontenan pasewakan ingkang resmi. Kasunyatanipun Pedhut Segara migunakaken undha usuk madya krama, menika dipundayani dening panyerat anggenipun migunakaken tetembungan ingkang boten tetep, amargi namung saperangan kemawon ingkang migunakaken undha usuk madya krama, dene pacelathon sanesipun (paraganipun sami) migunakaken undha usuk krama inggil.

Pethikan tuturan angka (34), (38), (39), saha (40) undha usuk madya krama dipunginakaken dening tiyang sepuh dhateng tiyang ingkang langkung enem. Pacelathon menika menawi dipunpremati dipuntindakaken wonten ing kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan. Miturut unggah ungguh basa ingkang leres, kedahipun para paraga menika migunakaken undha usuk krama inggil menapa dene basa kedhaton, mligi pethikan angka (34) saha (39). Pethikan angka (38) saha (40), panganggening undha usuk madya krama menika

dipundayani dening roasipun manah panutur ingkang kuciwa saha duka dhateng mitra tuturipun.

f. Kramantara

Kramantara minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung krama sedaya tanpa wuwuhan tembung krama inggil, limrahipun dipunginakaken dhumateng tiyang ingkang drajatipun sami utawi langkung andhap. Panambangipun migunakaken panambang krama -ipun saha -aken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pirembagan para paraga ingkang migunakaken undha usuk kramantara.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Ngastina nalika Prabu Kresna mundhut priksa dhumateng Patih Sengkuni, nalika Patih Sengkuni badhe ngandharaken babagan sumpahipun Patih Sengkuni.

- (41) Patih Sengkuni: “Sinuwun Dwarawati kula suwun nekseni..”
 Prabu Kresna: “Menika menapa, Paman?”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 237-238)

Pethikan tuturan angka (41) menika kadadosan antawisipun Patih Sengkuni kaliyan Prabu Kresna. Patih Sengkuni anggenipun micanten migunakaken undha usuk krama inggil, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk kramantara. Panandha kramantara dipuntingali saking ukara “Menika menapa, Paman?” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘menika’, ‘menapa’ ingkang sedayanipun awujud tembung krama, tanpa kawuwuhan tembung krama inggil. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (42).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten kawontenan boten resmi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki.

- (42) Prabu Kresna : “Adhimas, Yuyudana.”
 Raden Setyaki : “Kawula nuwun, wonten dhawuh pangandika,
 Kaka Prabu?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 113-114)

Pethikan tuturan angka (42) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Raden Setyaki. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk kramantara, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha kramantara dipuntingali saking ukara “Adhimas, Yuyudana.” Saking ukara kasebut kapanggihaken bilih sedaya tembungipun awujud tembung krama tanpa kawuwuhan tembung krama inggil. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (43).

Konteks: pancelathon katindakaken wonten kawontenan boten resmi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Dewi Kunthi.

- (43) Prabu Kresna : “Sinten Bibi?”
 Dewi Kunthi : “Aku kepengin ketemu kadangmu Basukarna,
 bakal dak reripih supaya manunggal lawan
 para kadange Pandhawa, Kresna.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 451-452)

Pethikan tuturan angka (43) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Dewi Kunthi. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk kramantara. Panandha kramantara dipuntingali saking ukara “Sinten Bibi?” Saking ukara kasebut kapanggihaken bilih sedaya tembungipun awujud tembung krama tanpa kawuwuhan tembung krama inggil.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk kramantara menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk kramantara limrahipun dipunginakaken dening tiyang

ingkang drajatipun sami, utawi satunggaling tiyang ingkang drajatipun inggil dhateng tiyang sanes ingkang drajatipun langkung andhap kangge ngormati.

Pethikan tuturan angka (41), (42) saha (43) nggambaraken panganggening undha usuk kramantara ingkang dipunginakaken dhateng mitra tutur ingkang drajatipun langkung andhap. Prabu Kresna mundhut priksa dhateng Patih Sengkuni, nalika ceceluk dhateng Raden Setyaki, sarta mundhut priksa dhateng Dewi Kunthi ing pundi drajat sedayanipun langkung andhap saking Prabu Kresna.

g. Wredha Krama

Wredha krama minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung krama tanpa tembung krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, utawi tiyang ingkang dipunginem ananging migunakaken panambang ngoko. Panambangipun migunakaken panambang ngoko, kadosta -e saha -ake. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk wredha krama.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nalika Prabu Matswapati ngaturaken pambagya panakrama dhateng Prabu Drupada.

(44) P Matswapati : “**Mangko** ta Ngger, Putu Prabu Drupada, sak **praptane** Putu Prabu ing negara Wiratha pun kaki **ngaturake** pasegahan pambagya panakrama, Ngger.”

Prabu Drupada : “Nuwun inggih kanjeng Eyang pambagyanipun kanjeng Eyang sampun kulaampi boten langkung ingkang wayah ngaturaken sembah sungkem mugi konjuk ing sangandhaping pepadha, Eyang.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 1b-2)

Pethikan tuturan angka (44) menika kadadosan antawisipun Prabu Matswapati kaliyan Prabu Drupada. Prabu Matswapati ingkang langkung sepuh

saha inggil drajatipun migunakaken undha usuk wredha krama, dene Prabu Drupada migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha wredha krama dipuntingali saking ukara “**Mangko** ta Ngger, Putu Prabu Drupada, sak **praptane** Putu Prabu ing negara Wiratha pun kaki **ngaturake** pasegahan pambagya panakrama, Ngger.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung lingga ‘prapta’, saha ‘atur’ wonten ing tembung ‘praptane’ saha ‘ngaturake’ ingkang kalebet tembung krama. Wuwuhan rangkep N-/-ake saha panambang -ne wonten ing tembung ‘ngaturake’ saha ‘praptane’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk wredha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (45).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nalika Resi Bhisma ngendika dhumateng Prabu Duryudana.

(45) Resi Bhisma : “Putu Prabu, **dak suwun** Putu Prabu kersa ndhahar **ature** pun kaki, kang wus **dak aturake**, Putu.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 217)

Pethikan tuturan angka (45) menika kadadosan antawisipun Resi Bhisma kaliyan Prabu Duryudana. Resi Bhisma ingkang langkung sepuh migunakaken undha usuk wredha krama nalika piyambakipun ngendika dhumateng Prabu Duryudana. Panandha wredha krama dipuntingali saking ukara “Putu Prabu, **dak suwun** Putu Prabu kersa ndhahar **ature** pun kaki, kang wus **dak aturake**, Putu.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘kersa’, ‘ndhahar’, ingkang kalebet tembung krama. Ater-ater dak- wonten ing tembung ‘dak suwun’ saha ‘dak aturake’ sarta panambang -e saha -ake wonten ing tembung ‘ature’ saha ‘aturake’

minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk wredha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (46).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Adipati Karna.

- (46) Prabu Kresna : “Paran **wigatine Yayi**, dene **Yayi** Adipati Karna kongsi nilar pasamuwan, kamangka pasamuwan wau dereng paripurna, **Yayi?**”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 416)

Pethikan tuturan angka (46) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Adipati Karna. Prabu Kresna ingkang langkung inggil drajatipun migunakaken undha usuk wredha krama. Panandha wredha krama dipuntingali saking ukara “Paran **wigatine Yayi**, dene **Yayi** Adipati Karna kongsi nilar pasamuwan, kamangka pasamuwan wau dereng paripurna, **Yayi?**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘Yayi’, ‘kongsi’, ‘nilar’, ‘wau’ saha ‘dereng’, ingkang kalebet tembung krama. Panambang -ne wonten ing tembung ‘wigatine’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk wredha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (47).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Adipati Karna nalika Prabu Kresna ngendika dhumateng Adipati Karna babagan piyambakipun ingkang nilar pasamuwan.

- (47) Prabu Kresna : “**Yayi** Karna, **dak waspadakake** si Adhi kok kaya anyimpen sesandining **karsa** ingkang piningit, mbok iyaa menawi **kepareng**, pun Kakang kepengin **midhangetake, Yayi.**”

Adipati Karna: “Nuwun inggih Kaka Prabu, kula pitados inggih namung Paduka ingkang saged anyimpen dhateng wewadosing gesang kula, Kaka Prabu.”

(lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 422-423)

Pethikan tuturan angka (47) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Adipati Karna. Prabu Kresna ingkang langkung sepuh migunakaken undha usuk wredha krama nalika piyambakipun ngendika dhumateng Adipati Karna. Panandha wredha krama dipuntingali saking ukara “**Yayi** Karna, **dak waspadakake** si Adhi kok kaya anyimpen sesandining **karsa** ingkang piningit, mbok iyaa menawi **kepareng**, pun Kakang kepengin **midhangetake**, **Yayi**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘Yayi’, ‘karsa’, ‘kepareng’ ingkang kalebet tembung krama. Wuwuhan rangkep dak-/ake saha panambang -ake wonten ing tembung ‘dak waspadakake’ saha ‘midhangetake’ minangka panandha ngoko.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk wredha krama menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk wredha krama menika meh sami kaliyan undha usuk kramantara ingkang panganggenipun sakmenika namung sekedhik. Limrahipun dipunginakaken dening tiyang ingkang langkung sepuh dhateng tiyang ingkang langkung andhap ananging drajatipun inggil kangge ngormati.

Pethikan tuturan angka (44), (46) saha (47) nggambaraken panganggening undha usuk wredha krama ingkang dipunginakaken dhateng mitra tutur ingkang langkung enem. Prabu Matswapati langkung sepuh saking Prabu Drupada mekaten ugi Prabu Kresna ingkang langkung sepuh saking Adipati Karna. Kekalihipun ugi langkung inggil drajatipun saking mitra tuturipun.

Pethikan tuturan angka (45) nggambaraken panganggening undha usuk wredha krama ingkang dipunginakaken dhateng mitra tutur ingkang langkung

enem ananging drajatipun langkung inggil. Resi Bhisma langkung sepuh, piyambakipun minangka eyang saking Prabu Duryudana, ananging menawi dipuntingali drajatipun langkung inggil Prabu Duryudana. Kawontenan menika sampun limrah, menawi Resi Bhisma migunakaken undha usuk wredha krama dhateng Prabu Duryudana nalika maringi pitutur.

h. Mudha Krama

Mudha krama minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung krama ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, utawi tiyang ingkang dipunginem kanthi ancas ngormati tiyang ingkang dipunajak gineman menapa dene ingkang dipunginem. Panambangipun migunakaken panambang krama, inggih menika panambang kula, sampeyan, -ipun, saha -aken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk mudha krama.

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing pasewakan nalika Prabu Kresna nyuwun pangestu dhumateng Prabu Matswapati saperlu suka pambiyantu dhumateng para kadang Pandhawa.

- (48) Prabu Kresna: “**Eyang, keparenga ingkang wayah** nyambeti dhateng **pangandikanipun** Yayi Aji, **Eyang**.”
 P Matswapati: “Putu Prabu Kresna pun Eyang lilani putu Prabu Kresna nedya ngrewangi madhangake reruwet iki.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 29-30)

Pethikan tuturan angka (48) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Matswapati. Prabu Kresna minangka nalendra ingkang langkung enem migunakaken undha usuk mudha krama, dene Prabu Matswapati

migunakaken undha usuk antya basa. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “**Eyang, keparenga ingkang wayah** nyambeti dhateng **pangandikanipun Yayi Aji, eyang.**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘Eyang’, ‘keparenga’, ‘ingkang wayah’, ‘pangandikanipun’, ‘Yayi’, ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -ipun wonten ing tembung ‘pangandikanipun’ minangka panandha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (49).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pertapanipun Bhagawan Jaya Wilapa nalika Bambang Irawan nampi pangestu saking gurunipun. Bhagawan Jaya Wilapa menika minangka guru sarta eyangipun Bambang Irawan.

(49) B Jaya Wilapa : Banget panarimane pun kaki ngger, dene sira ngaturake bekti marang pun Eyang, amung pangestune Eyang wae dikebat tampanana, Irawan.”

Bambang Irawan: “**Eyang**, sampun kula **tampi** ing **asta** kalih **paring** pangestu saking **kanjeng Eyang**, mugi andayanana dhateng yuwananing **gesang** kula.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 305-306)

Pethikan tuturan angka (49) menika kadadosan antawisipun Bhagawan Jaya Wilapa kaliyan Bambang Irawan. Bambang Irawan minangka muridipun migunakaken undha usuk mudha krama, dene Bhagawan Jaya Wilapa migunakaken undha usuk antya basa. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “**Eyang**, sampun kula **tampi** ing **asta** kalih **paring** pangestu saking **kanjeng Eyang**, mugi andayanana dhateng yuwananing **gesang** kula.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘eyang’, ‘tampi’, ‘asta’, ‘paring’ saha ‘gesang’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Ukaranipun kasusun saking tembung krama saha krama inggil tanpa ater-ater sarta panambang krama.

Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (50).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pertapanipun Bhagawan Jaya Wilapa nalika Semar nyuwun pamit dhumateng Bhagawan Jaya Wilapa.

(50) Semar : “Haih, Panembahan, kula **inggih badhe** nyuwun pamit, Panembahan.”

B Jaya Wilapa: “Iya-ya Kyai, sira dak dadekake kerta wedana, kerta iku gajah, wedana iku sрати. Gajahe Irawan sратine Kyai Semar.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 345-346)

Pethikan tuturan angka (50) menika kadadosan antawisipun Semar kaliyan Bhagawan Jaya Wilapa. Semar minangka batur migunakaken undha usuk mudha krama, dene Bhagawan Jaya Wilapa migunakaken undha usuk antya basa. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “Haih, Panembahan, kula **inggih badhe** nyuwun pamit, Panembahan.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggih’, ‘badhe’, ‘nyuwun’, saha ‘pamit’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Ukaranipun kasusun saking tembung krama saha krama inggil tanpa ater-ater sarta panambang krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (51).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pertapanipun Bhagawan Jaya Wilapa nalika Cantrik nyuwun dipunbektakaken notasi langgam ali-ali dhateng Petruk.

(51) Raden Utara : “He Patih Nirbita, tumuli sawegakna para wadyabala saperlu kanggo angurmati tindaking sang duta agung, amung wae perangen dadi rong pantha barisaning wadyabala.”

“Saperangan rumeksa rahayuning praja dene saperangan nguntapake tindaking sang duta agung, aja kesuwen tumuli enggal dhawuhna mara para wadyabala.”

Patih Nirbita : “**Sendika ngestokaken dhawuh**, Raden.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 108-109)

Pethikan tuturan angka (51) menika kadadosan antawisipun Raden Utara kaliyan Patih Nirbita. Patih Nirbita anggenipun micanten dhateng Raden Utara migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “**Sendika ngestokaken dhawuh**, Raden.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sendika’ saha ‘dhawuh’, ingkang kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N/-aken wonten ing tembung ‘ngestokaken’ minangka panandha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (52).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing pertapan Yasarata nalika Bhagawan Jaya Wilapa saweg ndedonga dhateng Gusti.

(52) B Jaya Wilapa : “Hong wilaheng sekaring bawana langgeng, tansaha **paring** pangayoman marang sagung tumuwuh.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 299a)

Pethikan tuturan angka (52) menika ketindakaken dening Bhagawan Jaya Wilapa nalika piyambakipun ndedonga. Bhagawan Jaya Wilapa anggenipun ndedonga migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “Hong wilaheng sekaring bawana langgeng, tansaha **paring** pangayoman marang sagung tumuwuh.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘paring’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Ukaranipun kasusun saking tembung krama saha krama inggil tanpa ater-ater sarta panambang krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing tuturan (53).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi antawisipun Prabu Kresna kaliyan Resi Naradha.

- (53) Resi Naradha : “Lho iki rak kretamu ta, Ngger?”
 Prabu Kresna : “**Inggih** menika kreta kula, namung wewenang sak **wetahipun** sampun kula **pasrahaken** dhateng **Yayi** Setyaki.”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 167-168)

Pethikan tuturan angka (53) menika kadadosan antawisipun Resi Naradha kaliyan Prabu Kresna. Resi Naradha anggenipun mundhut priksa migunakaken undha usuk ngoko lugu, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “**Inggih** menika kreta kula, namung wewenang sak **wetahipun** sampun kula **pasrahaken** dhateng **Yayi** Setyaki.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggih’, ‘sampun’, ‘dhateng’, ‘yayi’, ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -ipun saha -aken wonten ing tembung ‘wetahipun’ saha ‘pasrahaken’ minangka panandha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (54).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Raden Utara kaliyan Patih Nirbita wonten ing Kepatihan.

- (54) Raden Utara : “Iya Patih Nirbita, sokur sekethi jumurung yen wis padha siyaga ing gati, metua njaba, dhawuhna sepisan dandan, kaping pindho ngumpul, dene kaping telune budhal.”
 Patih Nirbita : “Nuwun **inggih sendika ngestokaken dhawuh.**”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 111-112)

Pethikan tuturan angka (54) menika kadadosan antawisipun Raden Utara kaliyan Patih Nirbita. Raden Utara migunakaken undha usuk antya basa, dene Patih Nirbita migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “Nuwun **inggih sendika ngestokaken dhawuh.**”

Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggil’, ‘sendika’, ‘dhawuh’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -aken wonten ing tembung ‘ngestokaken’ minangka panandha krama. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk mudha krama saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (55).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing tepining Kali Yamuna antawisipun Dewi Kunthi saha Prabu Kresna.

(55) Dewi Kunthi : “Iya Kresna, pancen wus puguh kadangmu, Basukarna. Kresna ayo enggal tumuli prapteng negara Wiratha, Kresna.”

Prabu Kresna : “**Swawi** kula **dherekaken**, Bibi.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 476-477)

Pethikan tuturan angka (55) menika kadadosan antawisipun Dewi Kunthi kaliyan Prabu Kresna Dewi Kunthi anggenipun ngendika migunakaken undha usuk antya basa, dene Prabu Kresna migunakaken undha usuk mudha krama. Panandha mudha krama dipuntingali saking ukara “**Swawi** kula **dherekaken**, Bibi.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘swawi’, saha tembung lingga ‘dherek’ wonten ing tembung ‘dherekaken’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -aken wonten ing tembung ‘dherekaken’ minangka panandha krama.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk mudha krama menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk mudha krama limrah dipunginakaken wonten ing kahanan ingkang resmi, kados pethikan angka (48), (51), (54). Undha usuk mudha krama dipunginakaken menawi nindakaken pirembagan kaliyan tiyang ingkang langkung sepuh, kados pethikan angka (48), (49), (53), saha (55). Limrah ugi

dipunginakaken nalika nalika micanten dhateng bendaranipun, pethikan angka (50), sarta kangge ndedonga dhateng Gusti, pethikan angka (52). Undha usuk mudha krama dipunginakaken kangge nedahaken raos kurmat dhateng mitra tuturipun. Wonten ing pethikan angka (55) pirembagan katindakaken nalika kawontenan ingkang boten resmi, ananging undha usuk menika dipunginakaken dening Prabu Kresna kangge ngurmati mitra tuturipun ingkang langkung sepuh.

i. Krama Inggil

Krama inggil minangka jinisipun undha usuk ingkang kasusun saking tembung krama ingkang kacampur kaliyan tetembungan krama inggil kangge tiyang ingkang dipunajak wawan ginem, utawi tiyang ingkang dipunginem kanthi ancas ngurmati tiyang ingkang dipunajak gineman punapa dene ingkang dipunginem, limrahipun kawoworan tembung sesulih pakurmatan dhumateng tiyang ingkang dipunginem punapa dene mitra tuturipun. Panambangipun migunakaken panambang krama, inggih menika panambang kula, sampeyan, -ipun, saha -aken. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk krama inggil.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Prabu Puntadewa ngaturaken sembah sungkem pangabekti dhumateng Prabu Drupada.

(56) Prabu Puntadewa: “Nadyanta **ingkang putra ngaturaken** sungkem pangabekti **sakrawuhipun Paman Prabu** wonten ing nagari Wiratha, **Paman.**”

Prabu Drupada: “Lha dalah, hah-hah, inggih Ngger pangabektinipun Anak Prabu sampun kulaampi, namung dhawaha sami-sami nggih ngger.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 5-6)

Pethikan tuturan angka (56) menika kadadosan antawisipun Prabu Puntadewa kaliyan Prabu Drupada. Prabu Puntadewa saha Prabu Drupada sami-sami migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Nadyanta **ingkang putra ngaturaken** sungkem pangabekti **sakrawhipun Paman Prabu** wonten ing nagari Wiratha, **Paman.**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ingkang putra, ‘sakrawhipun’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N-/-aken saha sak-/-ipun wonten ing tembung ‘ngaturaken’ saha ‘sakrawhipun’ minangka panandha krama, sarta tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Drupada inggih menika tembung ‘paman prabu’. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (57).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Prabu Kresna ngaturaken pasegahan panakrami dhumateng Prabu Drupada.

(57) Prabu Kresna: “**Paman Prabu, sakrawhipun Paman Prabu** Drupada ing nagari Wiratha, **ingkang putra** ing Dwarawati **ngaturaken** pasegahan panakrami, **Paman.**”

Prabu Drupada: “Oh, inggih ngger Anak Prabu ing Dwarawati, pambagyanipun Anak Prabu sampun kula tampi kanthi bombonging manah, boten langkung dhawaha sami- sami.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 7-8)

Pethikan tuturan angka (57) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Drupada. Prabu Kresna saha Prabu Drupada sami-sami migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “**Paman Prabu, sakrawhipun Paman Prabu** Drupada ing nagari Wiratha, **ingkang putra** ing Dwarawati **ngaturaken** pasegahan panakrami,

Paman.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sakrawuhipun’, ‘ingkang putra’, ‘ngaturaken’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep sak-/ipun saha N-/aken wonten ing tembung ‘sakrawuhipun’ saha ‘ngaturaken’ minangka panandha krama, sarta tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Drupada inggih menika tembung ‘paman prabu’. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (58).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing Kapatihan nagari Wiratha antawisipun Tumenggung Margajaya ingkang nyadhong pawarta dhateng Raden Werkudara.

(58) T Margajaya : “Raden nadyan **ingkang abdi** ing katemenggungan, Tumenggung Margajaya, ugi boten kanton **keparenga** nyadhong pawarta saking **Paduka Gusti.**”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 100)

Pethikan tuturan angka (58) menika kadadosan antawisipun Tumenggung Margajaya ingkang nyadhong pawarta dhateng Raden Werkudara. Tumenggung Margajaya anggenipun micanten migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Raden nadyan **ingkang abdi** ing katemenggungan, Tumenggung Margajaya, ugi boten kanton **keparenga** nyadhong pawarta saking **Paduka Gusti.**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ingkang abdi’, saha ‘keparenga’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Tembung sesulih pakurmatan dhumateng Raden Werkudara inggih menika tembung ‘paduka gusti’, dene Tumenggung Margajaya migunakaken tembung sesulih ‘ingkang abdi’. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (59).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Guwa Barong nalika Embang Kepet Mega nyuwun dhawuh saking Prabu Kala Srenggi.

(59) Kepet Mega : “Sayogi **Sinuwun**, **swawi** kula **aturi** enggal **paring dhawuh** dhateng **ingkang abdi** emban Kepet Mega.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 278)

Pethikan tuturan angka (59) menika kadadosan antawisipun Emban Kepet Mega kaliyan Prabu Kala Srenggi. Emban Kepet Mega anggenipun micanten migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Sayogi **Sinuwun**, **swawi** kula **aturi** enggal **paring dhawuh** dhateng **ingkang abdi** emban Kepet Mega.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘swawi’, ‘aturi’, ‘paring’, ‘dhawuh’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Kala Srenggi inggih menika tembung ‘sinuwun’, dene Emban Kepet Mega migunakaken tembung sesulih ‘ingkang abdi’. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (60).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Raden Nakula ngaturaken pangabekti dhumateng Prabu Drupada.

(60) Raden Nakula : “Sanadyan kula ugi **ngaturaken** pangabekti Paman, **sakrawuh Paduka** ing nagari Wiratha.”

Prabu Drupada : “Putraku, Ngger, bocah kembar kemanikan ya, dak trima kanthi bungahing atiku dene sira sakloron ngaturake bekti marang wong tuwa, pangestuku wae tampanana, Kembar.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 14,16)

Pethikan tuturan angka (60) menika kadadosan antawisipun Raden Nakula kaliyan Prabu Drupada. Raden Nakula anggenipun micanten migunakaken undha usuk krama inggil, dene Prabu Drupada migunakaken undha usuk antya basa. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Sanadyan kula ugi **ngaturaken** pangabekti Paman, **sakrawuh Paduka** ing nagari Wiratha.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sakrawuh’, ‘ngaturaken’, ingkang kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N-/-aken wonten ing tembung ‘ngaturaken’ minangka panandha krama, sarta tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Drupada inggih menika tembung ‘paduka’. Tuladha sanes panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (61).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Prabu Puntadewa ngaturaken sembah sungkem pangabekti dhumateng Prabu Drupada.

(61) Prabu Kresna: “Ing dina iki mbok menawa beda banget lawan dina-dina kang wis kawuri, Yayi. Nggone Yayi Setyaki ndherekake lawan tindake pun kakang.”

Raden Setyaki: “Lajeng wonten **wigatos punapa Kaka Prabu?**”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 115-116)

Pethikan tuturan angka (61) menika kadadosan antawisipun Prabu Puntadewa kaliyan Prabu Drupada. Prabu Puntadewa saha Prabu Drupada sami-sami migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Lajeng wonten **wigatos punapa Kaka Prabu?**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘lajeng’, ‘wonten’, saha ‘wigatos’, ingkang kalebet tembung krama, saha tembung ‘punapa’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Kresna inggih menika

tembung ‘Kaka Prabu. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (62).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Raden Janaka ngaturaken pasegahan panakrami dhumateng Prabu Drupada.

(62) Raden Janaka : “Sanadyan **ingkang putra**, pun Janaka ugi **ngaturaken** sembah sungkem pangabekti **sakrawuh Paduka** ing nagari Wiratha, **Paman Prabu**.”

Prabu Drupada: “Anakku, Ngger wong asigid Pamadya, ya dak tanpa kanthi gembiraning penggalih, dene putraku Janaka ngaturake bekti marang pun rama, Kulup. Amung puja pangestuku tampanana, Janaka.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 11-12)

Pethikan tuturan angka (62) menika kadadosan antawisipun Raden Janaka kaliyan Prabu Drupada. Raden Janaka anggenipun micanten migunakaken undha usuk krama inggil, dene Prabu Drupada migunakaken undha usuk antya basa. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Sanadyan **ingkang putra**, pun Janaka ugi **ngaturaken** sembah sungkem pangabekti **sakrawuh Paduka** ing nagari Wiratha, **Paman Prabu**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ingkang putra’, ‘sakrawuh’, ‘ngaturaken’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N-/aken wonten ing tembung ‘ngaturaken’ minangka panandha krama, sarta tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Drupada inggih menika tembung ‘paman prabu’ saha ‘paduka’. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk krama inggil saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (63).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Raden Nakula nampi pangestu saking Prabu Drupada.

- (63) Prabu Drupada : “Putraku, Ngger, bocah kembar kemanikan ya, dak trima kanthi bungahing atiku dene sira sakloron ngaturake bekti marang wong tuwa, pangestuku wae tampanana, Kembar.”
 Raden Nakula : “Nuwun **inggi**h kula **tampi**, **Paman Prabu**, mugi dadosa jimat paripih.”
 (Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 16-17)

Pethikan tuturan angka (63) menika kadadosan antawisipun Prabu Drupada kaliyan Raden Nakula. Prabu Drupada migunakaken undha usuk antya basa, dene Raden Nakula migunakaken undha usuk krama inggil. Panandha krama inggil dipuntingali saking ukara “Nuwun **inggi**h kula **tampi**, **Paman Prabu**, mugi dadosa jimat paripih.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggil’, ‘tampi’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Tembung sesulih pakurmatan dhumateng Prabu Drupada inggil menika tembung ‘paman prabu’.

Saking pethikan *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggenipun undha usuk krama inggil menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk krama limrah dipunginakaken wonten ing pagelaran wayang. Undha usuk krama ingil dipunginakaken kangge pakurmatan ingkang inggil dhateng mitra tuturipun. Panganggening undha usuk krama inggil saged kapanggihaken wonten ing adegan pasewakan ingkang resmi, kados pethikan angka (56)-(63) ing pundi sedayanipun katindakaken wonten ing kedhaton. Panganggening undha usuk krama inggil migunakaken tembung sesulih pakurmatan, kados ‘paman prabu’, ‘anak prabu’, ‘paduka’ kangge mitra tutur, dene panutur limrahipun migunakaken tembung ‘ingkang abdi’, ‘abdi dalem’.

j. Basa Kedhaton

Basa Kedhaton inggih menika undha usuk basa ingkang dipunginakaken dening para kulawarga ratu saha abdi ratu wonten ing sangajenging ratu nalika wonten ing salebeting kedhaton. Ukaranipun kasusun saking tembung krama saha basa kedhaton tanpa krama inggil tumrap mitra tuturipun. Limrahipun migunakaken ater-ater saha panambang krama, kadosta dipun-, -aken, -ipun. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken tuladha panganggening basa Kedhaton.

Konteks: kawontenan resmi wonten ing pasewakan nagari Wiratha, ing pundi Prabu Puntadewa ingkang nyuwun pitulung dhumateng Prabu Kresna saperlu dados dutaning para Pandhawa ingkang pamungkas.

- (64) Prabu Kresna : “Wonten dhawuh pangandika, Yayi Aji?”
 Prabu Puntadewa : “Mawali-wali para Pandhawa tansah andamel ribetipun **Raka Prabu**, teka ing mangke ri **jengandika** para Pandhawa nyuwun gungan dhateng **Kaka Prabu**, **keparenga Kaka Prabu** ing Dwarawati **kersaa nyarirani** minangka duta ingkang angka 3 inggih duta pamungkas.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 46-47)

Pethikan tuturan angka (64) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Puntadewa. Prabu Puntadewa anggenipun ngendika migunakaken basa Kedhaton nalika piyambakipun nyuwun pambiyantu dhumateng Prabu Kresna. Panandha basa Kedhaton dipuntingali saking ukara “Mawali-wali para Pandhawa tansah andamel ribetipun **Raka Prabu**, teka ing mangke ri **jengandika** para Pandhawa nyuwun gungan dhateng **Kaka Prabu**, **keparenga Kaka Prabu** ing Dwarawati **kersaa nyarirani** minangka duta ingkang angka 3 inggih duta pamungkas.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘raka prabu’, ‘kaka

prabu’, ‘keparenga’, ‘kersaa’, ‘nyarirani’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -ipun wonten ing tembung ‘ribetipun’ minangka panandha krama, sarta tembung ‘jengandika’ ingkang kalebet tembung basa Kedhaton. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa Kedhaton saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (65).

Konteks: kawontenan resmi wonten ing pasewakan nagari Ngastina nalika Prabu Duryudana mundhut priksa dhateng Dewi Gendhari ingkang ngasta curiga.

- (65) Prabu Duryudana : “**Ibu**, menika wonten menapa **Ibu**? Lajeng **Kanjeng Ibu ngasta curiga?**”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 220)

Pethikan tuturan angka (65) menika kadadosan antawisipun Prabu Duryudana kaliyan Dewi Gendhari. Prabu Duryudana anggenipun ngendika migunakaken basa Kedhaton nalika piyambakipun mundhut priksa dhumateng Dewi Gendhari. Panandha basa Kedhaton dipuntingali saking ukara “**Ibu**, menika wonten menapa **Ibu**? Lajeng **Kanjeng Ibu ngasta curiga?**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ibu’, ‘ngasta’, ingkang kalebet tembung krama inggil. Tembung ‘curiga’ kalebet tembung basa Kedhaton. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa Kedhaton saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (66).

Konteks: kawontenan boten resmi wonten ing satengahing wana, nalika Bambang Irawan saweg perang tandhing kaliyan Banyak Calora.

- (66) Banyak Calora : “Ndas buta pating jenggeleg, rambut buta pating jebobok.”
Bambang Irawan : “Dak sampar, dak sandhung rambut gubet pada, dak pagas **curiga**.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 397-398)

Pethikan tuturan angka (66) menika kadadosan antawisipun Bambang Irawan kaliyan Banyak Calora. Bambang Irawan anggenipun micanten migunakaken basa Kedhaton nalika piyambakipun saweg perang tandhing kaliyan Banyak Calora. Panandha basa Kedhaton dipuntingali saking ukara “Dak sampar, dak sandhung rambut gubet pada, dak pagas **curiga**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sampar’, ‘sandhung’, ‘rambut’, ingkang kalebet tembung ngoko. Ater-ater dak- wonten ing tembung ‘dak sampar’, ‘dak sandhung’, sarta ‘dak pagas’ minangka panandha ngoko, sarta tembung ‘curiga’ ingkang kalebet tembung basa Kedhaton. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kedhaton saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (67).

Konteks: kawontenan resmi wonten ing pasewakan nagari Wiratha nalika Prabu Kresna ngandharaken asiling dados duta.

(67) Prabu Kresna : “Kacarita, nalika semanten **pangandikanipun Yayi Prabu** Duryudana, **sakonduripun** para Jawata, saking nglebet kedhaton medal Bibi Dewi Gendhari, sampun **angasta curiga**.”

P Matswapati : “Gendhari, Mbakyune Sengkuni?”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 518-519)

Pethikan tuturan angka (67) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Matswapati. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken basa Kedhaton, dene Prabu Matswapati migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha basa Kedhaton dipuntingali saking ukara “Kacarita, nalika semanten **pangandikanipun Yayi Prabu** Duryudana, **sakonduripun** para Jawata, saking nglebet kedhaton medal Bibi Dewi Gendhari, sampun **angasta curiga**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘semanten’, ‘medal’, ‘sampun’ ‘angasta’ ingkang kalebet tembung krama inggil. Panambang -ipun wonten ing tembung

‘pangandikanipun’ saha ‘sakonduripun’ minangka panandha krama, dene tembung ‘curiga’ kalebet tembung basa Kedhaton. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa Kedhaton saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (68).

Konteks: kawontenan pasewakan resmi wonten ing negari Wiratha, nalika Prabu Matswapati mundhut priksa dhateng Prabu Kresna.

(68) Prabu Kresna : “Inggih Mbakyunipun, Patih Sengkuni.”

P Matswapati : “Lha arep dinggo apa nggawa **curiga**?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 520-521)

Pethikan tuturan angka (68) menika kadadosan antawisipun Prabu Kresna kaliyan Prabu Matswapati. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk mudha krama, dene Prabu Matswapati migunakaken undha usuk basa kedhaton. Panandha basa Kedhaton dipuntingali saking ukara “Lha arep dinggo apa nggawa **curiga**?” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘arep’, ‘nggo’, ‘apa’, ‘nggawa’, ingkang kalebet tembung ngoko. Ater-ater di- wonten ing tembung ‘dinggo’ minangka panandha ngoko, sarta tembung ‘curiga’ ingkang kalebet tembung basa Kedhaton.

Saking *data* kasebut kapanggihaken bilih panganggening undha usuk basa kedhaton dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk basa kedhaton menika limrahipun namung dipunginakaken wonten ing lingkungan kedhaton, kados dene panganggenipun wonten ing pethikan angka (64), (65), (67) saha (68). Wonten ing *data* panaliten menika kapanggihaken tuturan ingkang boten jumbuh kaliyan teori ngengingi panganggening undha usuk basa kedhaton, inggih menika pethikan angka (66). *Data* lampiran 408 menika migunakaken undha usuk basa

kedhaton, ananging anggenipun migunakaken boten ing sakiteripun cepuri kedhaton, ananging adegan wonten ing wana antawisipun satriya kaliyan rakesa.

k. Basa Kasar

Undha usuk basa kasar inggih menika undha usuk ing pundi ingkang dados tetembungan pokokipun inggih menika tembung ngoko. Ater-ater saha panambang ingkang dipunginakaken wonten ing undha usuk menika limrahipun awujud panandha ngoko sarta migunakaken tembung-tembung kasar. Basa kasar menika basanipun tiyang ingkang saweg nepsu, kangge srengen, padu. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk basa kasar.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing plataran pendhapa Ngastina antawisipun Raden Burisrawa kaliyan Raden Setyaki, ing pundi Raden Burisrawa boten remen kaliyan ingkang dipuntindakaken dening Raden Setyaki

(69) Raden Burisrawa: “**Bungkik** mung kanggo alesan, **parat**, ora manut dak pidana, **Bungkik**.”

Raden Setyaki : “Ing ngatase sipating werjit, cacing wae yen kepidak kojel-kojel, apa aku sipating manungsa mung meneng wae?”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 257-258)

Pethikan tuturan angka (69) menika kadadosan antawisipun Raden Burisrawa kaliyan Raden Setyaki. Raden Burisrawa ingkang saweg duka migunakaken basa kasar, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “**Bungkik** mung kanggo alesan, **parat**, ora manut dak pidana, **Bungkik**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bungkik’ saha ‘parat’ ingkang kalebet tembung kasar. Ater-ater dak- wonten ing tembung ‘dak pidana’ minangka panandha ngoko.

Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (70).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing plataran pendhapa Ngastina antawisipun Raden Burisrawa kaliyan Raden Setyaki.

- (70) Raden Setyaki : “Janji ora oncat, abor mustakamu.”
 Raden Burisrawa: “Hayo obaha kowe **Bungkik**, yen wis dak kempit ngene iki apa arep bangga sira, **Bungkik**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 260-261)

Pethikan tuturan angka (70) menika kadadosan antawisipun Raden Setyaki kaliyan Raden Burisrawa. Raden Burisrawa ingkang saweg duka migunakaken basa kasar, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk antya basa. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Hayo obaha kowe **Bungkik**, yen wis dak kempit ngene iki apa arep bangga sira, **Bungkik**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bungkik’ ingkang kalebet tembung kasar. Ater-ater dak-wonten ing tembung ‘dak kempit’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (71).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Bagong kaliyan Cantrik, ing pundi kekalihipun minangka abdi, ancasipun tuturan namung kangge gojegan kemawon.

- (71) Cantrik : “O tak banting sisan, kowe.”
 Bagong : “Piye, **wanda** kaya biting ngono wae arep mbanting.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 326-327)

Pethikan tuturan angka (71) menika kadadosan antawisipun Cantrik kaliyan Bagong ingkang sami-sami abdi. Bagong migunakaken basa kasar nalika piyambakipun micanten dhateng cantrik, ananging Bagong namung gojeg

kemawon. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Piye, **wanda** kaya biting ngono wae arep banting.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘piye’, ‘kaya’, ‘ngono’, ‘wae’, ‘arep’, ‘banting’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘wanda’ minangka tembung kasar. Wonten ing masyarakat Jawi, tembung wanda menika minangka tembung pisuhan. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (72).

Konteks: pacelathon antawisipun Raden Burisrawa kaliyan Raden Setyaki wonten ing plataran pendhapa Ngastina.

(72) Raden Burisrawa: “He saiki wae, **Bungkik**, aku kebacut kaya ngene.”

Raden Setyaki : “Ora Kakang, besuk wae, saiki dicukupi semene wae.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 272-273)

Pethikan tuturan angka (72) menika kadadosan antawisipun Raden Burisrawa kaliyan Raden Setyaki. Raden Burisrawa ingkang saweg duka migunakaken basa kasar, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk ngoko lugu. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “He saiki wae, **Bungkik**, aku kebacut kaya ngene.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bungkik’ ingkang kalebet tembung kasar. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (73).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing plataran pendhapa Ngastina nalika Raden Burisrawa duka dhateng Raden Setyaki.

(73) Raden Setyaki : “Lha dalah, jebul **Bungkik** sing dadi kusir, **parat**, parandene ora ngerti marang pranatan soka sapa wae kang mapan ana negara Ngastina kudu manut marang pranatan negara Ngastina. He **Bungkik**, yenta sing njaga sitihi nggil ki Burisrawa, gegandhengan sira wus ninggal marang tata krama, manuta dak

pidana, **Bungkik**.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 255)

Pethikan tuturan angka (73) menika kadadosan antawisipun Raden Setyaki kaliyan Raden Burisrawa. Raden Burisrawa ingkang saweg duka migunakaken basa kasar, dene Raden Setyaki migunakaken undha usuk antya basa. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Lha dalah, jebul **Bungkik** sing dadi kusir, **parat**, parandene ora ngerti marang pranatan soka sapa wae kang mapan ana negara Ngastina kudu manut marang pranatan negara Ngastina. He **Bungkik**, yenta sing njaga sitihinggil ki Burisrawa, gegandhengan sira wus ninggal marang tata krama, manuta dak pidana, **Bungkik**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘bungkik’ saha ‘parat’ ingkang kalebet tembung kasar. Ater-ater dak-wonten ing tembung ‘dak pidana’ minangka panandha ngoko. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (74).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Bagong kaliyan Cantrik, ing pundi kekalihipun minangka abdi, ancasipun tuturan namung kangge gegojegan kemawon.

(74) Bagong : “Kaya Cantrik kuwi, peh le wedok *bodyne fit* we metu sithik diancem, mangka arep arisan PKK.”

Cantrik : “Ya men ta, **crewet**, tak ancema ora wong kuwi bojoku dhewe.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 357-358)

Pethikan tuturan angka (74) menika kadadosan antawisipun Bagong kaliyan Cantrik ingkang sami-sami abdi. Cantrik migunakaken basa kasar nalika piyambakipun micanten kaliyan Bagong ingkang berbeda kemawon. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Ya men ta, **crewet**, tak ancema ora wong

kuwi bojoku dhewe.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ora’, ‘wong’, ‘kuwi’, ‘dhewe’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘crewet’ minangka tembung kasar. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (75).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Banyak Calora kaliyan Bambang Irawan wonten satengahing wana.

(75) Banyak Calora : “Hanya-hanyah....mandheg satriya, mandheg, adol kuwanen **parat**, wanoh wani liwat alas iki, apa wis bosen urip, **parat**, ayo ngakua, aja mati tanpa aran.”

Bambang Irawan: “Babo-babo, abane macia-cia, kumawasa, kumawani, kena tanganku mangsa mindho gaweni, ayo ngakua dak takoni.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 387-388)

Pethikan tuturan angka (75) menika kadadosan antawisipun Banyak Calora kaliyan Bambang Irawan. Banyak Calora migunakaken undha usuk basa kasar nalika nyandhet lampahipun Bambang Irawan. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Hanya-hanyah....mandheg satriya, mandheg, adol kuwanen **parat**, wanoh wani liwat alas iki, apa wis bosen urip, **parat**, ayo ngakua, aja mati tanpa aran.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘mandheg’, ‘adol’, ‘wani’, ‘liwat’, ‘alas’, ‘apa’, ‘wis’, ‘urip’, ‘mati’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘parat’ minangka tembung kasar. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kasar saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (76).

Konteks: pacelathon katindakaken antawisipun Bagong kaliyan Cantrik, ing pundi kekalihipun minangka abdi, ancasipun tuturan namung kangge gegojegan kemawon.

(76) Bagong : “Ya no, taune krungu asu mbaung, krungu Uler Kambang, terus turu dadakan.”

Cantrik : “Ya ben ta, nyet eneke kene swara **asu** mbaung, kok **crewet**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 356-357)

Pethikan tuturan angka (76) menika kadadosan antawisipun Bagong kaliyan Cantrik ingkang sami-sami abdi. Bagong saha Cantrik sami-sami migunakaken basa kasar, ananging ancasipun namung gojeg kemawon. Panandha basa kasar dipuntingali saking ukara “Ya ben ta, nyet eneke kene swara **asu** mbaung, kok **crewet**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘enek’, ‘kene’, ‘swara’, ingkang kalebet tembung ngoko, sarta tembung ‘asu’ saha ‘crewet’ minangka tembung kasar.

Saking *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening undha usuk basa kasar dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk basa kasar asring dipunginakaken dening tiyang ingkang saweg duka, kados pethikan angka (69), (72) saha (73). Basa kasar ugi asring dipunginakaken nalika badhe perang tandhing, kados pethikan angka (70) saha (75). Wonten ing pagelaran wayang, panganggening basa kasar ugi dipunginakaken dening para dhagelan nalika sami gegojegan, ewadene manahipun mangkel ananging namung kangge panglipur dening para dhagelan, kados pethikan angka (71), (74) saha (76). Paraga dhagelan ingkang migunakaken basa kasar kangge gegojegan limrahipun paraga-paraga ingkang gadhah hubungan raket saha akrab sanget, saengga boten nuwuhaken raos duka menawi sampun pungkasan anggenipun gegojegan.

I. Basa Kadewatan

Undha usuk basa kadewatan menika undha usuk basa ingkang dipunginakaken dening paraga Dewata wonten ing pewayangan Jawi. Ukaranipun kasusun saking tembung-tembung ngoko menapa dene krama. Limrahipun dipunginakaken antawisipun Dewa kaliyan Dewa, menapa dene Dewa kaliyan

manungsa. Tetengeripun migunakaken tembung sesulih ‘kita’, ‘ulun’, saha ‘pukulun’. Wonten ing ngandhap menika kasamektakaken pethikan pacelathon para paraga ingkang migunakaken undha usuk basa kadewatan.

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna mriksani para Jawata Catur ingkang marepegi lampahipun dhateng negari Ngastina.

- (77) Prabu Kresna: “Menika kados **Pukulun** Kanekaputra, tuwin Sang Hyang Kanwa, Sang Hyang Janaka tuwin Bathara Ramapharasu.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 145)

Pethikan tuturan angka (77) menika kadadosan nalika Prabu Kresna mriksani para Jawata Catur ingkang marepegi lampahipun dhateng Ngastina. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “Menika kados **Pukulun** Kanekaputra, tuwin Sang Hyang Kanwa, Sang Hyang Janaka tuwin Bathara Ramapharasu.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘pukulun’ minangka tembung sesulih wonten ing basa kadewatan. Ukaranipun kasusun saking tembung krama amargi mitra tuturipun minangka Dewata. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (78).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi nalika Bathara Janaka nampi sungkem pangabekti saking Prabu Kresna.

- (78) Bathara Janaka : “Iya Kresna, wis **ulun** tampa.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 155)

Pethikan tuturan angka (78) menika kadadosan nalika Nathara Janaka nampi pangabekti saking Prabu Kresna. Bathara Janaka anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali

saking ukara “Iya Kresna, wis **ulun** tanpa.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ulun’ minangka tembung sesulih wonten ing basa kadewatan. Ukaranipun kasusun saking tembung ngoko, amargi mitra tuturipun minangka manungsa. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (79).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna ngaturaken panuwun dhateng Jawata Catur ingkang kersa nyekseni lampahipun dados duta.

(79) Prabu Kresna: “**Ngaturaken** gunging panuwun, **Pukulun**, dene **lampah** kula sineksenan dening para Jawata.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 147)

Pethikan tuturan angka (79) menika kadadosan nalika Prabu Kresna ngaturaken panuwun dhateng Jawata Catur. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “**Ngaturaken** gunging panuwun, **Pukulun**, dene **lampah** kula sineksenan dening para Jawata.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘lampah’ ingkang kalebet tembung krama inggil, sarta tembung ‘pukulun’ minangka tembung sesulih wonten ing basa kadewatan. Wuwuhan rangkep N-/aken wonten ing tembung ‘ngaturaken’ minangka panandha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (80).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi nalika Resi Naradha ngandharaken dhawuhipun Sang Hyang Manikmaya.

(80) Resi Naradha: “Iya Ngger Kresna, **jeneng ulun** lan para kadang Jawata kang mrepegi marang laku **kita**, mangka pengawak dutaning Pandhawa. **Jeneng ulun kadhawuhan** dening Sang Hyang Manikmaya kinen anekseni marang

lelakon iki, ya amarga lelakon iki kang bakal
nemtokake lelakon sakteruse.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 146)

Pethikan tuturan angka (80) menika kadadosan nalika Resi Naradha ngandharaken dhawuhipun Sang Hyang Manikmaya. Resi Naradha anggenipun ngendika migunakaken basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “Iya Ngger Kresna, **jeneng ulun** lan para kadang Jawata kang mrepegi marang laku **kita**, mangka pengawak dutaning Pandhawa. **Jeneng ulun** kadhawuhan dening Sang Hyang Manikmaya kinen anekseni marang lelakon iki, ya amarga lelakon iki kang bakal nemtokake lelakon sakteruse.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘jeneng ulun’, ‘kita’ ingkang kalebet tembung sesulih wonten ing basa kadewatan. Ukaranipun kasusun saking tembung ngoko saha krama. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (81).

Konteks: pacelathon kadadosan wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna ngestokaken dhawuhipun Resi Naradha.

(81) Resi Naradha : “Mara Kresna undhuna dhisik kretamu, ayo rembugan ana ing dharatan, Ngger Kresna.”

Prabu Kresna : “Nuwun **inggihi sendika ngestokaken dhawuh Pukulun**”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 148-149a)

Pethikan tuturan angka (81) menika kadadosan antawisipun Resi Naradha kaliyan Prabu Kresna. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “Nuwun **inggihi sendika ngestokaken dhawuh Pukulun**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggihi’, ‘sendika’ saha ‘dhawuh’ ingkang kalebet

tembung krama inggil. Wuwuhan rangkep N-/aken wonten ing tembung ‘ngestokaken’ minangka panandha krama. Tembung sesulih ‘pukulun’ minangka tembung sesulih basa kadewatan. Prabu Kresna migunakan tembung krama amargi mitra tuturipun minangka Dewata. Tuladha sanesipun saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (82).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna mundhut priksa dhateng Resi Naradha.

- (82) Prabu “Nuwun **inggi**, kok ngantos semanten
Kresna: **keparengipun Kanjeng Pukulun?**”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 159)

Pethikan tuturan angka (82) menika kadadosan nalika Prabu Kresna mundhut priksa dhateng Resi Naradha. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “Nuwun **inggi**, kok ngantos semanten **keparengipun Kanjeng Pukulun?**” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘inggi’, ‘ngantos’, ‘semanten’, ingkang kalebet tembung krama. Panambang -ipun wonten ing tembung ‘keparengipun’ minangka panandha krama, sarta tembung ‘pukulun’ minangka tembung sesulih wonten ing basa kadewatan. Prabu Kresna migunakan tembung krama amargi mitra tuturipun minangka Dewata. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (83).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi nalika Bathara Kanwa nampi pangabekti saking Prabu Kresna

- (83) Bathara Kanwa : “Iya-ya Ngger Kresna, banget ing panarima
ulun, dening **kita ngaturake** bekti.”
(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 154)

Pethikan tuturan angka (83) menika kadadosan antawisipun Bathara Kanwa kaliyan Prabu Kresna. Bathara Kanwa anggenipun ngendika migunakaken undha usuk basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “Iya-iya Ngger Kresna, banget ing panarima **ulun**, dening **kita ngaturake** bekti.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘ulun’ saha ‘kita’ minangka tembung sesulih basa kadewatan, wuwuhan rangkep N-/-ake wonten ing tembung ‘ngaturake’ minangka panandha ngoko. Bathara Kanwa migunakaken tembung ngoko amargi Prabu Kresna minangka manungsa, ewadene panjalmanipun Bathara Wisnu. Tuladha sanes saking panganggening undha usuk basa kadewatan saged dipuntingali wonten ing pethikan tuturan angka (84).

Konteks: pacelathon katindakaken wonten ing satengahing margi nalika Prabu Kresna ngaturaken sungkem pangabekti dhateng Jawata Catur.

(84) Prabu Kresna : “**Pukulun** Naradha, **Pukulun** Kanwa, **Pukulun** Janaka, dalah **Pukulun** Ramapharasu, **sakrawuh Paduka Pukulun ingkang wayah** pun Kresna **ngaturaken** sembah sungkem pangabekti, **Pukulun**.”

(Lampahan Kresna Duta, *data* lampiran 152)

Pethikan tuturan angka (84) menika kadadosan nalika Prabu Kresna ngaturaken sungkem pangabekti dhateng Jawata Catur. Prabu Kresna anggenipun ngendika migunakaken basa kadewatan. Panandha basa kadewatan dipuntingali saking ukara “**Pukulun** Naradha, **Pukulun** Kanwa, **Pukulun** Janaka, dalah **Pukulun** Ramapharasu, **sakrawuh Paduka Pukulun ingkang wayah** pun Kresna **ngaturaken** sembah sungkem pangabekti, **Pukulun**.” Saking ukara kasebut kapanggihaken tembung ‘sakrawuh’, ‘dalah’, ingkang kalebet tembung

krama, sarta tembung sesulih ‘pukulun’ minangka tembung sesulih basa kadewatan. Wuwuhan rangkep N-/-aken minangka panandha krama. Prabu Kresna migunakaken tembung krama amargi mitra tuturipun minangka Dewata.

Saking *data* kasebut saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening undha usuk basa kadewatan menika dipundayani dening prekawis tartamtu. Undha usuk basa kadewatan asring dipunginakaken dening Dewata kaliyan Dewata, menapa dene Dewata kaliyan manungsa, kados pethikan angka (77)-(84). Wonten ing pagelaran wayang, panganggening basa kadewatan menika namung dipunginakaken wonten ing adegan ingkang dipunrawuhi dening para Dewata. Limrahipun migunakaken tembung sesulih ‘kowe’ dipungantos ‘kita’, ‘aku’ dipungantos ‘ulun’, sarta ‘pukulun’ kangge para Dewa.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar panaliten saha pirembaganipun ngengingi panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta, saged kapendhet dudutan kados mekaten.

1. Jinisipun undha usuk basa Jawi ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika wonten 12 jinis, inggih menika ngoko lugu, antya basa, basa antya, madya ngoko, madya krama, kramantara, wredha krama, mudha krama, krama inggil, basa kedhaton, basa kasar, sarta basa kadewatan. Bab menika amargi ingkang migunakaken basa saking golongan ingkang beda-beda. Inkang migunakaken saking paraga Punakawan dumugi paraga Ratu, saha Dewata, saengga kathah sanget jinis-jinis undha usuk ingkang dipunginakaken wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta menika.
2. Panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta dipundayani dening saperangan prekawis. Prekawis kasebut inggih menika, kawontenan (resmi saha boten resmi), *hubungan* raket antawising panutur kaliyan mitra tutur, yuswa, drajat, pangkat, kawibawan, saha status sosial, ancasipun tuturan, ukaranipun tuturan, trapsila micantenan, kahanan manahipun paraga dhateng mitra tutur, sarta unggah ungguhing panutur ingkang boten sae. Sedaya bab kasebut ndayani panganggening jinis undha usuk ingkang dipunginakaken dening para paraga wonten ing Lampahan Kresna Duta amargi para paraga anggenipun nindakaken pirembagan wonten

ing papan, wekdal, saha kawontenan ingkang beda, mitra tutur ingkang beda, menapa dene ancas pirembaran ingkang beda.

3. Wonten ing panaliten menika kapanggihaken pirembaran ingkang tetembunganipun mligi dipunginakaken wonten ing pewayangan, kadosta tembung 'ingsun', 'sira', 'kulup', 'pun eyang', 'pun bapa'. Wonten ugi panganggening undha usuk basa ingkang kirang trep, kadosta pirembaran ingkang dipuntindakaken wonten ing satengahing wana, ananging tembung ingkang dipunginakaken minangka tembung kedhaton, sarta panganggening undha usuk basa ingkang boten tetep dening paraga ingkang sami wonten ing papan saha wekdal ingkang sami.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih wonten ing tuturan para paraga wonten ing Lampahan Kresna Duta migunakaken undha usuk basa Jawi ingkang maneka jinis ingkang dipunjumbuhaken kaliyan *konteks* tuturipun. Asiling panaliten menika dipunangkah saged dipunginakaken kangge nggladhi wicantenan siswa ingkang adhedhasar undha usuk supados boten namung mangertosi kanthi *teoritis* kemawon, ananging ugi saged ngecakaken saha nindakaken wonten ing pagesangan saben dintenipun ingkang dipunjumbuhaken kaliyan papan, wekdal, swasana, ancas, norma sarta kaliyan sinten wawan pirembaranipun.

Tumrap guru kaangkah saged dipundadosaken pandom panataning materi ajar, *metode*, menapa dene media pasinaon, mliginipun babagan unggahungguh. Tumrap para maos, asiling panaliten menika dipunangkah saged suka pambiyantu

babagan wigatosipun migunakaken undha usuk basa Jawi nalika nindakaken *komunikasi* kaliyan mitra tuturipun. Asiling panaliten menika ugi saged dipunginakaken kangge *referensi* utawi dhasar kangge panaliten salajengipun, menapa dene dhasar kangge ngrembakakaken panaliten.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun panaliten menika, wonten saperangan pamrayogi ingkang saged dipungatosaken, inggih menika.

1. Panaliten menika namung winates ngrembag babagan jinisipun undha usuk basa Jawi saha bab ingkang ndayani panganggening undha usuk basa Jawi wonten ing Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Dipunangkah kangge para panaliti basa saged nindakaken panaliten salajengipun ngengingi *aspek* basa sanesipun.
2. Panaliten menika namung winates wonten ing buku pakem pedhalangan Lampahan Kresna Duta. Dipunangkah saged dipuntindakaken panaliten sanesipun kanthi underaning panaliten ingkang boten namung winates wonten ing buku pakem pedhalangan. Panaliten menika ugi saged dipuntindakaken tumrap buku pakem pedhalangan sanesipun. Dipunangkah ugi asiling panaliten menika saged dados *referensi* utawi dhasar tumrap para panaliti ingkang badhe nindakaken panaliten wonten ing bidang basa, mliginipun bab basa wonten ing wayang Jawi.

KAPUSTAKAN

- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa II*. Djokdja: Hien Hoo Sing.
- Astuti, Fitriyani. 2006. “Tingkat Tutur Bahasa Jawa dalam Upacara Pasrah-Tampi Pengantin di Kecamatan Cipari Kabupaten Cilacap Jawa Tengah”. Skripsi. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Chaer, Abdul dan Leoni Agustina. 1995. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Damayanti, Vita Sari. 2012. “Pemakaian Tingkat Tutur Bahasa Jawa di Dukuh Keden, Desa Gumulan, Kecamatan Klaten Tengah, Kabupaten Klaten”. Skripsi. Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Hymes, Dell. 1974. *Foundations in Sociolinguistics: An Ethnographic Approach*. Philadelphia: University of Pennsylvania Press.
- Kementerian Pengajaran, Pendidikan, dan Keboedajaan. 1949. *Karti Basa*. Djakarta: Kementerian Pengajaran, Pendidikan, dan Keboedajaan.
- Nababan, PWJ. 1986. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Nadra dan Renawati. 2009. *Dialektologi Teori dan Metode*. Yogyakarta: CV Elmatara Publishing.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik: Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Yogyakarta. PT. Kanwa Publisher.
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Kajian Linguistik Umum Historis Komparatif dan Tipologi Struktural: Edisi Kedua*. Jakarta: Erlangga.
- Poedjasoedarmo, Soepomo. 1976. *Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.
- Poedjasoedarmo, Soepomo, dkk. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Purwadi. 1992. *Serat Pedhalangan Lampahan Kresna Duta*. Surakarta: CV Cendrawasih.
- Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.

- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua: Metode dan Aneka Teknik Penggunaan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wardhaugh, Ronald. 1986. *An Introduction to Sociolinguistics*. Massachusetts: Blackwell Publisher.
- Wedhawati, dkk. 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta. Kanisius.

LAMPIRAN

ANALISIS DATA SERAT PEDHALANGAN LAMPAHAN KRESNA DUTA

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
1.	Prabu Matswapati (a) “Hyang sukmana adil luwih tansah paringa pangayoman marang jeneng insun.” (b) “Mangko ta Ngger, Putu Prabu Drupada, sak praptane Putu Prabu ing negara Wiratha pun kaki ngaturake pasegahan pambagya panakrama, Ngger.”	a. Antya Basa b. Wredha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	a. Tuturan awujud pandonga ingkang wosipun katujokaken dhumateng Gusti. b. Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan mitra tutur ingkang langkung enem dene kekalihipun minangka nalendra.
2.	Prabu Drupada “Nuwun inggih kanjeng Eyang pambagyanipun kanjeng Eyang sampun kula tampi boten langkung ingkang wayah ngaturaken sembah sungkem mugi konjuk ing sangandhaping pepadha, Eyang.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh dene kekalihipun minangka nalendra.
3.	Prabu Matswapati “Banget panarimane pun kaki, putu, ora liwat ngilangna ewuh lan pakewuh apa dene sanggarunggi tumuli kepenakna lenggahmu.”	Antya basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan mitra tutur ingkang langkung enem dene kekalihipun minangka nalendra.
4.	Prabu Drupada “Nuwun inggih, kados-kados boten kirang sekeca anggen kula marak wonten ngarsanipun kanjeng Eyang.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh dene kekalihipun minangka nalendra.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
5.	Prabu Puntadewa “Nadyanta ingkang putra ngaturaken sungkem pangabekti sakrawuhipun Paman Prabu wonten ing nagari Wiratha, Paman.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh dene kekalihipun minangka nalendra.
6.	Prabu Drupada “Lha dalah, hah-hah, inggih Ngger pangabektinipun Anak Prabu sampun kula tampi, namung dhawaha sami-sami nggih, Ngger.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung inggil drajat kawibawanipun.
7.	Prabu Kresna “Paman Prabu, sakrawuhipun Paman Prabu Drupada ing nagari Wiratha, ingkang putra ing Dwarawati ngaturaken psegahan panakrami, Paman.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh dene kekalihipun minangka nalendra.
8.	Prabu Drupada “Oh, inggih Ngger Anak Prabu ing Dwarawati, pambagyanipun Anak Prabu sampun kula tampi kanthi bombonging manah, boten langkung dhawaha sami-sami.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung inggil drajat kawibawanipun.
9.	Raden Werkudara “Waaaa.. Drupada, Pamanku, sakrawuhmu ora liwat basaku wae, katura, Drupada, Pamanku.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Unggah unggah panuturipun ingkang kirang sae (piyambakipun namung basa dhumateng Dewa Ruci).
10.	Prabu Drupada “Anakku wong jarot, anakku wong jlonet ingkang sentosa ing dhadha baune, iya-iya Bratasena, banget andadekake suka marwata, gembira tyasing pun bapa, dene sira ngaturake bakti marang pun bapa, amung pangestuku wae dikebat tampanana, Werkudara.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Drajat mitra tuturipun ingkang langkung andhap sarta yuswanipun langkung enem saking piyambakipun.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
11.	Raden Janaka “Sanadyan ingkang putra, pun Janaka ugi ngaturaken sembah sungkem pangabekti sakrawuh Paduka ing nagari Wiratha, Paman Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh lan inggil drajatipun.
12.	Prabu Drupada “Anakku, Ngger wong asigid Pamadya, ya dak tampa kanthi gembiraning penggalih, dene putraku Janaka ngaturake bekti marang pun rama, kulup. Amung puja pangestuku tampanana, Janaka.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Yuswa mitra tutur ingkang langkung enem, sarta drajatipun langkung andhap.
14.	Raden Nakula “Sanadyan kula ugi ngaturaken pangabekti Paman, sakrawuh Paduka ing nagari Wiratha.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh lan inggil drajatipun.
15.	Raden Sadewa “Pangabekti kula katur, Paman Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh lan inggil drajatipun.
16.	Prabu Drupada “Putraku, Ngger, bocah kembar kemanikan ya, dak trima kanthi bungahing atiku dene sira sakloron ngaturake bekti marang wong tuwa, pangestuku wae tampanana, Kembar.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Yuswa mitra tutur ingkang langkung enem, sarta drajatipun langkung andhap.
17.	Raden Nakula “Nuwun inggih kula tampi, Paman Prabu, mugi dadosa jimat paripih.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh lan inggil drajatipun.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
18.	Raden Sadewa “Nuwun inggih sampun kula tampi ing asta kalih, Paman, kapeteg ing pranaja, mugi anyembuha dhateng bagya kayuwanan kula.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh lan inggil drajatipun.
27.	Prabu Matswapati (a) “Sabar dhisik ngger Werkudara, Putu Prabu Puntadewa wus miyarsa dhewe mungguh wohing kerampungane nggone marasepuhmu dadi pengawak duta ingkang angka loro, Putu” (b) “Samengko banjur kepiye mungguh marga kang bakal tinempuh rehning Kurawa kang disuhi dening si Kurupati teka wis angel diajak rembugan kanthi becik mungguh balining negara Ngendraprastha sakjajahane munggahing marang bumi Ngastina sing dadi duweke putu-putuku Pandhawa.”	a. Antya Basa b. Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	a. Mitra tuturipun ingkang langkung enem. b. Mitra tuturipun ingkang langkung enem.
29.	Prabu Kresna “Eyang, keparenga ingkang wayah nyambeti dhateng pangandikanipun Yayi Aji, Eyang.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh.
30.	Prabu Matswapati “Putu Prabu Kresna pun Eyang lilani Putu Prabu Kresna nedya ngrewangi madhangake reruwet iki.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan, saha mitra tuturipun ingkang langkung enem.
31.	Prabu Kresna (a) “Nun, inggih Eyang ngaturaken gunging panuwun, (b) Yayi Prabu Puntadewa, ketalipun Yayi Aji sampun kendho ing prekawis menika Yayi, mangga	a. Krama Inggil b. Krama Inggil	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	a. Kawontenan resmi wonten ing pasewakan sarta pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh. b. Kawontenan resmi wonten ing

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	sami dipuntaliti ing reh jejibahan Paduka saha kula, dene kita tinitahaken ing madyapada menika sinampiran pakaryan menapa.” “Wangsul dhateng mamrih wangsuling negari Ngamarta minggahing nagari Ngastina, menika leres pangandika Paduka, menawi tinaliti kanthi gegebengan rehing kautaman menika sampun trep.” “Lakar leres manungsa ingkang sampun anjiwa dhateng darmaning kautaman, pranyata sirik dhateng memengsahan.” “Nanging sakmenika Yayi Prabu kula aturi enged dhateng jejibahan paduka. Jagad menika sampun anekseni lan para raja liyan nagari sampun kebrebegen dhateng aruming asma Paduka sakadang mangka ratu lan satriya ingkang tansah memayu dhateng hayuning bawana.” “Inggih kanthi jejibahan Paduka mangka nalendra, mangga sami dipunraosaken panangising para kawula ing nagari Ngamarta ingkang ringgem dening para Kurawa, tumunten mangga sami dipunpenggalih, srana margi kados pundi nagari Ngamarta menika saged mardika malih wangsul dhateng asta Paduka Yayi Aji.”										pasewakan.
32.	Prabu Matswapati “Iya-iya, Putu prabu keparenga andhahar lan nglelimbang marang pangandikane ingkang Raka iku,	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan, sarta mitra tutur ingkang langkung enem.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	Putu. Lan keparenga pun kaki uga bakal paring wawasan ing babagan iki.”										
33.	Prabu Puntadewa “Nuwun inggih kados pundi, Eyang?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh.
42.	Raden Werkudara “Hwaaa. Mbarep kakangku, kaya wis cocok lan jumbuh yen ta jlitheng Kresna kakangku ingkang ngawaki dadi dutaning Pandhawa kang angka 3.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Unggah ungguh basa panutur ingkang boten sae.
45.	Prabu Matswapati “Th lha dalah, Putu Prabu Punta, iya pun kaki anekseni sing dadi karsaning Putu Prabu anggone tansah gandrung marang kautaman, tansah angreksa rahayuning bawana. Tumuli Putu Prabu enggal pasraha marang ingkang raka ing Dwarawati, Putu.”	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan, sarta mitra tutur ingkang langkung enem.
46.	Prabu Puntadewa (a) “Nun inggih Eyang, (b) mangke ta, Kaka Prabu ing Dwarawati.”	a. Mudha Krama b. Krama Inggil	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	a. Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan ngurmati mitra tuturipun ingkang langkung sepuh. b. Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan ngurmati mitra tuturipun ingkang langkung sepuh.
47.	Prabu Kresna “Wonten dhawuh pangandika, Yayi Aji?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan, sarta mitra tutur ingkang drajatipun inggil.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			<i>S</i>	<i>P</i>	<i>E</i>	<i>A</i>	<i>K</i>	<i>I</i>	<i>N</i>	<i>G</i>	
48.	Prabu Puntadewa “Mawali-wali para Pandhawa tansah andamel ribetipun Raka Prabu, teka ing mangke ri jengandika para Pandhawa nyuwun gungan dhateng Kaka Prabu, keparenga Kaka Prabu ing Dwarawati kersaa nyarirani minangka duta ingkang angka 3 inggih duta pamungkas.”	Basa Kedhaton	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan ingkang resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng
82.	Cangik “Apa aku mau kami tenggengen? Iya?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos raket kaliyan mitra tutur ingkang sami-sami abdi.
83.	Limbuk “Ora mung ndomblong, kaya sapi ompong.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos raket kaliyan mitra tutur ingkang sami-sami abdi.
91.	Limbuk “Lhaeee, lhae, apa mangkono iku kalebu disirik bebrayan ta Yung? yen pancen iku tindak kang ora becik wiwit saiki aku yo tak ngowahi tindakku. Mung olehmu ngandika kepengin selak ngudang putu iku, lan ora ana wong nakok-nakokake aku iki geseh karo kanyatane. Mangkene sejatine wis akeh para priya kang kepengin ngepek aku. Nanging aku sing durung gelem. Malah ana sing arep nyingseti barang, Yung, mung bae, aku durung tau matur Biyung.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur ingkang sami-sami abdi, raos kurmat kaliyan ingkang dipunginem.
92.	Cangik “E, apa iya? Lha apa sebabe kok tansah ora gelem?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur ingkang sami-sami abdi.
96.	Raden Utara “Putuku, Ngger wong sentosa dhadha baune, Werkudara pun Eyang nungsung pawarta, kepiye	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur , sarta raos kurmat dhateng tiyang ingkang dipunginem.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	pawartane kerampungane pasewakane ingkang Eyang Prabu, Ngger.” “Tumuli enggal wedharna marang pun Eyang, Werkudara.”										
100.	Tumenggung Margajaya “Raden nadyan ingkang abdi ing katemenggungan, Tumenggung Margajaya, ugi boten kantun keparenga nyadhong pawarta saking Paduka Gusti.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhateng mitra tuturipun.
102.	Raden Utara “Banjur, sapa ngger ingkang kepareng anyarirani mangka dutaning Pandhawa, Ngger?”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhumateng ingkang dipunginem lan raos raket kaliyan mitra tuturipun.
103.	Raden Werkudara “Eyang Utara, ingkang kepareng mangka dutaning Pandhawa ya duta pamungkas yaiku Kakang Prabu Kresna.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhumateng ingkang dipunginem.
106.	Raden Wratsangka “Lha sapa Ngger, ingkang kepareng ndherekake tindake sang duta agung prapteng negara Ngastina?”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhateng ingkang dipunginemaken.
107.	Raden Werkudara “Kresna kakangku ora kepareng didherekake sapa wae, amarga wis darbe pandherek dhewe, yaiku si Setyaki.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhateng ingkang dipunginemaken.
108.	Raden Utara “He Patih Nirbita, tumuli sawegakna para wadyabala saperlu kanggo angurmati tindaking sang duta agung,	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhateng ingkang dipunginemaken.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	amung wae perangen dadi rong pantha barisaning wadyabala.” “Saperangan rumeksa rahayuning praja dene saperangan nguntapake tindaking sang duta agung, aja kesuwen tumuli enggal dhawuhna mara para wadyabala.”										
109.	Patih Nirbita “Sendika ngestokaken dhawuh, Raden.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
111.	Raden Utara “Iya Patih Nirbita, sokur sekethi jumurung yen wis padha siyaga ing gati, metua njaba, dhawuhna sepisan dandan, kaping pindho ngumpul, dene kaping telune budhal.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Raos kurmat dhateng ingkang dipunginemaken.
112.	Patih Nirbita “Nuwun inggih sendika ngestokaken dhawuh.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
113.	Prabu Kresna “Adhimas Yuyudana.”	Kramantara	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur.
114.	Raden Setyaki “Kawula nuwun wonten dhawuh pangandika Kaka prabu?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
115.	Prabu Kresna “Ing dina iki mbok menawa beda banget lawan dina-dina kang wis kawuri, Yayi. Nggone Yayi Setyaki ndherekake lawan tindake pun kakang.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tuturipun.
116.	Raden Setyaki “Lajeng wonten wigatos punapa Kaka Prabu?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
120.	Raden Setyaki “Lajeng sinten ingkang badhe kakanthi andherekaken tindakipun Kaka Prabu?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
121.	Prabu Kresna “Andadekna karawuhanmu, Yayi, pun kakang ora kepareng didherekake sapa wae, amarga pun kakang uwis nggawa pandherek dhewe saka negara Dwarawati, mula Yayi, enggal tata-tata bakal ingsun kanthi tumuju prapteng negara Ngastina, Yayi.”	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tuturipun.
125.	Prabu Kresna “Setyaki, saiki pun kakang bakal takon marang jeneng sira.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tuturipun.
126.	Raden Setyaki “Inggih ing babagan punapa Kaka Prabu?”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
127.	Prabu Kresna “Sira apa ngerti kuwajibane dadi kusir?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tuturipun.
128.	Raden Setyaki “Kuajibanipun kusir menika njereng rendeng, ngudhak dedhak lan makani jaran.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung inggil drajatipun.
145.	Prabu Kresna “Menika kados Pukulun Kanekaputra, tuwin Sang Hyang Kanwa, Sang Hyang Janaka tuwin Bathara Ramapharasu.”	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka dewata.
146.	Resi Naradha “Iya Ngger Kresna, jeneng ulun lan para kadang Jawata kang mrepegi marang laku kita, mangka	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan ingkang boten resmi, panutur minangka dewata.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	pengawak dutaning Pandhawa. Jeneng ulun kadhawuhan dening Sang Hyang Manikmaya kinen anekseni marang lelakon iki, ya amarga lelakon iki kang bakal nemtokake lelakon sakteruse.”										
147.	Prabu Kresna “Ngaturaken gunging panuwun, Pukulun, dene lampah kula sineksenan dening para Jawata.”	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng dewata.
148.	Resi Naradha “Mara Kresna undhuna dhisik kretamu, ayo rembugan ana ing dharatan, Ngger Kresna.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem.
149.	Prabu Kresna (a) “Nuwun inggih sendika ngestokaken dhawuh Pukulun, (b) Yayi Setyaki, mara enggal udhunna kretane luwih dhisik, Yayi.”	a. Basa Kadewatan b. Basa Antya	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	a. Raos kurmat dhumateng dewata. b. Hubungan raket kaliyan mitra tutur.
152.	Prabu Kresna “Pukulun Naradha, Pukulun Kanwa, Pukulun Janaka, dalah Pukulun Ramapharasu, sakrawuh Paduka Pukulun ingkang wayah pun Kresna ngaturaken sembah sungkem pangabekti, Pukulun.”	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka para dewata.
154.	Bathara Kanwa “Iya-iya Ngger Kresna, banget ing panarima ulun, dening kita ngaturake bekti.”	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan boten resmi, dene panutur minangka dewata.
155.	Bathara Janaka “Iya Kresna, wis ulun tampa.”	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan boten resmi, dene panutur minangka dewata.
159.	Prabu Kresna “Nuwun inggih, kok ngantos semanten keparengipun	Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka dewata.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	kanjeng Pukulun?”										
167.	Resi Naradha “Lho iki rak kretamu ta, Ngger?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Drajat panutur ingkang langkung inggil lan langkung sepuh.
168.	Prabu Kresna “Inggihi menika kreta kula, namung wewenang sak wetahipun sampun kula pasrahaken dhateng Yayi Setyaki.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang drajatipun langkung inggil.
176.	Prabu Kresna (a) “Pukulun, ingkang wayah badhe minangkani pamundhut Paduka, (b) Yayi Setyaki, saiki dak jabel nggonmu dadi kusir lan siadhi mapan ana buri minangka <i>kernet</i> .”	a. Basa Kadewatan	√	√	√	√	√	√	√	√	a. Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka dewata.
		b. Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	b. Hubungan raket kaliyan mitra tutur.
177.	Raden Setyaki. “Kaka Prabu, wah inggihi kesangetan mlorotipun, wau dados kusir kok malih dados kalit, menika kados pundi.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang drajatipun langkung inggil.
198.	Prabu Salyapati (a) “Inggihi Sang Resi, badhe adhem manah kula. (b) Eh lha dalah wis tak ngati-ati nggonku micara parandene esih meksa ora kabeneran, jan-jane nggonku mrenges iki mung tilik anak mantu, gegandhengan anak mantu kepengin ingsun kudu melu ngudhari reruwed kapeksa ya ingsun melu cawe-cawe.” c) “He Karna, mantuku bocah bagus, mbok menawa	a. Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	a. Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh.
		b. Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	b. Micanten dhumateng dhiri pribadi.
		c. Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	c. Basa ingkang dipunginakaken ngoko ananging radi kasar amargi kawoworan nepsu, ananging ugi migunakaken tembung-tembung

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	Jagad iki nekseki yenta kowe bocah sing pinter micara, nganti wong wedok mbok apusi ora ngerti lan ora krasa, nyampar kuping lan pundhaking mara tuwa. Karna ing Pendhapa Ngastina iki akeh rerengan gupala-gupala, ngerti kowe gupala, gupala ki reca, reca mau saking pintere sing nggawe nganti kaya manungsa, jebul pendhapa iki ana manungsa sing kaya dene reca, mati rasane.”										krama inggil dhumateng ingkang dipunginem ugi tembung kasar.
200.	Resi Bhisma “Ngger Anak Prabu, sumangga kula dherekaken lenggah nggih, Ngger.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang inggil drajatipun.
201.	Prabu Salyapati “Inggih mangga Panembahan, mangga Ngger Anak Prabu kula dherekaken lenggah.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh lan ingkang drajatipun inggil.
217.	Resi Bhisma “Putu Prabu, dak suwun Putu Prabu kersa ndhahar ature pun kaki, kang wus dak aturake, Putu.”	Wredha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan.
220.	Prabu Duryudana “Ibu, menika wonten menapa Ibu? Lajeng kanjeng Ibu ngasta curiga?”	Basa Kedhaton	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan .
225.	Dewi Gendari “Duryudana, yenta bakal ndhahar marang pangandikane pun Ibu, sira kudu gelem njabel tembungmu sing uwis kok ucapake.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka putranipun piyambak ingkang minangka ratu agung.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			<i>S</i>	<i>P</i>	<i>E</i>	<i>A</i>	<i>K</i>	<i>I</i>	<i>N</i>	<i>G</i>	
226.	Prabu Duryudana “Inggih Ibu, menawi kersa Paduka mekaten, badhe kula jabel pangandika kula, nuwun para pepundhen ingkang lenggah ing mriki, mugi Jagad neksenana, Ngamarta Ngastina, tetep kula kekahi sanadyan sedumuk bathuk sanyari bumi, menika ingkang dados kerampungan kula.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan sarta ngormati Ibunipun.
232.	Prabu Kresna “Yayi Prabu, kula aturi enged sabda raja ratu, brahmana pandhita datan kenging wola-wali lho, Yayi.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan lan pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka ratu agung.
233.	Prabu Duryudana “Alah, menggahing Prabu Kurupati babagan ngaten menika sampun biasa, kok le enak, negara mung diwenehake ngono wae.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur minangka ratu agung sampun nilar subasita sarta kawoworan nepsu.
234.	Pandhita Durna “Oh lole-lole, kenthos waloh genjor monyor-monyor blegudhug ho weloh, Anak Prabu kula aturi enged sabda raja nggih Ngger, boten kenging wola-wali.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem sarta minangka muridipun piyambak.
237.	Patih Sengkuni “Sinuwun Dwarawati kula suwun nekseni.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan sarta ngormati mitra tutur minangka ratu agung.
238.	Prabu Kresna “Menika menapa, Paman?”	Kramantara	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung andhap drajatipun.
241.	Dursasana “Kaka Prabu, kula aturi mriksani, Kaka Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Ngormati mitra tutur minangka ratu agung ugi langkung sepuh.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
242.	Prabu Kresna “Apa kuwi, Dursasana?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem lan drajatipun langkung andhap.
243.	Dursasana “Menika wujudipun ingkung, nuhoni prentuling batos kula, Kaka Prabu, menika ingkung badhe kula potheng-potheng, na-na, menika sasampunipun kula potheng-potheng lajeng kula aturaken dhateng Kaka prabu. Kaka Prabu kula aturi nekseni, para Pandhawa badhe kalampahan nggayuh nagara Ngamarta lan Ngastina menawi Dursasana sampun pinotheng-potheng raganipun kados dene ingkung menika, Kaka Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan sarta ngormati mitra tutur minangka ratu agung.
244.	Prabu Kresna “Dursasana, bakal mandi sing dadi ucapmu, Dursasana.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem lan drajatipun langkung andhap.
248.	Prabu Kresna “Yayi Prabu Duryudana, kados pundi, kewala taksih kula entosi sakweninging penggalih Paduka, amargi anggen Paduka paring dhawuh taksih kaworan nepsu.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan sarta ngormati mitra tutur minangka ratu agung.
249.	Prabu Duryudana “Bola-bali mung dipeksa kon balekake negara Ngamarta lan Ngastina wae, tetep dak kukuhi negara sing wis dadi kamuktene Prabu Duryudana.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur sampun nilar subasita sarta kawoworan nepsu.
255.	Raden Burisrawa “Lha dalah, jebul Bungkik sing dadi kusir, parat, parandene ora ngerti marang pranatan soka sapa wae	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur ingkangduka dhumateng mitra tutur amargi nganggep mitra tuturipun

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	kang mapan ana negara Ngastina kudu manut marang pranatan negara Ngastina. He Bungkik, yenta sing njaga sitihinggil ki Burisrawa, gegandhengan sira wus ninggal marang tata krama, manuta dak pidana, Bungkik.”										sampun nglanggar pranatan.
257.	Raden Burisrawa “Bungkik mung kanggo alesan, parat, ora manut dak pidana, Bungkik.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur ingkang kawoworan nepsu.
258.	Raden Setyaki “Ing ngatase sipating werjit, cacing wae yen kepidak kojel-kojel, apa aku sipating manungsa mung meneng wae?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan boten resmi wonten ing plataran pendhapa sarta mitra tutur ingkang sami drajatipun.
259.	Raden Burisrawa “Ha klakon legandhang dening aku.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan boten resmi wonten ing plataran pendhapa sarta mitra tutur ingkang sami drajatipun.
260.	Raden Setyaki “Janji ora oncat, abor mustakamu.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur ingkang kawoworan nepsu anggenipun micanten.
261.	Raden Burisrawa “Hayo obaha kowe Bungkik, yen wis dak kempit ngene iki apa arep bangga sira, Bungkik.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur ingkang kawoworan nepsu anggenipun micanten.
268.	Prabu Kresna “Saiki kandhega semene dhisik, Setyaki, tutugna suk ben wae.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur ingkang langkung enem.
269.	Raden Setyaki “Kok njing ben kados pundi? Sakmenika mumpung kepanggih dijak perang, nek njing ben nek kepengin	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur ingkang langkung sepuh.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	dadak goleki maneh.”										
270.	Prabu Kresna “Iki apa ta iki, wong dijak rembugan penting malah gleyengan cah iki, Setyaki, dak jarwani ya dhi, gegandhengan nggonku minangka pangawak Dutaning Pandhawa dina iki gagar wigar tanpa karya, sing tegese Prabu Duryudana nyukengi marang kamuktene.” “Ateges ora suwe maneh perang gedhe sing nggegirisi kang nggawa korban jiwa lan harta sing ora sethithik mau bakal kaleksanan, Setyaki, mula perangmu karo Burisrawa tutugna suk ben dhi, saiki sumbarana wae.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Hubungan raket kaliyan mitra tutur ingkang langkeng enem.
271.	Raden Setyaki (a) “E ngaten, jane mumpung dijak perang gek thes-thes bres, glinthing-glinthing ngono.” (b) “Inggih menawi kersanipun Kaka Prabu kados mekaten, ri Paduka namung sendika anglampahi.” (c) “He Kakang Burisrawa, nggone padha pasulayan disigeg semene dhisik, ditutugne besuk ngenteni wahyaning mangsa kala ing madyaning perang Baratayudha.”	a. Madya Ngoko b. Krama Inggil c. Ngoko Lugu	√ √ √	√ √ √	√ √ √	√ √ √	√ √ √	√ √ √	√ √ √	√ √ √	a. Micanten dhateng dhiri pribadi. b. Ngormati mitra tutur ingkang langkung sepuh lan drajatipun inggil. c. Mitra tutur drajatipun sami kaliyan panutur.
272.	Raden Burisrawa “He saiki wae, Bungkik, aku kebacut kaya ngene.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitar tutur drajatipun sami kaliyan panutur, dene panutur taksih migunakaken tembung kasar.
273.	Raden Setyaki “Ora Kakang, besuk wae, saiki dicukupi semene wae.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitar tutur drajatipun sami kaliyan panutur.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
275.	Prabu Kresna “Yayi Setyaki, ayo enggal padha bali awahana rata maneh, Yayi, iki ana tilasing rodha kreta Jati Surya, pun kakang kal nungka marang tindake Yayi Karna, Setyaki.”	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Ngormati ingkang dipunginem, dene mitra tuturipun langkung enem.
276.	Raden Setyaki “Inggih sumangga, Kaka Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka ratu agung sarta langkung sepuh.
278.	Emban Kepet Mega “Sayogi Sinuwun, swawi kula aturi enggal paring dhawuh dhateng ingkang abdi emban Kepet Mega.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka ratunipun.
279.	Prabu Kala Srenggi “Biyung kang hanjalari petenging atiku ora ana liya, muhung sedane kanjeng Rama Prabu, miturut dongenge ngakeh jere sedane kanjeng Rama iku kaya dene kedadak, biyung banjur sapa kang hanjalari sedane kanjeng Rama, Biyung. Durung lega rasaning atiku yenta durung malesake sedane kanjeng Rama, Biyung.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun sarta ngormati ingkang dipunginem.
280.	Emban Kepet Mega “Dhuh Sinuwun menawi Paduka mundhut priksa ing babagan menika ingkang abdi boten mangertos, ngengeti bilih kula menika wonten ing mriki dados abdi enggal.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhumateng mitra tutur minangka ratunipun.
281.	Prabu Kala Srenggi “Oh iya, nganti supe jeneng ingsun, lha ingsun kudu	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	mundhut katrangan marang sapa Biyung, murih enggal dadi padhang rasaning atiku.”										
287.	Prabu Kala Srenggi “Kowe ya ndherek, Pedhut Segara?”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun ananging langkung sepuh.
288.	Pedhut Segara “Ndherek, teng pundi kemawon kula ndherek.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka ratunipun.
291.	Prabu Kala Srenggi “Pedhut Segara, kowe ya ngerti?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun.
292.	Pedhut Segara “Ngertos wong kula ndherek.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka ratunipun.
299.	Bhagawan Jaya Wilapa (a) “Hong wilaheng sekaring bawana langgeng, tansaha paring pangayoman marang sagung tumuwuh.” (b) “Mengko ta putraku nini Dewi Ulupi padha becik sak sowanira nini, ana ngarsane pun bapa, Ngger.”	a. Mudha Krama b. Antya Basa	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	√ √	a. Micanten dhateng dhiri pribadi ingkang wosipun pepujan dhumateng Gusti. b. Mitra tutur minangka putranipun ingkang langkung enem.
305.	Bhagawan Jaya Wilapa Banget panarimane pun kaki Ngger, dene sira ngaturake bekti marang pun Eyang, amung pangestune Eyang wae dikebat tampanana, Irawan.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tuturipun minangka wayahipun.
306.	Bambang Irawan “Eyang, sampun kula tampi ing asta kalih paring pangestu saking kanjeng Eyang, mugi andayanana dhateng yuwananing gesang kula.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tuturipun minangka Eyang sarta gurunipun.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
326.	Cantrik “O tak banting sisan, kowe.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur kaliyan ingkang dipunginem sami-sami abdi.
327.	Bagong “Piye, wanda kaya biting ngono wae arep mbanting.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur kaliyan ingkang dipunginem sami-sami abdi.
345.	Semar “Haih, Panembahan, kula inggih badhe nyuwun pamit, Panembahan.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tuturipun minangka bendaranipun.
346.	Bhawagan Jaya Wilapa “Iya-iya Kyai, sira dak dadekake kerta wedana, kerta iku gajah, wedana iku sрати. Gajahe Irawan sratine Kyai Semar.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√		Mitra tuturipun minangka abdi.
349.	Gareng “Panembahan, paduka ngersakaken gendhing menapa, Panembahan?”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka bendaranipun.
350.	Bhagawan Jaya Wilapa “Sakarepmu Nala Gareng, waton sing laras-laras bisa nuju prana marang rasaku.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun.
351.	Cantrik “Ah anu Kang, Randhu Kentir mawon, Kang, Randhu Kentir bawane nika, dhuh Kusuma, nika lhe Kang.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi, ananging kirang raket.
356.	Bagong “Ya no, taune krungu asu mbaung, krungu Uler Kambang, terus turu dadakan.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.
357.	Cantrik “Ya ben ta, nyet eneke kene swara asu mbaung, kok	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
	crewet.”										
358.	Petruk “Bagong ki nek karo Cantrik kok lik sentimen.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.
367.	Bagong “Kaya Cantrik kuwi, peh le wedok bodyne fit we metu sithik diancem, mangka arep arisan PKK.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.
368.	Cantrik “Ya men ta, crewet, tak ancema ora wong kuwi bojoku dhewe.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.
373.	Dewi Ulupi “Iya-ya Petruk, iki enya dak tambahi sangu kanggo kulawargamu ing omah, Petruk.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun.
374.	Petruk (a) “Ha inggih matur nuwun, (b) Dhi Cantrik, kula nyuwun pamit nggih, Dhi Cantrik.”	a. Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	a. Mitra tutur minangka bendaranipun. b. Mitra tutur sami-sami abdi.
		b. Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	
375.	Cantrik “Inggih Kang, anu inggih Kang, menawi benjing tindak mriki malih, panjenengan betakaken notasi lan cakepan langgam ali-ali inggih, Kang.”	Madya Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi, ananging langkung sepuh.
376.	Bagong “Wong ali-aline wis didol nggo ngliwet kok kon nggawa.”	Madya Ngoko	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.
377.	Cantrik “O, wong ki nek sentimen, kok jer ngowahi wae.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur sami-sami abdi.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
387.	Banyak Calora “Hanya-hanyah mandheg satriya, mandheg, adol kuwanen parat, wanoh wani liwat alas iki, apa wis bosen urip, parat, ayo ngakua, aja mati tanpa aran.”	Basa Kasar	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur minangka raksesa ingkang boten gadhah unggah ungguh.
388.	Bambang Irawan “Babo-babo, abane macia-cia, kumawasa, kumawani, kena tanganku mangsa mindho gaweni, ayo ngakua dak takoni.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka satunggaling raksesa ingkang boten gadhah unggah ungguh.
391.	Banyak Calora “Banjur menyang ngendi sedyamu?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur minangka raksesa ingkang boten gadhah unggah ungguh.
392.	Bambang Irawan “Amung ngetutake tindakan suku kedheping netra.”	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka satunggaling raksesa.
397.	Banyak Calora “Ndas buta pating jenggeleg, rambut buta pating jebobok.”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Panutur minangka raksesa ingkang boten gadhah unggah ungguh.
398.	Bambang Irawan “Dak sampar, dak sandhung rambut gubet pada, dak pagas curiga.”	Basa Kedhaton	√	√	√	√	√	√	√	√	Panganggening basa dening panyerat ingkang boten tetep.
407.	Petruk “Kados pundi mimpang, menapa kawon, Gus?”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka bendaranipun.
408.	Bambang Irawan “Petruk, aku durung kalah, nanging ingkun iki gila marang gandaning raksesa, angganda amis lan bacin. Petruk, mara enggal pundhutna jemparingku, Petruk.”	Basa Antya	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka abdinipun, ananging langkung sepuh.
415.	Adipati Karna “Sumangga Kaka Prabu, kula dherekaken.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhateng mitra tutur minangka ratu agung.

Tabel Salajengipun

No. Data	Data	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			S	P	E	A	K	I	N	G	
416.	Prabu Kresna “Paran wigatine Yayi, dene Yayi Adipati Karna kongsi nilar pasamuwan, kamangka pasamuwan wau dereng paripurna, Yayi?”	Wredha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem lan langkung andhap drajatipun.
422.	Prabu Kresna “Yayi Karna, dak waspadakake si Adhi kok kaya anyimpen sesandining karsa ingkang piningit, mbok iyaa menawi kepareng, pun Kakang kepengin midhangetake, Yayi.”	Wredha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur langkung enem lan langkung andhap drajatipun.
423.	Adipati Karna “Nuwun inggih Kaka Prabu, kula pitados inggih namung Paduka ingkang saged anyimpen dhateng wewadosing gesang kula, Kaka Prabu.”	Krama Inggil	√	√	√	√	√	√	√	√	Pakurmatan dhua mteng mitra tutur minangka ratu agung.
450.	Dewi Kunthi “Iya Kresna, pun Bibi enggal tumuli kondur marang praja Wiratha, awit aku kepengin anunggoni marang para putraku nggone bakal anumpes angkara murka saka lumahing bumi, nanging Kresna, luwih dhisik pun bibi kepengin bakal ketemu kadangmu kang pembayun, Kresna.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka sadherekipun ingkang langkung enem.
451.	Prabu Kresna “Sinten Bibi?”	Kramantara	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka sadherek ingkang langkung sepuh.
476.	Dewi Kunthi “Iya Kresna, pancen wus puguh kadangmu, Basukarna. Kresna ayo enggal tumuli prapteng negara Wiratha, Kresna.”	Antya Basa	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka sadherek ingkang langkung enem

Tabel Salajengipun

No. <i>Data</i>	<i>Data</i>	Jinis Undha Usuk	Prekawis ingkang Ndayani								Katrangan
			<i>S</i>	<i>P</i>	<i>E</i>	<i>A</i>	<i>K</i>	<i>I</i>	<i>N</i>	<i>G</i>	
477.	Prabu Kresna “Swawi kula dherekaken, Bibi.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tutur minangka sadherek ingkang langkung sepuh.
518.	Prabu Kresna “Kacarita, nalika semanten pangandikanipun Yayi Prabu Duryudana, sakonduripun para Jawata, saking nglebet kedhaton medal Bibi Dewi Gendhari, sampun angasta curiga.”	Basa Kedhaton	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan Wiratha.
519.	Prabu Matswapati “Gendhari, Mbakyune Sengkuni?”	Ngoko Lugu	√	√	√	√	√	√	√	√	Mitra tuturipun langkung enem.
520.	Prabu Kresna “Inggih Mbakyunipun, Patih Sengkuni.”	Mudha Krama	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan, pakurmatan dhumateng mitra tutur ingkang langkung sepuh.
521.	Prabu Matswapati “Lha arep dinggo apa nggawa curiga?”	Basa Kedhaton	√	√	√	√	√	√	√	√	Kawontenan resmi wonten ing pasewakan Wiratha.

Katrangan:

A : Act sequences

K : Keys

E : Ends

N : Norms

G : Genres

P : Participants

I : Instrumentalities

S : Setting and Scene